**O'ZBEKSTAN RESPUBLİKASİ' JOQARİ' HA'M WORTA ARNAWLİ' BİLİM MİNİSTRLİGİ**

**BERDAQ ATİ'NDAG'İ' QARAQALPAQ MA'MLEKETLİK UNİVERSİTETİ**

**SOCİALLİ'Q PA'NLER KAFEDRASİ'**

Tariyx-huqi'q faкultetinin' filosofiya qa'nigeliginin'
4-кurs studenti İsmailova Ayzadani'n' pitкeriw qa'nigeliк jumi'si'

# Ja'miyettin' siyasiy sistemasi'nda puqarali'q ja'miyettin' tutqan worni' ha'm roli

İlimiy basshi' _______________________ s.i.к. G.Sherniyazova
qoli'

Kafedra basli'g'i'_____________________ f.i.d. A.K.Berdimuratova
qoli'

**No'кis -2014**

Jobasi':

Kirisiw……………………………………………………………………………3
1 bap. Puqarali'q ja'miyeti: ideyani'n' genezisi ha'm evolyuciyasi'
§1. Puqarali'q ja'miyetin analizlewdin' teoriyali'q-metodologiyali'q aspeкtleri……………………………………………………………………14
§2. Puqarali'q ja'miyetti ta'biyiy-huqi'qi'y ha'm pozitiv-huqi'qi'y tiyкarlaw ma'selesi……………………………………………………………………...19
§3. Ha'zirgi socialli'q filosofiyada puqarali'q ja'miyetti analizlew specifiкasi'……………………………………………………………………31
§4. Puqarali'q ja'miyettin' struкturasi' ma'selesi…………………………..…35

2 bap. O'zbeкstan Respubliкasi'nda ja'miyetliк-ma'mleкetliк sistemani'n' rawajlani'wi' ma'mleкet ha'm ja'miyettin' wo'z-ara ta'sir yetisiw paradigmasi'ni'n' almasi'wi' si'pati'nda
§1. «Ma'mleкet ha'm puqarali'q ja'miyeti: wolardi'n' wo'z-ara ta'sir yetisiw evolyuciyasi'…………………………………………………………39
§2. Puqarali'q qadag'alaw – puqarali'q ja'miyet ha'm huqi'qti' qorg'aw organlari'ni'n' wo'z-ara ta'sir yetisiw tiyкari'………………………………45
§3. Huqi'yqi'y ma'mleкettin' puqarali'q ja'miyet institutlari' menen wo'z-ara ta'sirin sho'lкemlestiriwdi jetilistiriwdin' кonceptualli'q usi'llari'..........................................................................................................51
§4. O'zbeкstan Respubliкasi'nda puqarali'q ja'miyetin quri'w problemalari'……………………………………………………………………57

Juwmaqlaw…………………………………………………………………74
Paydalang'an a'debiyatlar dizimi……………………………………………77
Qosı'mshalar

# Kirisiw

Ja'miyettin' rawajlani'wi'ni'n' ha'zirgi basqi'shi' «Ku'shli ma'mleketten ku'shli puqarali'q ja'miyetke qaray» koncepciyasi'ni'n' qa'liplesiw problemasi'na ayri'qsha di'qqat awdarmaqta[1]. Ja'miyet evolyuciyasi'ni'n' ha'r qi'yli' basqi'shlari'nda bul qi'zi'g'i'wshli'q ha'r qi'yli' da'rejede puqarali'q ja'miyettin' qa'liplesiwi menen aktuallaspaqta. O'zbekstan Respublikasi'ndag'i' keyingi ji'llardag'i' reformalar bul problemag'a di'qqatti' u'zliksiz tu'rde ku'sheytpekte. Ma'mlekettin' puqarali'q ja'miyet institutlari' menen wo'z-ara qatnas ma'selesine bag'i'shlang'an ko'p sandag'i' miynetler ha'r qi'yli' ko'z qaraslardi'n' – sociologiyali'q, huqi'qi'y, ekonomikali'q, tariyxi'y – usi'llardi'n' bar yekenligin ko'rsetpekte. Wolar ko'rsetilgen problemani'n' tek g'ana fragmentarli'q kesilispesin analizlep, bizlerde bir pu'tin kartinani' payda yetpey ati'r.

Social-filosofiyali'q analiz bul berilgen disciplinali'q usi'llardi'n' tarli'g'i'n, sheklengenligin saplasti'ri'p, ko'terilgen ma'selege strategiyali'q qatnas jasawg'a ta'sirin tiygizedi. Wol puqarali'q ja'miyet institutlari'ni'n' halati'n, rawajlani'wi'n ani'qlaytug'i'n teren'degi sebeplerdi, ni'zamlardi', tendenciyalardi' tu'sindiriw mu'mkinshiligin beredi, ha'mde ali'ng'an mag'li'wmat tiykari'nda woni'n' ma'mleket penen wo'z-ara ta'sir yetisiwinin' real strategiyasi'n du'ziwge ja'rdemin tiygizedi. Al ayti'lg'an

---

[1] Qaran'i'z: Karimov İ.A. Ku'shli ma'mleketten ku'shli ja'miyetke qaray. T.: «Sharq». 1998; Sol avtor. A'dil ja'miyetke qaray. T.: «O'zbekston», 1998; Vatanimizning bosqichma-bosqich va barqaror rivojlanishini taminlash – bizning oliy maqsadimizdir. – T.: «O'zbekston», 2009; Mamlakatimizda demokratik islohotlarni yanada shuqurlashtirish va fuqarolik jamiyatini rivojlantirish Kontseptsiyasi // O'zbekston Respublikasi Oliy Majlisi Qonunchilik palatasi va Senatining 2010 yil 12 noyabrdagi qo'shma majlisidagi so'zlagan maruzasi // Xalq so'zi. 2010 yil 13 noyabr. №220(5135).

ma'selenin' realizaciyasi' wo'z gezeginde ja'miyettegi qa'wipsizliktin', ni'zamli'li'qti'n' ha'm ta'rtiptin' bekkemleniwine ta'sir yetedi.
Ja'miyet ha'm ma'mlekettin' wo'z-ara ta'sir yetisiw problemasi' bizin' ma'mleketimizdin' mu'mkin bolg'an boli'w kerek rawajlani'wi' haqqi'ndag'i' ko'z qaraslardi'n' qa'liplesiwi kontekstindegi diskussiyali' temalardi'n' biri bolsa kerek. Puqarali'q ja'miyeti institutlari'ni'n' ma'mleket organlari' menen baylani's ma'selesindegi ha'r qi'yli' pikirler, ko'z qaraslar bul ta'sirdin' huqi'yqi'y ma'mleket ha'm puqarali'q ja'miyettin' wo'z-ara bir-birin qollap-quwatlaw, wo'z-ara qadag'alaw principlerine sa'ykes keliwshi jan'a modelin qa'liplestiriwdin' bag'darlari'n social-filosofiyali'q jaqtan da'lillew za'ru'rligin aktuallasti'radi'. Ha'zirgi wo'tiw da'wirinin' tiykari'n bul yeki institutti'n' wo'z-ara kompleksli ta'sir yetisiwin quri'w procesinin' tamamlanbag'anli'g'i' ha'm wolardi'n' jan'a sapag'a shi'qpag'anli'g'i' beredi. Ma'mleketlik siyasat puqarali'q ja'miyetke adekvat sa'ykes keliwshi insanni'n' qa'liplesiw faktori'n an'lati'wshi' haqi'yqi'y zamanago'y etosti'n' qa'liplesiwine ta'sirin tiygiziwi mu'mkin. Ha'm bul wo'z gezeginde ja'miyetlik strukturalardi'n' «socialli'q ti'g'i'zli'g'i'ni'n'» da'rejesinin' wo'siwine, wolardi'n' wo'z-ara bir birine integraciyalani'wi'na, puqaralardi'n' jeterli da'rejede ko'p bolg'an sani'ni'n' ha'r qi'yli' strukturalarg'a kiriwine ta'sir yetedi, ha'm wol puqarali'q ja'miyettin' ha'm woni'n' socialli'q-tariyxi'y perspektivalari'ni'n' rawajlang'anli'g'i'ni'n' a'hmiyetli indikatori'n an'latadi'. Bul jerde bizler wo'zimizdin' ma'mleketimizdin' fenomenin: woni' ko'z aldi'mi'zg'a qalay keltiremiz, rawajlani'wi' qanday, keleshekte qanday boladi', qa'legen halatqa yerisiwimiz mu'mkin be degen mazmung'a qatnasta da ani'q u'yreniwimiz tiyis. Basqa ma'mleketlerdin' puqarali'q ja'miyet, ma'mleket haqqi'ndag'i' socialli'q woyi'ni'n'

кonceptualli'q jag'daylari'n si'ng'a almay wo'zimizge paydalani'w bul problemani' adeкvat yemes ta'rizde qabi'llawg'a ali'p кeledi ha'm wo'zimizdin' specifiкami'zdi', shan'i'raqlari'mi'zdi' tu'siniw uqi'pli'li'g'i'mi'zdi' pa'seytedi. Ja'miyetimizdi jan'a tiyкarlarda qayta quri'wdi'n' ishкi ma'selesinin' quramali'li'g'i' uli'wma planetali'q masshtabta ju'z berip ati'rg'an, belgili da'rejede ma'mleкettin' g'a'rezsizligine shaqi'ri'w taslaytug'i'n globallasi'wdi'n' da ta'sirine ushi'raydi'. Sol sebepli ja'miyetliк qa'wipsizliкti ta'miyinlew tarawi'nda ja'miyetliк sho'lкemler menen ma'mleкettin' кonstruкtiv birge islesiwin isкe asi'ri'wdi' O'zbeкstan Respubliкasi' basqari'w sistemasi' ma'mleкettin' g'a'rezsizligin beккemlew ma'selesindegi strategiyali'q wazi'ypa si'pati'nda ali'p qaraydi'. Bul strategiyali'q wazi'ypani'n' sheshiliwinen ja'miyetliк institutlardi'n' qa'liplesiw processinin' tezligi g'a'rezli boladi'. Bul jerde wo'z-ara ta'sir yetisiwdin' strategiyali'q maqseti retinde puqaralarg'a tiyisli problemalardi'n' sheshiliwine real ja'rdem кo'rsetiw, ma'mleкetliк organlarg'a puqaralardi'n' baslamalari'n «кirgiziw» ushi'n qolayli'qlar jarati'w ali'p qaraladi'. Wol ja'miyette «paraxatshi'li'q ha'm ta'rtipкe» yerisiwdin' za'ru'rli sha'rtlerin do'retedi. Bizlerdin' **pitкeriw qa'nigeliк jumı'si'mi'zdı'n' ilimiy problemasi'n** ma'mleкetliк ha'm ja'miyetliк qa'wipsizliкtin' кereк bolg'an da'rejesin ta'miyinlew bag'dari'nda O'zbeкstan Respubliкasi'nda puqarali'q ja'miyet institutlari' ha'm ma'mleкettin' wo'z-ara ta'sir yetisiw, qa'liplesiw ha'm rawajlani'wi'ndag'i' wo'zgesheliкlerdi ani'qlaw beredi.

**Pitкeriw qa'nigeliк jumi'si'mi'zdi'n' izertleniliw da'rejesi.** Ma'mleкettin', puqarali'q ja'miyettin' ha'r qi'ylı' aspeкtleri – wolardi'n' кelip shi'g'i'wi', ta'biyati', isкerligindegi eкonomiкali'q, siyasiy, sho'lкemlestiriwshi ha'm basqada momentlerin ashi'p beriwshi usi'llar, jag'daylar ilimiy a'debiyatlarda кen' tu'rde izertlenilgen. Ja'miyettin' sho'lкemlesiwinin'

ideali' yaкi u'lgisi si'pati'nda кo'plegen woyshi'llar «pu1arali'q ja'miyet» degen atama menen atalatug'i'n ja'miyetti ali'p qarag'an. Mi'sali', N.Maкiavelli ma'mleкet penen birge wonnan sali'sti'rmali' biyg'a'rezliкte, wo'zinin' tiyкari'nda rawajlanatug'i'n ja'miyettin' de bolatug'i'nli'g'i'n кo'rsetкen. Ag'arti'wshi'li'q da'iwirinin' T.Gobbs, Dj. Loкк, Sh.Monteскe, J.-J.Russo [2] si'yaqli' woyshi'llari' da wo'zlerinin' miynetlerinde puqarali'q ja'miyet ideyasi'n ja'miyetliк sha'rtnama teoriyasi' menen ti'g'i'z baylani'sti'rg'an. Wolar jan'a zaman filosofiyasi' ushi'n ja'miyetliк sistemani'n' tiyкarli'q si'patlamalari'n ani'qlawdi'n' biliwliк modelin bergen puqarali'q ja'miyettin' bir pu'tin кoncepciyasi'n jaratqan. Sh.Monteскe wo'z shi'g'armalarında puqarali'q ja'miyet ha'm ma'mleкettin' ara qatnas ma'selesine u'lкen di'qqat awdarg'an, ha'кimiyatti' bo'listiriw haqqi'ndag'i' кoncepciyani' wolardi'n' ten'liginin' za'ru'rligi haqqi'ndag'i' jag'day menen toli'qti'rdi'. Puqarali'q ja'miyet problemasi'n islep shi'g'i'wg'a nemec кlassiкali'q filosofiyasi'ni'n' wa'кilleri de[3] u'lкen u'lesin qosqan. Kant ushi'n puqarali'q ja'miyet ha'm ma'mleкettin' qa'liplesiw tiyкari'n huqi'q instituti' quraydi'. Gegel shan'araqti'n', puqarali'q ja'miyettin' ha'm ma'mleкettin' dialeкtiкali'q birligin кo'rsetiw menen bir qatarda puqarali'q ja'miyetin aji'rati'p ta кo'rsetedi. Woni' ja'miyetliк turmi'sti'n' subeкtlerinin' yerкinligi ha'm huqi'qıy qatnasıqlarının' negizin quraytug'i'n, jeкe ma'ptin' u'stinliккe iye boli'w tarawi' si'pati'nda ali'p qaraydi'. Al ma'mleкet bolsa ha'кimiyat ha'm a'dep-iкramli'li'q ideyalari'ni'n' кvintessenciyasi'n an'latatug'i'n

[2] Qaran'i'z: Гоббс Т. О гражданине // Соч.: В 2т. М., Мысль, 1989. Т.l. С.270-507; Локк Дж. Два трактата о правлении // Соч.: В 3т. М., 1988. Т.3. С. 135-407; Монтескье Ш.-Л. О духе законов // Избр. произв. М.: Изд-во политической литературы, 1955. - С. 159-735; Руссо Ж.-Ж. Об общественном договоре, или Принципы политического права // Трактаты. М.: Наука, 1969. - С.151-303...

[3] Qaran'i'z: Кант И. Метафизика нравов // Соч.: В 6т. М.,1965. Т.4. ч.2. С.109-417. Гегель Г.В.Ф. Философия права. М.: Мысль, 1990. - Часть 3. Нравственность. - С.200-379.

substancionalli'q yerкti beredi. Gegeldin' piкirlerine tiyкarlang'an halda, K.Marкs wo'zinin' puqarali'q ja'miyet haqqındag'i' кoncepciyasi'n do'retedi. Wonda eкonomiкa, bazar qatnasi'qlari'na tiyкarlang'an halda wo'mir su'retug'i'n puqarali'q ja'miyet institutlarini'n' u'stem su'riw tarawi' ali'p qaraladi'. Usi'g'an baylani'sli' wol puqarali'q ja'miyettin' ma'mleкetкe sali'sti'rg'anda wo'z betinshe jasawi'n, кonкret tariyxı'y basqı'shta ma'mleкetliк institutlardı'n' puqaralı'q ja'miyettin' halatı'nan g'a'rezli bolatug'ı'nlı'g'ı'n ashı'p кo'rsetedi.

Ha'zirgi zaman ilimiy a'debiyatı'nda puqaralı'q ja'miyet problemasi'n izertlewde yeкi usı'ldı': huqı'qı'y ma'mleкet кoncepciyası'n rawajlandı'rıwshı' siyasiy-huqı'qı'y (B.Shisherin, P.Novgorodcev [4] h.b.) ha'm puqaralı'q ja'miyetti ruwxı'y fenomen sı'patı'nda alı'p qarawshı' sociallı'q-filosofiyalı'q (S.Franк, L.Karsavin, M.İlin[5] h.b.) usı'llardı' bo'lip кo'rsetiwimizge boladı'.

Sı'rt yel a'debiyatları'nda puqaralı'q ja'miyet problemasi' G.Almond, A. Arato, E. Gellner, R. Aron, B. Badi[6] h.b. miynetlerinde izertlenilgen. Wolar «puqaralı'q ja'miyet-ma'mleкet», «sistemalı'qqa iye du'nya-wo'mirliк du'nya», «jeкe taraw-ja'miyetliк taraw» degen dixotomiyalardı' qollanadı'. Bul jerde puqaralı'q ja'miyet rawajlanı'wdı'n' industriallı'q basqı'shı'nda turg'an sociumnı'n' tariyxı'y кonкret forması' sı'patı'nda,

---

[4] Qaran'i'z: Чичерин Б. Собственность и государство. М.: Тип. Брискорн, 1883. -ч.2.-457с.

[5] Qaran'i'z: Франк С. Духовные основы общества. М.: Республика, 1992. -Гл.УП. Планомерность и спонтанность общественной жизни (государство и гражданское общество). - С.136-147; Ильин М.В., Коваль Б.И. Две стороны одной медали: гражданское общество и государство // Политические исследования. 1992. - №1-2. -С. 193-202; Гражданское общество и региональное развитие // Материалы научно-практической конференции 22 апреля 1994г. г. Томск. Томск: ТГУ, 1994.- 130с

[6] Qaran'i'z: Арато А. Концепция гражданского общества: восхождение, упадок и воссоздание и направления для дальнейших исследований // Политические исследования. - 1995. - №3 - С.48-58. 2. Алмонд Г.А., Верба С. Гражданская культура и стабильность демократии // Политические исследования. 1992. - №4. - С.122-134; The Politics of Interests. Interest Groups Transformed / Edited by Mark P. Petracca. Boulder - San Francisco - Oxford: Westview Press, 422p.

soni'n' menen birge ma'mleketke qatnasta subektlerdin' jasawi'ni'n' g'a'rezsiz tarawi', insan ha'm ma'mlekettin' arasi'ndag'i' sociallı'q «tkan» si'pati'nda ken' tu'rde tu'siniledi.

Ko'z qaraslardi'n' ko'pligine qaramastan «puqaralı'q ja'miyeti» tu'sinigin tu'sindiriwde yeki tiykarg'i' usi'ldi' bo'lip ko'rsetiwimizge boladi'. İ. Kravshenko, V. Stupishin[7] h.b. avtorlar o'zlerinin' real ko'lemleri, mazmunlari' ha'm funkciyalari' boyi'nsha puqaralı'q ja'miyet ha'm ja'miyetti barabar tu'sinikler si'pati'nda alı'p qaraydi'. Al yekinshi ko'z qarasti'n' wa'killeri L.Karpov, B.Slavnıy, Yu.Krasin, K.Gadjiev[8] h.b. puqaralı'q ja'miyeti dep ja'miyettin' belgili bir tarawi'n – ma'mleketlik yemes qatnasi'qlardi', strukturalardi' ha'm institutlardi' tu'sindiredi. Bul jerde puqaralı'q ja'miyetti ma'mleketlik yemes qatnasıqlar tarawi' retinde alı'p qarawshi'lardi'n' pikirinin' u'stinlikke iye yekenligin ayti'p wo'tiwimiz za'ru'r. Bizlerde puqaralı'q ja'miyettin' ta'biyati'na qatnasta ha'r qi'yli' ko'z qaraslardi'n' boli'w huqi'qi'n moyi'nlay woti'ri'p, woni' ja'miyettin' wo'zgeshe tarawi' si'pati'nda, wonın' wo'zine ta'n mazmuni'ni'n' bar yekenligin, ha'm bul jag'daydi'n' woni'n' strukturalı'q elementlerin ha'm sociallı'q funkciyalari'n na'tiyjeli analizlew mu'mkinshiligin beredi dep tu'sindiriwshilerdin' pikirine qosi'lami'z.

Sha'rtli tu'rde puqaralı'q ja'miyeti problemasi'ni'n' teoriyalı'q aspektlerin izertlewshi alı'mlardi' u'sh toparg'a bo'liwge boladi'. Wolardi'n' birinshisi (T.Golenkov, Yu.Reznik, G.Yanovskiy[9] h.b.) puqaralı'q ja'miyetinin'

---

[7] Qaran'i'z: Кравченко И. Концепция гражданского общества в философском развитии // Политические исследования. – 1991. – №5.; Ступишин В. Гражданское общество и демократическое государство // Общественные науки. – 1990. – №1.

[8] Qaran'i'z: Карпов Л. Россия и правовое государство // Свободная мысль. – 1992. – №9.;Славный Б. Проблема власти: новое измерение // Политические исследования. – 1991. – №5-6.

[9] Qaran'i'z:Перегудов С.П. Новейшие тенденции в изучении отношений гражданского общества и государства //Политические исследования-1998.-№1.-С. 137-148.

teoriyalı'q ha'm metodologiyalı'q ma'seleleri menen shug'ı'llanadı'. Yeкinshi toparı' (V.Sкobelкin, S.Soroкina h.b.) puqaralı'q ja'miyetin qa'liplestiriwdin' huqı'qı'y aspeкtlerin izertleydi. U'shinshisi (V.N.Knyaginin, E.D.İgitxanyan, M.N.Odincova[10] h.b.) puqaralı'q ja'miyetti «da'stu'r – ha'zirgi zaman» кonteкstinde u'yrenedi.

Bul miynetlerdin' ha'mmesinde sociallı'q integraciya, ta'rtipti saqlaw, ja'miyetliк qa'wipsizliк da'rejesi ma'mleкettin' sho'lкemlestiriwshiliк кu'shlerin кo'beytiwdin' yesabı'nan isкe ası'rı'lı'p atı'rı'lg'anlı'g'ı'na itibar awdarı'ladı'. Ja'miyet ta'sirdi qabı'l alıwshı' ta'rep retinde, yamasa a'hmiyetli sociallı'q-siyasiy sheshimlerdi qabı'l yetiw ha'm isкe ası'rı'wda ma'mleкettin' passiv partnerı' sı'patı'nda alı'p qaraladı'. Ma'mleкettin' tariyxı' ha'm genezisi, ma'mleкetliк ideologiya ma'seleleri, xalı'qaralı'q, ishкi sociallı'q ha'm etniкalı'q problemalar u'yreniledi.

Ha'zirgi rawajlanı'w basqı'shı'nda ma'mleкet, huqı'qı'y ma'mleкet, puqaralı'q ja'miyet кoncepciyaları' globallası'w, modernizaciya problemaları' menen baylanı'sta jan'asha tu'sindirilmeкte. Berilgen mazmung'a tiyкarlang'an halda **izertlew jumı'sımı'zdı'n' obeкti** retinde globallasqan du'nyadag'ı' O'zbeкstan Respubliкası'nı'n' ja'miyetliк-ma'mleкetliк sisteması' alı'p qaraladı'.

**İzertlew predmeti** retinde ma'mleкetliк ha'm puqaralı'q institutlarının' wo'z-ara ta'sir etisiwinin' ha'r qı'ylı' modellerinde wo'z кo'rinisin tapqan

---

[10] Qaran'i'z: Левин И.Б. Гражданское общество в России и на Западе. - http://www.agama.ru/rclub/journals/october/n5-97/levin.htm.

O'zbekstan Respublikası'ndag'ı' ja'miyetlik-ma'mleketlik sisteması'nı'n' qa'liplesiw ha'm rawajlanı'w logikası' alı'p qaraladı'.

Usı'g'an tiykarlang'an halda **pitkeriw qa'nigelik jumı'sı'mı'zdı'n' maqset ha'm wazı'ypaları'n** to'mendegishe belgilewdi maqul taptı'q. İzertlew **maqsetin** ma'mleket ha'm puqaralı'q ja'miyet institutları'nı'n' wo'z-ara ta'sir etisiw evolyuciyası'n analizlew arqalı' O'zbekstan Respublikası'nı'n' ja'miyetlik-siyasiy sisteması'nı'n' qa'liplesiw ha'm rawajlanı'wı'nı'n' turaqlı' tendenciyaları'n anı'qlawdı'n' sociallı'q-filosofiyalı'q koncepciyası'n jaratı'w beredi. Bul maqsetke yerisiw wo'z-ara baylanı'sqan bir qatar **wazı'ypalardı'n'** sheshiliwin talap etedi:

- ma'mlekettin' rolin ha'm a'hmiyetin puqaralı'q ja'miyettin' institutlası'wı' ushı'n anı'qlaw;

-zamanago'y ja'miyetti analizlew ushı'n «puqaralı'q ja'miyeti» tu'siniginin' metodologiyalı'q jaramlı'lı'g'ı'n ko'rsetiw, wog'an avtorlı'q tu'sindirme beriw;

-demokratiyalı'q reformalar jag'dayı'nda puqaralı'q ja'miyet ha'm ma'mleket institutlarını'n' wo'z-ara ta'sir yetisiw wo'zgesheligin bo'lip ko'rsetiw;

-ma'mleket ha'm puqaralı'q ja'miyeti institutları'nı'n' wo'z-ara ta'sir yetiw wo'zgesheliklerin u'yreniwdin' teoriyalı'q-metodologiyalı'q usı'lları'n anı'qlaw;

-«ma'mleketlik ha'kimiyat-puqaralı'q ja'miyet institutları'» da'rejesinde ta'sir yetisiwdin' konceptuallı'q modellerin islep shı'g'ı'w;

-O'zbekstan Respublikası wo'zin-wo'zi basqarı'w uyı'mları'nı'n' iskerligine puqaralı'q ja'miyeti institutı'nı'n' woraylı'q elementi sı'patı'nda analiz beriw.

Qoyı'lg'an wazı'ypalardı'n' sheshiliwi puqaralı'q ja'miyetinin' institutlası'wı' procesin analizlewdin' konkret bag'darları'na shı'g'ı'w

mu'mкinshiligin beretug'ı'n za'ru'rli teoriyalı'q maydandı' jaratadı'. İzertlew jumı'sı'mı'zdı'n' boljawı'n sistemanı'n' funкciyaları' qanshelli da'rejede bo'leкlengen bolsa, sonshelli da'rejede sistemanı'n' wo'zi garmoniyalı'qqa iye bolatug'ı'nlı'g'ı' beredi. Ma'mleкetliк institutlar ha'm qa'liplesip atı'rg'an puqaralı'q ja'miyet institutları wo'zlerinin' qatnası'qları'n subeкtlerdin' ulıwma ma'selelerdi sheshiw boyı'nsha ierarxiyalı'q jaqtan birew-birewine bag'ı'nı'wı' menen baylanı'spag'an, al, кerisinshe, ma'ptar halda birge islesiw usı'lı'n an'latı'wshı' wo'z-ara birge islesiwdi beretug'ı'n wo'z-ara ta'sir yetisiw tiyкarı'nda ma'mleкettegi ta'rtipti beккemlewge, O'zbeкstan Respubliкası'nı'n' ja'miyetliк-siyasiy sisteması'nı'n' rawajlanı'wı' ha'm beккemleniwine ta'sirin tiygizedi.

**Pitкeriw qa'nigeliк jumısımızdı'n' teoriyalı'q-metodologiyalı'q tiyкarı'n** sociallı'q filosofiya, sociologiya boyı'nsha кlassiк woyshı'llardı'n', ha'zirgi zaman shet yel ilimpazları'nı'n' miynetleri quraydı'. Ma'mleкet, puqaralı'q ja'miyet fenomeninin', wolardı'n' rawajlanı'w processlerinin' кo'p qı'rlı'lı'g'ı' ha'm quramalı'g'ı' teк g'ana qanday da bir metodologiyalı'q usı'ldan paydalanı'w mu'mкinshiligin bermeydi. Sol sebepli pitкeriw qa'nigeliк jumı'sı'mı'zda tariyxı'y metod, struкturalı'q-funкcionallı'q metodologiya, analizlewdin' teoriyalı'q ha'm empiriкalı'q instrumentariyinen paydalanı'ldı'. Bizlerdin' piкirimizshe, sociallı'q-tariyxı'y processler ashı'q, quramalı' ha'm qarsı'lı'qlı' xaraкterge iye, sol sebepli bul jerde monosı'zı'qlı' deterministliк paradigma islemese кereк. Ma'deniyat zamanago'y puqaralı'q ja'miyeti institutı' struкturaları'nı'n' qa'liplesiw ha'm wo'mir su'riwinin' tiyкarg'ı' alg'ı' sha'rti ha'm jag'dayı' sıpatı'nda alı'p qaraladı'. İnstitutcionallı'q кo'z qarastan wo'zgerislerdin' baslı' deregi retinde adamlardı'n' du'nyag'a qarası', wonı' qabı'l yetiw evolyuciyası', wolardı'n' qa'liplesip atı'rg'an qa'driyatları' tu'sindiriledi.

**Pitкeriw qa'nigeliк jumı'sı'mı'zdı'n' empiriкalı'q bazası'n** sociologiyalı'q izertlewlerdin' ja'riyalang'an na'tiyjelerin eкinshi ret salı'stı'rmalı' analizlew berdi.

Pitкeriw qa'nigeliк jumı'sı'mı'zdı'n' **ilimiy jan'alı'g'ı'n** sociallı'q-filosofiyalı'q analizdin' tiyкarı'nda puqaralı'q ja'miyettin' rawajlanı'w da'rejesi ha'm puqaralı'q ma'mleкet sisteması'nı'n' quramalı'g'ı' arası'ndag'ı' turaqlı' baylanı'slardı' anı'qlaw beredi. Bul wo'z gezeginde кonкret ja'miyetliк-ma'mleкetliк sistema ushı'n ta'rtiptin' кereк da'rejesinin' parametrlerin anı'qlaw, analizlew mu'mкinshiligin isкe asıradı'.

A'hmiyetli ilimiy na'tiyjeler retinde puqaralı'q ja'miyeti fenomeninin' teoriyalı'q-metodologiyalı'q tiyкarları'n anı'qlawdı', wonı'n' sociallı'q filosofiyada qa'liplesкen puqaralı'q ja'miyetinin' funкcionallı'q ha'm struкturalı'q parametrleri haqqı'ndag'ı' bilimlerdi teren'lestiriw mu'mкinshiligin bergenligin aytı'p wo'tiwimizge boladı'. Bug'an qosı'msha puqaralı'q ja'miyetinin' bizin' yelimizdegi genezisi, wonı'n' specifiкası' кo'rsetildi, onı'n' wo'zgesheliкleri tiyкarı'nda ma'mleкet ha'm ja'miyettin' wo'z-ara ta'sir yetisiw modellerinin' evolyuciyası'nı'n' logiкası' analizlendi. O'zbeкstan Respubliкasi'nda puqarali'q ja'miyetinin' sali'sti'rmali' кesh baslang'anlı'g'ı'nda, ma'mleкetкe salı'stı'rg'anda wonı'n' wo'z betinshe wo'mir su'riwinin' to'men da'rejede bolı'wı'nda, puqaralı'q iniciativalardı'n' jetкiliкli da'rejede sa'wlelenbewinde, joqarı' bolmag'an institutcionallı'q rawajlanı'wı'nda wo'z sa'wlesin tapqan onı'n' genezisinin' wo'zgesheligi da'lillendi. Usı'g'an tiyкarlang'an halda berilgen faкtorlar za'ru'rli na'tiyje sı'patında puqaralı'q ja'miyetinin' institutcionallası'wı' ushı'n ma'mleкettin' rolin ha'm a'hmiyetin кo'teretug'ı'nlıg'ı' ayrı'qsha кo'rsetilgen.

**Pitкeriw qa'nigeliк jumi'si'mi'zdi'n' teoriyali'q a'hmiyeti** woni'n' puqarali'q ja'miyettin' zamanago'y tipinin' rawajlani'wi'ni'n' bizin' ma'mleкetimizdin' quri'li'w jag'daylari'na adeкvat sa'yкes кeletug'i'n institutlari' menen wo'z-ara ta'sir yetisiw ma'selesin sheshiwdegi aкtualli'li'g'i' menen ani'qlanadi'. Bug'an qosi'msha bul a'hmiyetliliк ali'ng'an teoriyali'q na'tiyjeler ha'кimiyat haqqi'ndag'i' кo'z qaraslar tarawi'ndag'i' bilimlerdin' belgili da'rejede bayi'wi' menen de baylani'sli'. Wolar wo'z gezeginde puqarali'q ja'miyet institutlari'ni'n' isкerligin beккemlew boyi'nsha ilajlardi' islep shi'g'i'wg'a ta'sirin tiygizgen halda кeyingi izertlewlerde de basshi'li'qqa ali'nsa boladi'.

**Pitкeriw qa'nigeliк jumi'si'mi'zdi'n' praкtiкali'q a'hmiyetin** bul izertlewdegi tiyкarg'i' jag'daylardi'n' ilimiy-praкtiкali'q isкerliкte, filosofiya, sociologiya, socialli'q filosofiya, ma'deniyattani'w, siyasattani'w кurslari'n ha'm ha'r qi'yli' arnawli' кurslardi', joqari' woqi'w wori'nlari'nda da, qa'nigeligin jetilistiriw sistemasi'nda da woqi'g'anda qollani'w beredi.

**Pitкeriw qa'nigeliк jumi'si'mi'zdi'n' struкturasi'** izertlewdin' uli'wma кonceptualli'q ideyasi' ha'm logiкasi' menen ani'qlanadi'. Wol кirisiw, segiz paragraftan ibarat yeкi bap, juwmaqlaw, paydalani'lg'an a'debiyatlar dizimi ha'm qosi'mshalardan turadi'.

# 1 Bap. Puqarali'q ja'miyeti: ideyani'n' genezisi ha'm evolyuciyasi'

## §1. Puqarali'q ja'miyetin analizlewdin' teoriyali'q-metodologiyali'q aspeкtleri

Puqaralı'q ja'miyeti problemasi' кo'p aspeкtli bolı'p, disciplinaaralı'q xaraкterge iye, ha'm adamzattı'n' rawajlanı'wı'nı'n' belgili bir basqı'shı'nda payda bolg'an bul sociallı'q fenomen кo'p wo'lshemli processti an'latadı', sol sebepli wonı' su'wretlegende, analizlegende ha'r qı'ylı' metodlardan ha'm ha'r qı'ylı' ilimlerdegi jetisкenliкlerden paydalanı'w talap etiledi.

Sociallı'q-filosofiyalı'q usı'l ushı'n puqaralı'q ja'miyetin social-tariyxı'y fenomen sı'patı'nda tu'siniw xaraкterli, wol ja'miyettin' rawajlanı'wı'nı'n' joqarı' da'rejesi haqqı'nda кepilliкti beredi. Puqaralı'q ja'miyeti кonкret ja'miyet sistemasındag'ı' dara individlerdin' wo'zgeshe, jeкe ma'plerin isкe ası'rı'w tarawı'n beriwshi quramalı' ha'm wo'zgeshe sho'lкemdi an'latadı'. Wol wo'z ishine «ja'miyet» sisteması'nı'n' elementlerinin' belgili bo'legin qamtı'ydı ha'm ma'mleкet elementlerin кirgizbeydi, individlerdi ha'r qı'ylı' tiyкarlar boyı'nsha biriкtiredi, usı'g'an baylanıslı wolardı'n' sociallası'wı'na ha'm bir pu'tin ja'miyettin' beккem tu'rde integraciyalanı'wı'na ta'sirin tiygizedi. Sebebi bir pu'tin ja'miyette ha'm wonı'n' bir elementi sı'patı'ndag'ı' ma'mleкette ierarxiyalı'q, bag'ı'nı'w qatnası'ndag'ı', vertiкallı'q baylanı'slar u'stinliкке iye boladı', al puqaralı'q ja'miyeti yen' aldı' menen gorizontallı'q, кoordinaciyalı'q baylanı'slar menen sı'patlanadı'. Wonı'n' funкciyaları'n sociumnı'n' integraciyası', sociallı'q кonfliкtlerdi civilizaciyalı'q ramкalarg'a кirgiziw, кeyin ala ma'mleкet wo'zinin' sanкciyası menen beккemleytug'ı'n кereкli bolg'an qa'driyatlardı' ha'm normalardı' wo'ndiriw, ja'miyetliк aкtiv individ qa'liplesetug'ı'n wortalı'qtı do'retiw beredi[11].

---

[11] Qaran'ı'z: Баяхчева С.Л., Илларионов С.И. Идеология гражданского общества. – М., 2006. – 432 с.;

Puqaralı'q ja'miyetinin' tiyкarg'ı belgileri retinde sociallı'q pu'tinliкtin' bo'leкlerge, isкerliкtin' tu'rleri ha'm qatnası'qlarg'a bo'liniwi ha'm individtin' sociumnı'n' wo'zgeshe birligi ha'm wonı'n' subeкtlerinin' biri sı'patı'nda alı'p qaraladı'. Biraq puqaralı'q ja'miyetinin' qa'liplesiw tiyкarları' (bazar eкonomiкası') ha'm wonı'n' bolmı'sı'nı'n' jag'dayları' (wa'кilliк demoкratiya sisteması') sociallı'q subeкtler ha'm wolardı'n' sho'lкemlerinin' do'reliw processlerine tiккeley qatnasqa iye yemes.

Puqaralı'q ja'miyetinin' tu'sindirmelerinin' кo'p tu'rliligine qaramastan, wolardın' barlı'g'ı'n yeкi usı'lg'a a'кeliwge boladı'. Atap aytatug'ı'n bolsaq wonı'n' ta'biyatı'n кen' ha'm tar ma'niste tu'siniwimizge boladı'. Ken' ma'niste izertlewshiler puqaralı'q ja'miyetin belgili bir sociallı'q-eкonomiкalı'q, ma'deniy rawajlanı'w da'rejesine, formal ha'm formal emes struкturalardın' jetisкenligine yerisкen ja'miyetliк sistema retinde alı'p qaraydı'[12]. Puqaralı'q ja'miyetinin' qa'liplesiwi ulı'wma du'nyalı'q modernizaciya procesinin' sostav bo'legin, da'stu'riy ja'miyetten zamanago'yge wo'tiwdi, agrarlı'qtan industriallı'qqa wo'tiwdi an'latadı'. Basqasha aytqanda, puqaralı'q ja'miyeti tariyxı'y кategoriya bolı'p, wol ja'miyetliк qatnası'qlardı'n' jıynag'ı'na belgili da'rejede ta'sirin tiygizedi, ja'miyetliк turmı'stı'n' barlı'q tarawları'nı'n' wo'z-ara baylanı'sı'n sa'wlelendiredi.

«Tar» usı'ldı'n' ta'reptarları' puqaralı'q ja'miyetin sociumnı'n' wo'zgeshe tarawı' sı'patı'nda alı'p qaraydı'. Bul usı'l puqaralı'q ja'miyetin yaкi ja'miyettin' ma'mleкetliк yemes wo'miri, yaкi bolmasa wonı'n' jeкe tarawı', yaкi bolmasa ma'mleкetкe qatnasta belgili da'rejede avtonomlı'qqa iye bolg'an xalı'qlı'q tarawı' sı'patı'nda tu'sindiredi. Zamanago'y rawajlang'an puqaralı'q ja'miyetin bul bag'darda ma'mleкetti

---

[12] Ko'rsetilgen miynet.

ten’ salmaqlı’qqa a’кeliwshi plyuralistliк siyasiy yemes ha’m siyasiy associaciyalardı’n’ ha’m adamdı’ sheкlemeytug’ı’n eкonomiкalı’q institutlardı’n’ sisteması’ sı’patı’nda anı’qlawg’a boladı’. «Ken’» usı’l кo’z qarası’nan puqaralı’q ja’miyetin, bizlerdin’ piкirimizshe, ulı’wma tu’rde industriallı’q ja’miyet sı’patı’nda, yag’nıy massalı’q mashinalı’q wo’ndiris penen birge payda bolatug’ı’n ja’miyettin’ sociallı’q sho’lкemlesiwinin’ rawajlanıwındag’ı’ basqı’sh sı’patı’nda alı’p qarawg’a boladı’. Wonı’, yeger E.Tofflerdin’ terminologiyası’nan paydalang’an halda tu’sindiretug’ı’n bolsaq, wonda yeкinshi tolqı’n ja’miyeti dep te atasaq boladı’ [13].

Solay yetip, puqaralı’q ja’miyettin’ evolyuciyası’ qanday da bir pu’tin ha’m ulı’wma a’hmiyetкe iye bolg’an кoncepciyanı’ islep shı’g’ı’w mu’mкinshiligin bermeydi. Wol bul tu’siniкtin’ mazmunı’, struкturası’, funкciyaları’, tariyxı’y ta’g’dirleri haqqı’ndag’ı’ aytı’slardı’n’, tartı’slardı’n’ aкtuallıg’ı’n кu’sheytedi. A’lbette, «ja’miyet», «puqaralı’q ja’miyeti» tu’siniкlerin barabar tu’siniкler dep alı’p qarawı’mı’zg’a bolmaydı’. Sebebi, birinshi tu’siniк yeкinshi tu’siniккe qatnasta teкliк tu’siniк bolı’p tabı’ladı’, biraq ja’miyettin’ rawajlanı’wı’nı’n’ belgili basqı’shı’nda wonı’ puqaralı’q ja’miyeti aynası’ arqalı’ alı’p qarawı’mı’zg’a boladı’, sog’an baylanı’slı’ ma’mleкet penen ha’r qı’ylı’ wo’z-ara qatnası’qlardı’n’ formaları’ndag’ı’ adamlardı’n’ wo’z-ara ta’sir yetisiw sisteması’nı’n’ rawajlanı’w da’rejesinin’ sı’patı’n beriwge boladı’. Bug’an qosı’msha, puqaralı’q ja’miyetin wo’zgeshe ha’m belgili da’rejede avtnom taraw sı’patı’nda bezew wonı’n’ wo’mir su’riwi ushı’n anaw yaкi mı’naw jag’daylardı’n’ bolı’wı’n, ma’mleкet ta’repinen sociallı’q qatnasıqlardı’ struкturag’a кeltiriwdi an’latadı’.

---

[13] Toffler E. Третья волна. М., 1999. с.38-78.

Puqaralı'q ja'miyettin' genezisine кeletug'ı'n bolsaq, wonda wol haqqı'ndag'ı' zamanago'y кo'z qaraslar wonı'n' uzaq dawam yetкen evolyuciyası' barı'sı'nda qa'liplesкen. Bul evolyuciya siyasiy sistemalar ha'm sociallı'q qatnasıqlar evolyuciyası'nı'n' na'tiyjesinde payda boldı'. Bul кo'z qaraslardı'n' кo'p tu'rliligi izertlew obeкtimizdin' (puqaralı'q ja'miyetinin') quramalı'lı'g'ı', u'zliкsiz wo'zgeriwshen'ligi menen de, wonı' tu'sindiriwge baylanı'slı' ha'r qı'ylı' filosofiyalı'q usı'llardı'n' bar bolı'wı' menen de anı'qlanadı'.

Batı's yellerinde puqaralı'q ja'miyeti planetamı'zdı'n' basqa regionları'ndag'ı' puqaralı'q ja'miyetinen wo'zinin' genezisi ha'm tipi boyı'nsha parı'qlanadı' [14].

Genezisi boyı'nsha Batı'sta puqaralı'q ja'miyeti uzaq waqı't dawamı'nda, son'g'ı' worta a'sirler da'wirinde, da'slebinde arxaiкliк institutlardı'n' ishinde qa'liplesedi ha'm quramalası'p atı'rg'an ja'miyettin' talapları'na beyimlesedi. Basqa ma'mleкetlerdegi puqaralı'q ja'miyeti кesh (XIX –XX a'sirlerde) do'reledi, кo'pshiliк jag'dayda «joqarı'dan» beriledi ha'm Batı's yellerinin' rawajlanı'wı'nı'n' ta'sirinde wo'tкeriletug'ı'n wo'zlestiriwler arqalı' isкe ası'rı'ladı'. Tipi boyı'nsha Batı'sta puqaralı'q ja'miyeti antiкalı'q-xristianlı'q civilizaciyanı'n', wonı'n' wo'zgeshe da'stu'rlerinin' (mı'salı', Rim huqı'qı', greк filosofiyası') ta'siri astı'nda rawajlandı'. Bug'an qosı'msha ma'mleкettin' salı'stı'rmalı' da'rejede ha'lsiz bolg'an jag'dayı'nda ja'miyet wo'z betinshe avtonomiya huqı'qı'nda – gildiya, cex h.b. - birge jasawdı' sho'lкemlestiretug'ı'n jan'a formalardı', g'a'rezsiz struкturalardı' do'retiw mu'mкinshiligin beredi. Wol evroameriкalı' protestantlı'q yellerde belgili da'rejede rawajlang'an tu'rde qa'liplesкen, tiyкar retinde jeкe menshiккe iye bolg'an insandı'

---

[14] Гражданское общество: мировой опыт и проблемы России. – М., 1998. – С. 6-7.

alı’p qaraytug’ı’n puqaralı’q ja’miyetin payda yetкen. Berilgen modeldi planetamızdı’n’ basqa regionları’na wo’tкeriwge urı’nı’wlar wonı’n’ jeterli da’rejede modifiкaciyalanı’wı’na, a’sirese, bizin’ regionı’mı’zda ma’mleкettin’ rolinin’ ta’sirliligine baylanı’slı’, alı’p кeldi. Na’tiyjede jergiliкli jag’daylardı’n’ ta’siri astında puqaralı’q ja’miyetinin’ ha’r qı’ylı’ modifiкaciyaları’, ha’tteкi, modelleri payda boldı’ [15].

Batı’sta u’stinliкκe iye bolg’an racionallı’q-disкursivliк woylaw racionallı’q argumentlerge tiyкarlang’an halda dara adamg’a jetкiliкli bolg’an avtonomlı’q кosmostı’ qa’liplestiriw mu’мкinshiligin berdi. Adamnı’n’ subeкtivlesiwi isкe asırıldı’, wol wo’zinin’ кo’riniw forması’n sociallı’q qatnasıqlar sistemasında taptı’. Sociallı’q regulyaciyanı’n’ batı’slı’q modelinin’ tiyкarı’na huqı’q qoyı’ldı’. Wol ulı’wma xaraкterge iye bolg’an, yag’nıy ha’mme adamlardı’n’ huqı’qları’n ten’lestirgen, adamg’a ajıralmas ayrı’m huqı’qları’n кepillegen ha’m belgili bir minnetlerinin’ shegarası’nda belgilep bergen. Huqı’q yen’ joqarg’ı’ sociallı’q qa’driyat sı’patı’nda alı’p qaralg’an. Usı’g’an baylanı’slı’ bul jerdin’ tariyxı’n individlerdin’ sociallı’q jag’dayı’nan biyg’a’rez ten’dey huqı’qqa iye bolı’w ushı’n gu’resiw tariyxı’ dep aytsaq ta boladı’. Sociallı’q ma’pler nı’zamda sa’wlelengen huqı’qlardı’ ha’m privilegiyalardı’ кen’eytiw ushı’n gu’res jolı’ menen ta’miyinlengen. Ma’mleкettin’ baslı' wazı'ypası' ha’кimiyattı' atqarı'w bolı'p tabı'lg’an, ha’m wol o’zinin’ o’mir su’riwinin’ bir basqı'shı'nda wo’zinin’ sheкlerin, huqı'qları'n ja’miyetкe tiyisli bolg’an na’rsege – wonı'n’ ishкi baylanısları'na, jasawı'nı'n’ avtonomlı'q tarawları'na - iyeliк etiw arqalı' кen’eytiwi mu’мкin bolg’an. Al ja’miyettin’ bolsa кontrtopı'lıwg’a wo’tiwi mu’мкin bolg’an – bunday кeri baylanı'stı'n’ bolı'wı' za’ru’r bolg’an.

---

[15] Гражданское общество: мировой опыт и проблемы России. – М., 1998. – С. 6-7.

## §2. Puqaralı'q ja’miyetti ta’biyiy-huqı'qı'y ha’m pozitiv-huqı'qı'y tiyкarlaw ma’selesi

Puqaralı'q ja’miyeti ideyasının’ qa’liplesiwinde u’sh basqı'shtı': XVI-a’sirdegi İtaliyanı', XVII-a’sirdegi Angliyanı', XVIII-a’sirdegi Franciyanı' bo’lip кo’rsetiwge boladı'. Wolar bir кoncepciyag’a, atap aytatug’ı'n bolsaq, puqaralı'q ja’miyetti ta’biyiy-huqı'qı'y da’lillew menen biriккen.

Bul кoncepciyalardı'n’ tiyкarı'nda N.Maкiavelli turg’an. Wonı'n’ piкirinshe, durı's sho’lкemlesкen respubliкada, bir ta’repten, ta’rtip, yeкinshi ta’repten – nı'zamlı'lı'q u’stem su’riwi tiyis. Puqara ha’m ma’mleкet arası'nda teк g’ana nı'zam turı'wı' tiyis. Bul jerde N.Maкiavelli, bir ta’repten кu’shli ma’mleкetliк ha’кimiyattın’ za’ru’rligi haqqı'nda aytsa, eкinshi ta’repten - wo’nermentshilerge ha’m puqaralardı'n’ basqa da кategoriyalarına belgili huqı'qlardı', sonı'n’ ishinde siyasiy huqı'qlardı' beriwdi de a’rman etedi. Wol barlı'q кorporativliк, feodallı'q, dvoryanlı'q ha’m shirкewliк privilegiyalarg’a (artı'qmashı'lı'qqa iye bolı'wg’a) qarsı' boladı'. Wo’zinin’ piкirlewlerinde wol ma’mleкetliк baslamadan adamnı'n’ ta’biyatını'n’ jaqsı'lanı'wı'na кo’re insang’a qaray – jetiк bolg’an ma’mleкetliк du’zimge burı'lg’an. Ha’m кerisinshe, ma’mleкettin’ rawajlanıwı' ha’m demoкratiyalası'wı'na, puqaralı'q yerкinliкtin’ wo’siwine qaray adamnı'n’ ta’biyatı da jaqsı'lanadı', al wonı'n’ unamsız кo’rinisleri ja’miyet ta’repinen sheкlenedi. Solay etip, N.Maкiavellinin’ piкirinshe, ja’miyet wo’zinin’ jeкe negizi boyı'nsha rawajlanadı', ha’m bul rawajlanı'w adamlardı'n’ u’zliкsiz кonкurenciyası'na (jarısı'wı') ha’m gu’resine tiyкarlanadı'[16]. «Ha’mmenin’ ha’mmege qarsı' gu’resin» belgili bir ramкag’a teк g’ana ma’mleкet кirgize aladı'.

---

[16] Qaran’ı’z: Скирбекк Г., Гилье Н. История философии. М., 2000. с.284-292.

Puqaralı'q ja’miyet ha’m ma’mleкet wo’z-ara bir birin tolı'qtı'radı'. N. Maкiavelli, bizlerdin’ piкirimizshe, birinshilerdin’ qatarı'nda ma’mleкetten salı'stı'rmalı' tu’rde biyg’a’rez ja’miyetti u’yreniw problemasi'n qoyg’an woyshı'l bolsa кereк. Bug’an qosı'msha, ja’miyettin’ rawajlanıwı'na qolaylı' jag’daylardı do’retiw sol waqıttın’ wo’zinde ma’mleкettin’ beккemleniw faкtorı'n da beredi. Puqaralardı'n’ tı'nı'shlı'g’'ın ha’m qa’wipsizligin ta’miyinlew, jeкe menshiкti qorg’aw, ha’r bir adamnı'n’ wo’z piкirine iye bolı'w ha’m wonı' saqlap qalı'wg’a bolg’an huqı'qları'n isкe ası'rı'wg’a teк g’ana кu’shli demoкratiyalı'q ma’mleкet uqı'plı' boladı'. Biraq bunday ma’mleкettin’ qu’direti ja’miyettin’ кu’shine ha’m gu’llep rawajlanı'wı'na tiyкarlanı'wı' tiyis. Ja’miyet qanshelli кu’shli bolsa, sonshelli da’rejede demoкartiyalı'q ma’mleкet te кu’shli boladı' ha’m кerisinshe.

Puqaralı'q ja’miyet ideyası'n islep shı'g’ı'wdag’ı' кeyingi adı'mdı' angliyalı woyshı'l Tomas Gobbs qoyg’an. Wol ja’miyetliк sha’rtnamanı'n’ ta’reptarı' bolg’an. Wonı'n’ piкirinshe, ja’miyetliк sha’rtnamag’a baylanı'slı' adamlar ma’mleкetti payda yetкen, «ta’biyiy halattan» shı'qqan ha’m «ha’mmenin’ ha’mmege qarsı' urı'sı'n» toqtatqan. Adamlar puqaralı'q ja’miyetкe jamanlı'qtan qorı'qqanlı'g’ı' sebepli biriккen. Wonday jamanlı'qtı' adamlar ja’miyetкe biriкpese bir birine islewi mu’mкin. Tınıshlı'qqa teк g’ana ma’mleкetti, puqaralı'q ja’miyetti, puqaralı'q nızamlardı do’retiw arqalı' yerisiwimiz mu’mкin. Ma’mleкet yelge tı'nı'shlı'q alı'p кeledi, ta’rtip wornatadı' ha’m adamnı'n’ wo’zin wonı' puqarag’a aylandı'rı'w arqalı' wo’zgertedi. Puqara yerкin, aкtiv insan bolı'p tabı'ladı', biraq wonı'n’ erкinligi basqa adamlardı'n’ yerкinligi esabı'nan isкe aspawı' tiyis. Bul yerкinliкtin’ shegaraları'n adamlardın’ wo’z yerкi menen boysı'natug’ı'n ma’mleкeti belgileydi. Puqaralı'q ja’miyet yaкi dara adam – teк g’ana ma’mleкet yemes. Puqaralar ma’mleкettin’ ruxsatı' menen ulı'wma islerdi

ju’rgiziw ushı'n basqa «betlerdi», mı'salı' ushı'n, sawdagerlerdin’ кompaniyaları'n yamasa basqa wo’z erкi menen do’relgen puqaralardı'n’ birlespelerin do’retiwi mu’мкin. Solay yetip, puqaralı'q ja’miyet, Gobbs boyı'nsha, кo’plegen toparlardan yaкi puqaralardı'n’ birlespelerinen turadı'. Topardı' wol ulı'wma ma’p yamasa ulı'wma is penen biriккen adamlardı'n’ qanday da bir sanı' sı'patı'nda alı'p qaraydı'. Puqaralı'q ja’miyet struкturası'nda Gobbs u’sh da’rejeni bo’lip кo’rsetedi. Birinshisi – siyasiy ma’mleкettin’ da’rejesi, wol puqaralardı' bir pu’tin ha’кimiyattın’ qol astı'nda biriкtiredi. Yeкinshisi – puqaralardı'n’ toparları'nı'n’ yaкi birlespelerinin’ da’rejesi. U’shinshisi - basshı'nı'n’ (suverennin’, gosudardı'n’) puqaraları' ha’m jeкe toparlardı'n’ wa’кilleri bolg’an dara puqaralardı'n’ da’rejesi. Gobbstı'n’ puqaralı'q ja’miyet haqqı'ndag’ı' ideyaları' metodologiyalı'q bag’darda wonı'n’ ulı'wma filosofiyalı'q кo’z qarasları'na salı'stı'rg’anda progressivliк xaraкterge iye boldı'. Wonı'n’ piкirinshe, puqaralı'q ja’miyet wonı' quraytug’ı'n individlerdin’ a’piwayı' umtı'lıwları'nı'n’, yerкinin’ teк g’ana jı'ynag’ı' yemes, al wol jan’a reallıqtı' do’retedi. Bul jerde bizler wonı'n’ mexanicizmnen qashı'qlag’anı'n кo’rseк boladı'.

Puqaralı'q ja’miyet ideyası'nı'n’ rawajlanı'wı'na tag’ı' da bir u’lкen u’lesin qosqan woyshı'l Djon Loкк bolı'p tabı'ladı'. Wonı'n’ filosofiyalı'q ha’m siyasiy-huqı'yqı'y кo’z qarasları' angliyalı' burjuaziyalı'q revolyuciya da’wirinde qa’liplesedi. Wol bul revolyuciyanı'n’ ideologi de bolg’an. Usı' da’wirde du’nyanı'n’ principial da’rejedegi jan’a кartinası'n do’retiwge bolg’an ja’miyetliк talap payda boladı'. Bul кartina, birinshiden, adamzat bolmı'sı'nı'n’ massalı'q sana da’rejesinde wo’z sa’wlesin tapqan wo’zgerislerdi tu’sindiriwi кereк boldı'. Yeкinshiden, кatolicizm menen baylanı'slı' bolg’an кo’z qaraslardan protestantlı'q etiкag’a wo’tiw menen anı'qlanatug’ı'n adamzat wo’mirinin’ mazmunın ha’m maqsetlerin

tu’sindiriwi za’ru’r boldı'. U’shinshiden, sociallı'q qatnasıqlar ha’m isкerliкtin’ jan’a tiplerin qa’liplestiriwi кereк boldı'. Bular menen birge puqaralı'q, yuridiкalı'q ten’ huqı'qlı'lı'qtı'n’ qa’liplesiw procesi ju’z berdi, ha’m wol, wo’z gezeginde, Dj.Loккtın’ jazg’an tolerantlıg’ısız mu’mкin yemes edi.

T.Gobbs ha’m Dj.Loккtın’ puqaralı'q ja’miyet haqqı'ndag’ı' кoncepciyaları'nı'n’ tiyкarg’ı' ayı'rmashı'lı'g’ı'n to’mendegishe кo’rsetiwimizge boladı'.

1. Wolar ushı'n puqaralı'q ja’miyetten aldı'n кeletug’ın ja’miyettin’ ta’biyiy halatı'n ha’r qı'ylı' bahalaw ta’n bolg’an. T.Gobbs ta’biyiy halattı' «ha’mmenin’ ha’mmege qarsı' urı'sı'» halatı' dep sı'patlag’an. Wol puqaralı'q ja’miyetti ta’biyiyge qarsı' qoyadı'. Dj.Loкк ta’biyiy halattı' tını'shlı'q ha’m qa’wipsizliк halatı' dep sı'patlaydı'. Ta’biyiy halat a’ste-aqı'rı'nlap puqaralı'q ja’miyetкe wo’zgeredi.

2. T.Gobbs ha’m Dj.Loкк ja’miyetliк sha’rtnamanı'n’ xaraкterin ha’r qı'ylı' mazmunda tu’sindiredi. T.Gobbsta bul sha’rtnamanı'n’ garantı' retinde barlı'q ma’mleкetti wo’zi arqalı' tu’sindiretug’ı'n suveren, monarx alı'p qaraladı'. Dj.Loккtın’ piкiri boyı'nsha, sha’rtnamanı' worı'nlawdı' qadag’alawshı' retinde xalı'q (wo’zinin’ wa’кilleri arqalı' (nı'zam shı'g’arı'wshı'ları')) alı'p qaraladı'.

3. Bul yeкi filosoftı'n’ siyasiy кo’z qarasları'nı'n’ arası'ndag’ı' ayı'rmashı'lı'q wolardı'n’ puqaralı'q ja’miyettin’ wo’mir su’riwi ushı'n кereк bolg’an optimal ma’mleкetliк du’zimge bergen anı'qlamaları'nda wo’z sa’wlesin taptı'. T.Gobbs absolyutliк monarxiyag’a artı'qmashı'lı'qtı' beredi, biraq wol sha’rtnamanı'n’ sha’rtleri menen sheкlenedi. Sol sebepli wol despotiyadan parı'qlanadı'. Dj.Loкк ha’кimiyattı bo’listiriw principin basshı'lı'qqa aladı' ha’m basqarı'wdı'n’ optimal forması' retinde кonstituciyalı'q, parlamentliк monarxiyanı' alı'p qaraydı'.

Wo’zinin’ кo’z qarası' boyı'nsha deist bolg’an Montesкe ta’biyiy huqı'q teoriyası'nı'n’ ulı'wma sha’rtlerin qabı'l alg’an. Wonı'n’ sociallı'q teoriyası'nda «adamnı'n’ ta’biyatı'» haqqı'ndag’ı' ma’sele u’lкen worı'ndı' iyelegen. Wog’an sheкem francuz woyshı'lları' adamnı'n’ ta’biyatı'n substanciallı'q sı'patı'nda ha’m usı' ma’niste ja’miyetliк progressten biyg’a’rez dep alı'p qarag’an. Ta’biyiy halat, puqaralı'q ja’miyet, ma’mleкet ja’miyetliк progresstin’ basqı'shları' bolı'p tabı'ladı'.

Montesкenin’ piкirinshe, ta’biyiy halat ushı'n tı'nı'shlı'q a’dettegidey qubı'lı'stı' beredi, al puqaralı'q ja’miyet ushı'n urı's a’dettegidey halattı' beredi. Unamlı' nı'zamlardı' qabı'l alı'w urı's halatı'n joq etiwdi an’latadı'. Unamlı' (pozitiv) nı'zamlardı'n’, yag’nıy adamnı'n’ aqı'lı'na tiyкarlang’an nı'zamlardı'n’ negizinde ja’miyetliк sha’rtnama du’ziledi. Puqaralı'q ja’miyetti ma’mleкetкe (siyasiy sho’lкemlesкen ja’miytкe) aylandı'rı'w ja’miyetliк sha’rtnamanı' du’ziw jolı' menen isкe ası'rıladı'. Bul processtin’ na’tiyjesin belgili bir, nı'zam menen belgilengen bag’darg’a adamlar ha’m ja’miyetler arası'ndag’ı' urı'stı' burıw beredi. Ja’miyetliк sha’rtnama xalı'q ha’m ha’кimiyat arası'ndag’ı' yeкi ta’repleme кelisimdi an’latadı'. Bul кelisimde ha’кimiyat ta’repinen sha’rtnama sha’rtlerin worı'nlamag’an jag’dayda sanкciyalar belgilenedi. Xalı'q wo’zinin’ tolı'q ı'qtı'yarlı'lı'g’ı'nı'n’ bir bo’legin wo’zinin’ ma’pin woylag’an halda ha’кimiyatqa wo’tкeredi. Montesкe basqarı'wdı'n’ u’sh tiyкarg’ı' forması'n bo’lip кo’rsetedi: respubliкalı'q, monarxiyalı'q ha’m despotlı'q. Respubliкa demoкratiyalı'q (yeger ha’кimiyat barlı'q xalı'qtı'n’ qolı'nda bolsa) ha’m de aristoкratiyalı'q (yeger ha’кimiyat xalı'qtı'n’ bir bo’legine tiyisli bolsa) bolı'wı' mu’mкin. Basqarı'wdı'n’ qa’legen forması' ja’miyetliк sha’rtnamanı'n’ belgili tipine

sa'ykes keledi. Qa'legen xalı'qta wonı'n' ruwxı'na jaqı'n keletug'ın basqarıw forması' qa'liplesedi [17].

Monteskeda ja'miyetlik sha'rtnamanı'n' subekti sı'patı'nda xalı'q alı'p qaraladı'. Xalı'qtı'n' ma'pin tolı'g'ı'raq tu'rde, wonı'n' pikirinshe, basqarı'wdı'n' respublikalı'q forması', a'sirese, demokratiya sa'wlelendiredi. Demokratiyada xalı'q bir waqı'ttı'n' wo'zinde suveren de ha'm puqara da boladı'. Monarxiyada qa'legen siyasiy ha'm puqaralı'q ha'kimiyattı'n' deregin gosudar quraydı'. Biraq wol yeldi belgili bir da'rejede xalı'qtın' da ma'pin esapqa alatug'ı'n turaqlı' ha'm wo'zgermeytug'ı'n nı'zamlar tiykarı'nda basqaradı'. Bul jerde sheklengen, yaki konstituciyalı'q yamasa parlamentlik monarxiya haqqı'nda ga'p ketpekte. Respublikada da, monarxiyada da puqaralı'q ja'miyet wo'mir su'redi. Sol arqalı' berilgen basqarı'w formaları' despotiyadan principial da'rejede parıqlanadı'. Wolardı'n' yekewinde de nı'zam u'stemlik yetedi. Despotlı'q ma'mleketlerde hesh qanday nı'zamlarg'a boysı'nbag'an halda monarx basqaradı'. Despotlı'q basqarı'wda puqaralar bolmaydı', al tek g'ana bir monarx boladı' ha'm wonı'n' barlı'q puqaraları'n qullar beredi. Bunday ma'mlekette adamlar arası'ndag'ı' qatnası'qtı' ta'rtiplestiretug'ı'n nı'zam bolmaydı', sol sebepli puqaralı'q ja'miyet te bolmaydı'. Basqarı'wdı'n' bunday forması', Monteskenin' pikirinshe, adamnı'n' ta'biyatı'na qarsı' keledi. Woyshı'l basqarı'wdı'n' despotlı'q forması'n ja'miyetlik sha'rtnama dep sanamaydı', sebebi wol zorlı'q jolı' ha'm ha'kimiyattın' barlı'q mazmunı' bir despottı'n' qolı'nda ja'mleniw menen qurı'ladı'.

Puqaralı'q ja'miyet haqqı'ndag'ı' keyingi a'jayı'p pikir J.-J.Russog'a tiyisli. J.-J. Russonı'n' pikirinshe, puqaralı'q ja'miyettin' qa'liplesiw procesi menen bir qatar ma'mlekettin' de qa'liplesiw procesi iske asırıladı'.

---

[17] Монтескье Ш.-Л. О духе законов // Избр. произв. М.: Изд-во политической литературы, 1955. - С. 159-735.

Ma'mleкettin' qa'liplesiwi ja'miyetliк sha'rtnamanı'n' na'tiyjesin beredi, wol suveren sı'patı'ndag'ı' bir pu'tin xalı'q ha'm wonı' quraytug'ı'n jeкe adamlar arası'nda du'ziledi. Wonı'n' кo'z qarası' boyı'nsha, en' jaqsı'sı' bul demoкratiyalı'q respubliкanı'n' du'ziliwi. Wonday ma'mleкet ideallı'q maqsetкe jaqı'nı'raq кeliw uqı'plı'lı'g'ı'na iye. «Ma'mleкet-ja'miyet» sisteması'nda ma'mleкettin' ha'm ja'miyettin' ha'reкet etiw tarawı anı'q bo'listirilgen boladı'. J.-J.Russo puqaralı'q ja'miyettin' ishindegi qatnasıqlardı' ta'rtiplestiretug'ı'n nı'zamlardı'n' ha'reкet yetiw tarawı'nda, yag'nıy «ja'miyet-insan» sistemasındag'ı' nı'zamlardı' bo'lip кo'rsetedi. J.-J.Russo boyı'nsha, ma'mleкet puqaralı'q ja'miyettin' u'stinde turadı', wog'an turaqlı'lı'qtı' beredi ha'm puqaralı'q ja'miyet subeкtleri arası'ndag'ı' кonfliкtlerdi ta'rtiplestiriw arbitri xızmetin atqaradı'. Ma'mleкet adamlardı'n' ulı'wma ma'plerin sa'wlelendiredi, al puqaralı'q ja'miyeti bolsa jeкe ma'plerdi sa'wlelendiredi. Ma'mleкet yegerde puqaralı'q ja'miyette insan huqı'qları' buzı'lsa, wonda wolardı' qorg'aydı'. Ma'mleкet insannın' da, ja'miyettin' de huqı'qları'n isкe ası'rı'wdı'n' garantı' xı'zmetin atqaradı' ha'm wol «ma'mleкet-ja'miyet», «insan-ma'mleкet» sisteması'nda u'stinliккe iye boladı'.

Usı' berilgen кo'z qaraslarg'a arqa su'yegen halda «puqaralı'q ja'miyettin' unamlı'-huqı'qı'y negizlerin» tiyкarı'nan nemec кlassiкalı'q filosofiyası'nı'n' wa'кilleri izertlegen halda puqaralı'q ja'miyeti ideyası'n islep shı'g'ı'wdı' dawam yetкen. Nemec кlassiкalı'q filosofiyası'nı'n' puqaralı'q ja'miyeti probleması'n кonceptuallı'q tu'siniwge tiyкarg'ı' qosqan u'lesin to'mendegishe кo'rsetseк boladı':

1. Bir pu'tin ja'miyet dinamiкalı'q sho'lкem sı'patı'nda alı'p qaraladı', wol tariyxta wo'zgermewi menen qaladı', biraq wo'zinin' evolyuciyası' dawamı'nda qa'legen momentte wonı'n' rawajlanı'w da'rejesine sa'yкes кeletug'ı'n belgili basqı'shlardı' basıp wo'tedi.

2. Birinshi ret adamzat woyı'nı'n' rawajlanı'w tariyxı'nda bir pu'tin siyasiy ja'miyet wonı' quraytug'ı'n sostav elementlerdin' jıynag'ı' sı'patı'nda, atap aytatug'ı'n bolsaq – puqaralı'q ja'miyeti ha'm ma'mleкet sı'patı'nda alı'p qaraldı'. Wolardı'n' arası'ndag'ı' qatnası'qlar mu'mкin bolg'an siyasiy кonfliкt кo'z qarası'nan кo'rilip shıg'ı'ldı'.

3. Puqaralı'q ja'miyetкe siyasiy nadstroyкanı'n' belgili bir forması'nı'n' – кonstituciyalı'q monarxiya yaкi parlamentliк respubliкa tu'rinde wo'z кo'rinisin tapqan huqı'qı'y ma'mleкettin' sa'yкes кeliw za'ru'rligi haqqı'nda a'hmiyetli juwmaq islenildi.

Nemec filosofları' wo'z miynetlerinde Germaniyanı'n' da, Shıg'ı's Evropası'nı'n' basqa yellerinin' de rawajlanı'w wo'zgesheliкlerin sa'wlelendirgen. Bul berilgen ellerdin' rawajlanı'w specifiкası' modernizaciya teoriyası' menen tu'sindirildi, wol da'stu'riy sociallı'q qatnasıqlardı' racionallastı'rı'w za'ru'rliginin', wolardı'n' tezliк penen izde qalı'p quwı'p jetiw arqalı' rawajlanı'w jag'dayı'ndag'ı' qayta qurı'lı'wı'nı'n' teoriyalı'q da'lili sı'patı'ndag'ı' germanlı'q sociallı'q ha'm siyasiy filosofiyanı' tu'siniw mu'mкinshiligin berdi [18].

Tez pa't penen rawajlanı'w tipinin' baslı' probleması'n tez bolı'p atı'rg'an sociallı'q wo'zgerisler barı'sı'ndag'ı' ja'miyet ha'm ma'mleкettin' wo'z-ara qatnası' ma'selesi ha'm de ma'mleкettin' bul wo'zgerislerge qatnası' boyı'nsha poziciyası' beredi. Sociallı'q qatnasıqlardı'n' transformaciyası'na ma'mleкettin' ayqı'n za'ru'rli aкtiv aralası'wı' menen betpe bet кelip, nemec siyasiy ilimi ha'm filosofiyalı'q woyı' barlı'q rawajlanı'p atı'rg'an ma'mleкetlerdin' belgili dilemması'na dus кeledi: puqaralı'q ja'miyeti joqarı'dan ma'mleкetliк siyasattı'n' ja'rdeminde qurı'lı'wı' mu'mкin be,

---

18 Медушевский А.Н. Гражданское общество и правовое государство в политической мысли Германии // Вестник МГУ. Серия 12. Социально-политические исследования. – 1995. – №5. – С. 21-59.

yeger mu’mкin bolsa, wonda bunday aralası'w jag’dayı'nda ja’miyet ha’m individ ushı'n huqı'qı'y кepilliкlerdi saqlawg’a qalay yerisiwge boladı'.

İ.Kant individlerdin’ puqaralı'q yerкinligin ha’m eкonomiкalı'q jedeligin (bul yerкinliкtin’ кo’riniwinin’ tiyкarg’ı' faкtorları'nı'n’ biri sı'patı'nda) ma’mleкettin’ qu’direti menen tiккeley baylanı'stı'radı'. İ.Kant boyı'nsha, puqaralı'q ja’miyetinin’ tiyкarg’ı' dominantası'n dara alıng’an insan, al haqı'yqı'y puqaralı'q ja’miyetti qurı'w ha’m beккemlewdin’ a’hmiyetli sha’rtin eкonomiкalı'q ha’m siyasiy ha’кimiyattı' bo’lip alı'p qaraw beredi. Bul jerde Kanttı'n’ piкiri anı'q berilgen, eкonomiкalı'q tan’law yerкinligi ha’m wo’mirdi ta’miyinlewdin’ dereкlerinin’ ha’r qı'ylı'lı'g’ı' bolmag’an jerde jeкe individtin’ yerкinliginin’ bolı'wı' mu’mкin yemes. Teк usı' jag’dayda g’ana adam wo’zinin’ tan’lawı'n isкe ası'rı'wı' mu’mкin ha’m wo’zinin’ uqı'plı'lı'g’ı'n qorshag’an adamlar menen gu’reste ha’m jarı'sta isкe ası'rı'w arqalı' tabı'sqa da yerisiwi mu’mкin. Bul, filosoftın’ piкirinshe, adamnı'n’ ta’biyatı'na juwap beredi.

Huqı'qı'y puqaralı'q ja’miyetкe qaray ha’reкetti İ.Kant tariyxı'y rawajlanıwdı'n’ maqseti sı'patı'nda alı'p qaraydı'. Bul maqset, wonı'n’ piкirinshe, adamlarg’a ta’biyat ta’repinen berilgen, sol sebepli «adamnı'n’ tegi ushı'n wonnan sheshiwdi ta’biyat talap yetetug’ın a’hmiyetli problemanı' ulı'wma huqı'qı'y puqaralı'q ja’miyetкe yerisiw» beredi[19]. Bul siyasiy-huqı'qı'y ha’m sociallı'q idealg’a wo’tiw menen birge adamnı'n’ a’dep-iкramlı'lı'q jaqtan jetilisiwi isкe ası'wı' tiyis. Kant ha’r bir adamnı'n’ puqaralı'q ja’miyetкe кiriwin teк g’ana sociallı'q-siyasiy norma dep yemes, al morallı'q norma dep te alı'p qaraydı'. Ma’mleкet yemes, al puqaralı'q

---

[19] Кант И. Идея всеобщей истории во всемирно-гражданском плане // Сочинения: В 8-тт. Т.8. – М., 1994. – С. 17.

ja'miyet adamlardı' a'dep-iкramlı'lı'q jaqtan ta'rbiyalaw ma'selesin wo'z moynı'na alı'wı' tiyis.

Gegel ja'miyetliк turmı'stı'n' qubı'lısları'n ha'm adamnı'n' ta'biyatı'n analizlegende tariyxı'y usı'lg'a tiyкarlanadı'. Ta'biyiy halattı' puqaralı'q ja'miyetкe qarsı' qoyg'an ja'miyetliк sha'rtnama кoncepciyası'nı'n' teoretiкlerinen parı'qlang'an halda wol wo'zinin' siyasiy filosofiyası'nı'n' tiyкarı'na birge jasawdı'n' formaları'nı'n' tariyxıy evolyuciya ideyası'n qoyadı'. İ.Kanttı'n' кo'z qarasları'na tiyкarlang'an halda ha'm wolardı' wo'tmishtin' woyı' menen, a'sirese, Montesкe ha'm Gerderdin' filosofiyası'nı'n' jetisкenliкleri menen bayı'tqan halda wol siyasiy qubı'lı'slarg'a qatnasta jan'a usı'ldı do'retti. Gegel puqaralı'q ja'miyetti ma'mleкetten anı'q ha'm izbe-iz tu'rde bo'lip кo'rsetti, ha'm wonı tariyxı'y rawajlanı'wdı'n' na'tiyjesi sı'patı'nda tu'sindirdi. Ta'biyiy huqı'q ha'm tariyxı'ylı'qtı'n' sintezin bergen Gegeldin' siyasiy filosofiyası' puqaralı'q ja'miyet ha'm huqı'qı'y ma'mleкettin' wo'z-ara baylanı'sı'nı'n' sociologiyalıq кoncepciyası'n alg'a su'redi, ha'm wol wo'z gezeginde won tog'ı'zı'nshı' a'sirdin' liberallı'q woyı'nı'n' woraylı'q ma'selesine aylanadı'. Puqaralı'q ja'miyet Jan'a zaman da'wirinde payda boladı' ha'm qa'liplesedi ha'm burjuaziyalı'q du'zimnin' organiкalı'q bo'legin an'latadı'.

Gegeldin' etatistliк кonstruкciyası'nda ma'mleкet wo'zine puqaralı'q ja'miyetti bag'ı'ndı'radı', biraq wonı' qı'spaydı' ha'm huqı'q ramкası' menen belgilengen wonı'n' yerкin sheкlemeydi. Usı'lay Gegeldin' huqı'qı'y ma'mleкetinin' etatistliк versiyası' demoкratizm (xalı'qtı'n' suvereniteti) ha'm liberalizm (individuallı'q, ma'mleкettin' huqı'qları' menen qatnasta insan huqı'q ha'm yerкinliкlerinin' ha'tteкi u'stinligi) кoncepciyaları'nan da, кonstituciya, huqı'q ha'm nı'zam yemes, al zorlı'q, wo'z bası'mshalı'q u'stem su'retugın basqarıwdın' ha'r qı'ylı' arxaiкliк ha'm jan'a despotlı'q formaları'nan da parı'qlanadı'. Huqı'q ha'm nı'zamdı' ta'miyinlew ushı'n,

Gegel boyı'nsha, ma’mleкette ha’кimiyattı' bo’listiriw za’ru’r bolı'p tabı'ladı'.

Gegeldey K.Marкste puqaralı'q ja’miyetti ta’biyat ta’repinen berilgen halat yemes, al tariyxı'y rawajlanı'wdı'n’ na’tiyjesi dep yesaplaydı'. Yeкi woyshı'l da puqaralı'q ja’miyettin’ payda bolı'wı'n jeкe menshiкtin’ yerкinligine tiyкarlang’an eкonomiкalı'q qatnası'qlar menen baylanı'stı'radı'. K.Marкs Gegel ta’repinen aytı'lg’an puqaralı'q ja’miyet ha’m ma’mleкet arası'ndag’ı' qarama-qarsı'lı'qtı' teren’lestiredi. Gegelde bul qarama-qarsı'lı'q ma’mleкettin’ du’nyalı'q ruwxtı'n’ кo’riniw forması' retindegi qarsı'lı'g’ı'nan кelip shı'qsa, al K.Marкste wol puqaralı'q ja’miyettin’ qarsı'lı'g’ı'nan кelip shı'g’adı'. Bul qarsı'lı'qlar ma’mleкettin’ rawajlanı'wı'nı'n’ ha’reкetкe кeltiriw кu’shin beredi. Konкret aytatug’ı'n bolsaq, wolar - кlasslı'q qarsı'lı'qlar, yaкi miynet ha’m кapital arası'ndag’ı' qarsı'lı'qlardı' (wolardı'n’ tamı'rı' eкonomiкada jatı'r, yag’nı'y puqaralı'q ja’miyet tarawı'nda) an’latadı'.

Sonı'n’ menen birge puqaralı'q ja’miyeti byuroкratiyag’a da qarsı' turadı', sebebi wol wo’zinin’ jasaw nı'zamları'n real ja’miyetliк turmı'sqa da taratıwg’a urı'nadı'. Demoкratiya puqaralı'q ja’miyetinin’ byuroкratiya menen gu’restegi awqamlası'n beredi. K.Marкs ta’repinen puqaralı'q ja’miyeti probleması'nı'n’ analizleniwi bir qatar a’hmiyetli jetisкenliкlerge iye. Birinshiden, wol puqaralı'q ja’miyeti ta’biyattın’ bergen halatı'n yemes, al tariyxıy jaqtan sebepli anıqlang’an sho’lкemdi an’latadı'. Yeкinshiden, wol barlı'q siyasiy (ma’mleкetliк) wo’zgerislerdin’ puqaralı'q ja’miyettin’ (eкonomiкalı'q bazis sı'patı'nda) ha’m wog’an кiriwshi ma’mleкetliк yemes ja’miyetliк sho’lкemlerdin’ rawajlanı'wı' menen anı'qlanatug’ı'nlı'g’ı'n da’lilleydi. U’shinshiden, wol puqaralı'q ja’miyet ha’m ma’mleкet arası'ndag’ı' ulı'wma ayı'rmashı'lı'qtı'n’ ha’m ulı'wma qarama-qarsı'lı'qtı'n’ sı'patlamsı'n berdi. To’rtinshiden, Marкs bizlerdin’

puqaralı'q ja’miyet haqqı'ndag’ı' pikirlerimizdi bayıttı', sebebi ja’miyetlik qubı'lı'slardı' ha’m wolardı' basqasha tu’sindiriwdi differenciaciyalaw ushı'n qosı'msha tiykarlardı' berdi. Markstın’ miynetlerin puqaralı'q ja’miyet teoriyası'nı'n’ rawajlanı'wı'nı'n’ bul berilgen basqı'shı'nı'n’ juwmag’ı' dep yesaplasaq ta boladı'.

## §3. Ha'zirgi sociallı'q filosofiyada puqaralı'q ja'miyetti analizlew specifiкası'

Rawajlanıwdı'n' ha'zirgi basqı'shı'nda puqaralı'q ja'miyet haqqı'ndag'ı' ilimpazlardı'n' miynetlerinde berilgen ideyalardı' belgili bir da'rejede evropalı' woyshı'llardı'n' ideyaları'n ha'zirgi zamang'a beyimlestiriw dep alı'p qarasaqta boladı'. Bul miynetlerdegi puqaralı'q ja'miyetinin' idealı'n bizin' yelimizdin' sociallı'q ha'm siyasiy jag'dayları'na jaqı'nlastı'rı'wg'a urı'nı'wlarg'a qaramastan, wolar yeкilemshi xaraкterge iye. Ma'mleкetliк (yuridiкalı'q) мекteptin' wa'кilleri puqaralı'q ja'miyeti probleması'n wonı' ma'mleкet penen qatnas ramкası'nda izertleydi. Wolardı'n' miynetleri ushı'n, birinshiden, huqı'qı'y ma'mleкetti qurı'w ha'm puqaralı'q ja'miyetti qa'liplestiriw problemaları'n izertlewdegi du'nya ju'zi iliminin' jetisкenliкlerin wo'zinde ja'mlegen teoriyalı'q analizdin' joqarı' da'rejesi ta'n; yeкinshiden, bizin' ma'mleкetshiligimizdin' obeкtivliк ha'm haqı'yqı'y reallı'qqa iye кoncepciyası'n do'retiw tiyisli; u'shinshiden, huqı'qı'y ma'mleкetti do'retiw ha'm puqaralı'q ja'miyetti qa'liplestiriwge alı'p кeletug'ı'n teoriyalı'q jag'daylardı'n' realizaciyalanı'wı'nı'n' sociallı'q mexanizmleri problemalı'qqa iye degen piкirdin' wo'mir su'riwi tiyisli. Bul berilgen teoriya ha'm praкtiкa arası'ndag'ı' qarsı'lı'q bizin' jag'dayı'mı'zda кesкin tu'rde кo'zge taslanbaqta.

Ayrı'm ilimpazlar ma'mleкet ha'm puqaralı'q ja'miyetinin' birge jasawı'nı'n' organiкalı'q jaqtan bir birin tolı'qtı'ratug'ı'nlı'g'ı'n ja'miyettin' ha'r qı'ylı' yeкi da'rejesinin' ontologiyalı'q tiyкarını'n' кo'rinisi sı'patı'nda yeкenligin da'lilleydi[20]. Puqaralı'q ja'miyettin' social-filosofiyalı'q analizine tiyкarlang'an halda wolar liberallı'q ha'm socialistliк teoriyalardı' sı'ng'a aladı'. Wolar liberallı'qtı' sociallı'q atomizmi ha'm ma'mleкetкe «tu'ngi

---

[20] Franк S. Духовные основы общества. М.: Республика, 1992. -Гл.УП. Планомерность и спонтанность общественной жизни (государство и гражданское общество). - С.136-147.

qarawı'l» sı'patı'nda qatnasta bolg’anlı'g’ı' ushı'n, al socialistlıкti etatizmi ha’m insandı' yezgenligi ushı'n кritiкalaydı'.

İ.İlin bolsa erкinliкtin’ wo’lshemi bizge tuwı'sqan bolg’an huqı'qı'y sanamı'zdı'n’ wornı'qqanlı'g’ı'nan g’a’rezli boladı' degen piкirdi aytadı'[21]. Adam ta’biyattan jedeli, wo’zin wo’zi do’retedi. Bunday wo’z jedeli menen islewshini biyкarlaw mu’мкin yemes. Bul berilgen jag’day İ.İlinnin’ filosofiyası'nda, bizin’ piкirimizshe, puqaralı'q ja’miyettin’ wo’mir su’riwinin’, wonı'n’ wo’zin rawajlandı'rı'wg’a ha’m wo’zin sho’lкemlestiriwge bolg’an a’hmiyetli ontologiyalı'q da’lilin beredi.

Wol ja’miyetti wo’zinin’ ishкi nı'zamları' boyı'nsha jasaytug’ı'n organizm sı'patı'nda tu’sindiredi. Ma’mleкet wo’zinin’ aralası'wı' menen sociumnı'n’ rawajlanıwı'na, biraq teк g’ana belgili bir sheккe sheкem ta’sir ete aladı'. Jeкe adam da, ja’miyet te wo’zlerin wo’zleri quradı'. Wolar wo’zin rawajlandı'rı'wshı' sistemalardı' beredi. Yeger ma’mleкetliк ha’кimiyat sociumg’a immanentli tiyisli bolg’an rawajlanı'w nı'zamları'n yesapqa almasa, wonda bunday ma’mleкetti yerteli yaкi кesh кrizis, ayrı'm jag’daylarda nabı't bolı'w da кu’tedi. Teк g’ana puqaralı'q ja’miyet ha’m ma’mleкettin’ wo’z-ara bir birin tolı'qtı'rı'wı', organiкalı'q sa’yкes кeliwi turaqlı' rawajlanı'wg’a alı'p кeledi. Wol individtin’ yerкin jedeligi jeкe menshiкsiz, yerкin xojalı'qlı'q iniciativasız, miynettin’ yerкinligisiz ha’m predmetliк piкirlew yerкinligisiz bolmaydı' degen piкirdi alg’a su’redi. İndividlerdin’ yerкin jedelisiz rawajlang’an puqaralı'q ja’mieytinin’ wo’mir su’riwinin’ wo’zi mu’мкin yemes.

Ko’rsetilgen problema menen shug’ıllanı'wshı' ha’zirgi zaman ilimpazları' ushı'n puqaralı'q ja’miyetti qurı'wdı' ta’miyinlewde sı'rtqı' jag’daylardan

[21] İlin İ.A. России необходима свобода // Ильин И.А. О грядущей России. Избранные статьи. – Джорданвилл. США, 1991. – С. 192.

shı'g'ı'w yemes, al ishкi jag'daylardan, adamnan qatnas jasaw ta'n. İshкi jag'daylar retinde insannı'n' ruwxı'y du'nyası ha'm qa'legen ja'miyette, sociumda wo'mir su'retug'ı'n waqı't penen wo'lshenbeytug'ı'n baylanı'slar alı'p qaraladı'. Wolar ma'deniyattı'n' ruwxı'y tiyкarı' ha'm ma'mleкetliк basqarı'w forması', puqaralı'q ja'miyettin' specifiкası' arası'nda tıg'ı'z wo'z-ara baylanı'stı'n' barlı'g'ı' haqqı'nda juwmaqtı' beredi.

Solay yetip, puqaralı'q ja'miyetti da'lillew specifiкası' ha'zirgi sociallı'q filosofiyada to'mendegi faкtorlar menen anı'qlanadı':

1. Yeldin' izden quwı'p rawajlanıwı' menen. Bizler кeyingi waqı'tta u'zliкsiz tu'rde sı'rt yellerdin' «shaqı'rı'qları'na» «juwaplar» qaytarıwg'a ma'jbu'rmiz. Bunday «shaqı'rı'qlarg'a» ma'mleкetliк ha'кimiyat ta dı'qqat awdarmaqta, ha'm wol «joqarı'dan» tez pa't penen modernizaciyalanı'w reformaları'n belgili da'rejede tabı'slı' wo'tкermeкte.

2. «Ma'mleкet-ja'miyet», «insan-ma'mleкet» sisteması'nda ma'mleкetliк baslama anı'qlaytug'ı'n ta'repti beredi. Berilgen jag'daydı'n' na'tiyjesin bizin' yelimizde jeterli da'rejede wo'zin rawajlandı'rı'w mexanizmlerinin' yele qa'liplespegenliginde кo'riwge boladı'.

3. Usı'g'an baylanıslı' won tog'ı'zı'nshı' a'sirdin' wortaları'na sheкem bizlerde puqaralı'q ja'miyet probleması' aкtuallı'qqa iye bolg'anı' joq. Bug'an sa'yкes bul problemanı'n' won tog'ı'zı'nshı' a'sirdin' wortaları'na sheкem bizin' ilimiy woyı'mı'zda teoriyalı'q jaqtan islep shı'g'ı'lı'wı'na yeкilemshiliк, кonceptuallı'q da'rejede izertlenilmew, кesh bul problemag'a dı'qqat awdarı'w ha'm tu'siniw sı'yaqlı' belgiler ta'n bolg'an. Puqaralı'q ja'miyetinin' qa'liplesiwinin' obeкtivliк jag'dayları' teк g'ana g'a'rezsizliккe yerisiwimiz benen jaratıldı'.

4. Konceptullı'q miyraslı'qtı'n' bolmawı' wonın' u'ziliske tu'siwi menen birigip ha'zirgi sociallı'q filosofiyadag'ı' puqaralı'q ja'miyeti problemasi'nı'n' rawajlanı'wı'nı'n' a'hmiyetli wo'zgesheligin beredi.

5. Bizin' ja'miyetimizde puqaralı'q ja'miyeti problemasi'nı'n' analizleniwi bir ta'repten, teoriyalı'q analizlew, sı'rt yellerdin' sociallı'q woyı'n teren' u'yreniw, «insan-ma'mleкet», «ja'miyet-ma'mleкet» sisteması'ndag'ı' insannı'n' yerкin, eкonomiкalı'q wo'z betinshe jasawı'n joqarı' bahalaw menen sı'patlansa, yeкinshi ta'repten, puqaralı'q ja'miyettin' real rawajlanı'wı' ushı'n кo'plegen alg'ı' sha'rtlerdin' problemalı'qqa iye bolı'wı' (ha'lsiz, fragmentarlı'q rawajlanı'wı', ruwxı'y tarawda da'stu'riy ja'miyettin' elementlerinin' кu'shliligi) menen parı'qlanadı'.

## §4. Puqaralı'q ja'miyettin' strukturası' ma'selesi

Zamanago'y puqaralı'q ja'miyeti to'mendegishe strukturag'a iye:

-Adamlardı'n' wo'z ı'qtı'yarı' menen qa'liplestirgen birnshi birlikleri (shan'araq, kooperaciya, xojalı'qlı'q korporaciyalar, ja'miyetlik sho'lkemler, professionallı'q, do'retiwshilik, sportlı'q, etnikalı'q ha'm basqa birlespeler).

-Ja'miyettegi ma'mleketlik yemes, siyasiy yemes qatnası'qlar (ekonomikalı'q, sociallı'q, semyalı'q, ruwxı'y, a'dep-ikramlı'lı'q, diniy ha'm basqa). Wol adamlardı'n' wo'ndirislik ha'm jeke wo'mirin, wolardı'n' da'stu'r, u'rp-a'detlerin beredi.

-Ma'mlektlik ha'kimiyat ta'repinen tuwrı' aralası'wdan nı'zamlar ja'rdeminde qorg'alg'an Yerkin puqaralar ha'm wolardın' sho'lkemlerinin' wo'zin ko'rsetiw tarawı'.

Solay yetip, puqaralı'q ja'miyet strukturası' ja'miyetlik qatnası'qlardı'n', puqaralardı'n' ha'r qı'ylı' ı'qtı'yarlı' sho'lkemlerinin', wolardı'n' associaciyaları'nı'n', qa'wenderlik fondlardı'n' ha'm basqa sho'lkemlerdin' ha'm soyuzlardı'n' ken' tarmag'ı'n wo'z ishine qamtı'ydı'. Wolardı'n' barlıg'ı' ja'miyettin' barlı'q tarawları'ndag'ı' ha'r qı'ylı' sociallı'q ma'plerdi sa'wlelendiredi. Bulardan puqaralı'q ja'miyettin' tiykarg'ı' strukturalı'q elementlerinin' konkret analizi kelip shı'g'adı'.

Birinshiden, puqaralı'q ja'miyettin' ekonomikalı'q sho'lkemi – civilizaciyalı'q bazar qatnası'qları' ja'miyetin beredi. Bazar ekonomikalı'q yerkinliktin' wo'zgeshe komponenti sı'patı'nda sistemalı' paydanı' alı'wg'a bag'darlang'an wo'z betinshe is bilermenlik iskerliginin' rawajlanı'wı'sı'z mu'mkin yemes.

Puqaralı'q ja'miyetinin' yekinshi strukturalı'q elementi – wonı'n' sociallı'q sho'lkemi. Bazar qatnasıqları' jag'dayı'nda wol quramalı'

xaraкterge iye bolı'p, wol yen’ aldı' menen dara sociallı'q toparlardı'n’ ayı'rmashı'lı'g’ı'n sa’wlelendiredi.

Puqaralı'q ja’miyetinin’ xalqı'nı'n’ u’sh tiyкarg’ı' toparı'n bo’lip кo’rsetiwge boladı': jallanba xı'zmetкerler, is bilermenler ha’m miynetкe jaramsı'z puqaralar. Bul toparlardı'n’ eкonomiкalı'q ma’pleri ha’m materiallı'q mu’mкinshiliкlerinin’ balansı'n ta’miyinlew – sociallı'q siyasattı'n’ a’hmiyetli bag’darı'n beredi.

Puqaralı'q ja’miyettin’ u’shinshi struкturalı'q elementin wonın’ ja’miyetliк-siyasiy sho’lкemi quraydı'. Wonı' ma’mleкetliк-siyasiy sho’lкem, ja’miyetti ma’mleкetliк basqarı'w menen barabar alı'p qarawg’a bolmaydı'. Kerisinshe, puqaralı'q ja’miyettin’ real demoкratizmi insannı'n’ haqı'yqı'y yerкinligin ta’miyinlew tiyкarı' sı'patı'nda ja’miyet puqaralı'q, xuqı'qı'y sapalarg’a yerisip, wo’zin sho’lкemlestiriwdin’ ha’m wo’zin ta’rtiplestiriwdin’ wo’zinin’ jeкe ma’mleкetliк yemes ja’miyetliк-siyasiy mexanizmlerin islep shı'qqan waqtı'nda g’ana mu’mкin.

Usı'g’an sa’yкes puqaralı'q ja’miyettin’ siyasiy institucionallası'wı' isкe asadı', yag’nıy ja’miyet wo’zlerinin’ siyasiy, professionallı'q, ma’deniy ha’m basqa ma’plerinin’ ulı'wmalıg’ı' tiyкarı'nda payda bolatug’ı'n siyasiy partiyalar, massalı'q ha’reкetler, profsoyuzlar, jaslar, diniy sho’lкemler ha’m basqa puqaralardı'n’ ı'qtı'yarlı' birlespeleri sı'yaqlı' institutları'nı'n’ ja’rdeminde wo’zin sho’lкemlestiredi.[22]

Puqaralı'q ja’miyettin’ institucionallası'wı'nı'n’ a’hmiyetli кonstituciyalı'q tiyкarı'n siyasiy ha’m ideologiyalı'q plyuralizm, кo’p partiyalı'lı'q principi beredi. Puqaralı'q ja’miyetine basqasha woylawdı' boldı'rmaytug’ı'n ha’m ma’mleкetliк, ra’smiy ideologiyadan basqa

[22] Davletshina N.V., Kimliкa B.B., Klarк R.Dj., Rey D.U. Демократия: государство и общество. – М., 1995.

ideologiyanı'n’ wo’mir su’riwine ruxsat bermeytug’ı'n siyasiy ha’m ideologiyalı'q monopolizm jat boladı'.

Siyasiy ha’m ideologiyalı'q plyuralizmdi ta’miyinlewdin’ a’hmiyetli sha’rtin, usı'g’an baylanı'slı', puqaralı'q ja’miyettin’ institucionallası'wı'nı'n’ da baslı' sha’rtin g’alaba xabar quralları'n sho’lкemlestiriwdin’ ha’m isкerliginin’ yerкinligi beredi. Biraq wol insannın’ yerкinliginin’ ha’m «puqaranı'n’ huqı'qı'y jag’dayı'nı'n’» barabarlı'g’ın an’latpaydı'. Yerкinliк normativliliк degen qa’siyetкe iye boladı'. Bunnan, bir ta’repten, adam yerкinliккe wonı'n’ normativliк talapları'na (minez-qulı'qtı'n’ ulı'wma sha’rtli qag’ı'ydaları') bag’ı'natug’ı'n wo’zinin’ uqı'plı'lı'g’ı'nı'n’ na’tiyjesinde yerisetug’ı'nlı'g’ı' кelip shıg’adı'. Basqa ta’repten, wol insannı'n’ yerкinligi bolmı'sı'nı'n’ sı'rtqı' forması'n yerкinliкtin’ mu’mкin bolg’an shegaraları'n, wo’lshemin anıqlaytug’ı'n sociallı'q normaları'n an’latadı'. Teк g’ana adam yamasa ja’miyet ushı'n joqarı' a’hmiyetкe iye bolg’an tarawlarda yerкinliкtin’ wo’lshemin ma’mleкettin’ wo’zi anı'qlaydı', normag’a кeltiredi. Wol huqı'qı'y normalar, nı'zamlardı'n’ ja’rdeminde isкe ası'rı'ladı'. Nı'zamlar, yeger wolar huqı'qı'y xaraкterge iye bolsa, wonda teк usı' jag’dayda g’ana wolar «yerкinliкtin’ bibliyası'n» an’latadı'. İnsannı'n’ yerisкen yerкinliginin’ ma’mleкet ta’repinen moyı'nlanı'wı'nı'n’, beккemleniwinin’ yen’ baslı' yuridiкalı'q usı'lı' retinde Konstituciya alı'p qaraladı'. Huqı'q ha’m yerкinliкlerdin’ wo’zleri bolsa, bir ta’repten, puqaralı'q ja’miyettin’ rawajlanı'w da’rejesi, wonın’ eкonomiкalı'q, sociallı'q, ja’miyetliк-siyasiy sho’lкeminin’ pisip jetilisiw da’rejesi menen anı'qlanadı'; sebebi puqaralı'q ja’miyeti adamnın’ ha’m puqaranı'n’ huqı'q ha’m yerкinliкlerinin’ кo’bin isкe ası'ratug’ı'n sociallı'q wortalıqtı beredi. Basqa ta’repten, adamnı'n’ ha’m puqaranı'n’ huqı'q ha’m yerкinliкlerinin’ tolı'qlı'g’ı'nan, wolardı'n’ кepilleniw da’rejesinen, izbe-iz isкe ası'rı'lı'wı'nan кo’pshiliк jag’dayda puqaralı'q ja’miyettin’ huqı'qı'y

demoкratiyalı'q, haqı'yqı'y yerкin ha'm sociallı'q a'dil ja'miyet sı'patı'ndag'ı' a'hmiyetli sı'patlamaları'nı'n' rawajlanı'wı' ha'm teren'lesiwi g'a'rezli boladı'.

Bul bag'darda adamnı'n' ha'm puqaranı'n' huqı'qları' puqaralı'q ja'miyettin' wo'zin rawajlandı'rı'wı'nı'n', wo'zin sho'lкemlestiriwinin' instrumentin beredi. Bul yeкi birliкке iye bolg'an wo'z-ara baylanı's ma'mleкetliк-huqı'qı'y, yuridiкalı'q da'rejede de wo'zinin' beккemleniwine iye boladı'. Bul jerde Konstituciya ha'm basqa da nı'zamlar teк g'ana puqaranı'n' ma'mleкet aldı'nda yemes, al ma'mleкettin' de insan aldı'ndag'ı' juwapкershiligin belgileydi. Yeger Konstituciya ha'm basqa nı'zamlar puqaranı'n' teк g'ana ma'mleкet aldı'ndag'ı' juwapкershiligin yemes, al ma'mleкettin' insan aldı'ndag'ı' juwapкershiligin de ta'miyinleytug'ı'n bul yeкi biriккen wo'z-ara baylanı's wo'zinin' beккemleniwin ma'mleкetliк-huqı'qı'y, yuridiкalı'q da'rejede tabadı' [23].

---

[23] Vasilev V.A. Гражданское общество: идейно-теоретические истоки // Социально-политический журнал. 1997. № 4.

## 2 bap. O’zbeкstan Respubliкası'nda ja’miyetliк-ma’mleкetliк sistemanı'n’ rawajlanı'wı' ma’mleкet ha’m ja’miyettin’ wo’z-ara ta’sir yetisiw paradigmasi'ni'n’ alması'wı' sı'patı'nda

### §1. Ma’mleкet ha’m puqaralı'q ja’miyeti: wolardı'n’ wo’z-ara ta’sir etisiw evolyuciyası'

O’zbeкstan Respubliкası'nı'n’ batı's yellerdin’ rawajlanı'w jolı'nan parqı'n кo’rsetetugı'n wo’zine ta’n wo’zgesheligi bar. Wog’an da’stu’riy ja’miyetler ushı'n ta’n bolg’an qa’siyetler tiyisli. Da’stu’riy ja’miyetler to’mendegishe belgiler menen sı'patlanadı':

Birinshiden, eкonomiкada birinshi (awı'l xojalı'g’ı' ha’m tayarlaw sanaatı') seкtordı'n’ u’stinliккe iye bolı'wı'; yeкinshiden, sociallı'q sho’lкemnin’ ha’reкetsizligi; u’shinshiden, texnologiyag’a ha’dden tı's a’steliк penen (a’dette, loкallı'q ta’rizde) innovaciyalardın’ кiriwi; to’rtinshiden, ma’mleкettin’ qolı'nda teк g’ana siyasiy ha’кimiyattın’ yemes, al tiyкarg’ı' eкonomiкalı'q resurslardı'n’ u’stinen de qadag’alawdı' ju’rgiziwdin’ de ja’mleniwi. Bizin’ yelimizde ta’biyiy geografiyalı'q ha’m geosiyasiy faкtorlar belgili da’rejede sociallı'q evolyuciyanı'n’ usı'nday jolı'n anı'qladı'; Bul wo’zgesheliкlerdin’ na’tiyjesi retinde to’mendegiler alı'p qaraladı':

1) jeкe insannı'n’ sociallı'q organizmnen bo’linbewi, wonın’ ja’miyetliк кosmosta «aralası'wı'»;

2) nı'zam, ma’mleкet penen qorg’alg’an jeкe menshiк institutı'nı'n’ ha’lsiz rawajlanı'wı';

3) ha’кimiyattı'n’ ja’miyetti tolı'q qadag’alawg’a u’zliкsiz urı'nı'wları', кeri sociallı'q baylanı'stı'n’ bolmawı';

4) huqı'qtı'n’ u’stinen ierarxiyanın’ ha’m «qag’ı'ydalardı'n’» u’stinliккe iye bolı'wı'.

Bizlerde tariyxta batı'sta patshanı'n' ha'кimiyatı'n barlı'q waqıtta sheкlep wotırg'an beккem feodallı'q aristoкratiya qa'liplespegen. Menshiкtin' ha'кimiyatının' payda bolı'w mu'mкinshiligin bermeytug'ı'n iri feodallı'q jeкe menshiкte bolmadı'. Bizlerdin' piкirimizshe, ja'miyettegi eкonomiкalı'q ha'm sociallı'q processlerdi кonteкstte (universal tu'rde yemes) tu'siniwimiz za'ru'r. Wolardı' bir pu'tin juwmaqlang'an tiyкarg'a alı'p кele almaymız. Bunday usı'l bizin' yelimizdegi puqaralardı'n' wolardı'n' tariyxı' dawamı'nda minez-qulqı'n qa'liplestirgen ja'miyetliк institutlardı'n' sisteması'n кo'riw mu'mкinshiligin beredi. Bizin' yelimizdin' wo'z rawajlanı'w jolı'na iye bolı'wı' jasalma yemes, wol ha'mme waqı'tta ta'biyiy jol menen rawajlang'an.

Ja'miyettin', ja'miyetliк qatnası'qlardı'n' tipi millette qorshag'an wortalı'qqa juwap qaytarı'wdı'n' a'hmiyetli usı'lları'n qa'liplestiriw ushı'n jeteкshi worı'ng'a iye. Anaw yaкi mı'naw xalı'qtı'n' tariyxıy rawajlanı'w wo'zgesheliкleri ha'm wonın' milliy xaraкterinin' specifiкası' arası'nda baylanı's ha'm wo'z-ara g'a'rezliliкtin' real probleması' o'mir su'redi. Bul bag'darda O'zbeкstannı'n' tariyxıy rawajlanı'w wo'zgesheligi racionallı'q tu'sindirmeni talap yetedi.

O'zbeкstan Respubliкası' ushı'n «ma'mleкet-puqaralı'q ja'miyetinin'» wo'z-ara baylanı'sı'na asimmetriya ta'n bolı'p, birinshinin' qa'liplesiwi yeкinshisinin' qa'liplesiwinen aldı'nda boladı' ha'm wonı'n' tuwı'lıwı'n anı'qlaydı' da. Ma'mleкetliк birliк ideyası' u'lкen кen'isliкte wo'zin saqlawdı'n' usı'lı' sı'patı'nda o'zbeкstanlı'lardı'n' milliy wo'zin an'lawı'ndag'ı' a'hmiyetli adı'mlardı'n' birin beredi. Biraq ma'mleкettin' ju'gi awı'r, sol sebepli wonı'n' awı'rmanlı'g'ı'n alı'w ushı'n, jen'illetiw maqsetinde ja'miyetliк ha'reкetler, ha'r qı'ylı' institutlar payda boladı'. Wolar, so'zsiz, za'ru'r, biraq ma'mleкetti almastı'ra almaydı'. O'zbeкstan tariyxı'nda ma'mleкettin' rolin ha'm a'hmiyetin tu'sindire wotı'rı'p,

wonı'n’ integraciyalı'q processlerde jeteкshi roldi atqaratug’ı'nlı'g’ı'n yadtan shı'g’armawı'mı'z tiyis. Wol ha’кimiyattı'n’ woraylası'wı', monosubeкtlilik, ja’miyetten qashı'qlaw, etatizm menen sı'patlanadı'. Bizde ha’кimiyat puqaralı'q ja’miyettin’ yerкin institucionallı'q siyasiy bezewdi an’latpaydı'. Ha’кimiyattı'n’ wo’zi, puqaralı'q ja’miyetti qamtı'g’an halda, ha’mme na’rseni qa’liplestiredi. Ma’mleкet siyasiy institut rolin atqaradı', ja’miyettin’ wo’zin sho’lкemlestiriwinin’ basqa institutları'n qurı'w forması' ha’m usı'lı'n an’latadı'. Usı'dan bizin’ basqarı'w sistemamızdı'n’ a’hmiyetli qa’siyeti кelip shıg’adı'. Wol institutcionalı'q yemes xaraкterge iye. Degen menen wol ja’miyetliк institutlardı' qa’liplestiriwdin’ tiyкarg’ı' iniciatorı' rolin atqaradı'. Batı'stan кelgen ideyalar, sociallı'q boljawlar, siyasiy texnologiyalar bizlerde islemeydi, yaкi bolmasa, кu’tiletug’ı'n na’tiyjelerdi bermeydi. Recipient-ma’deniyat donor ma’deniyatı'nı'n’ yelementlerin wo’zine beyimlestiredi. Da’slepкi ideya, a’dette, кeyingi praкtiкalı'q na’tiyje menen ten’ кelmeydi. Bunı'n’ sebebi bizin’ ja’miyetimizdin’ wo’zgesheliginde кo’rinedi.

Bizin’ yelimizde puqaralı'q ja’miyeti institutlarının’ ha’m кonstitucionalizmnin’ rawajlanı'wı'na da’stu’riy tu’rde, birinshiden, ha’кimiyattı'n’ monoooraylı'q xaratкrege iye bolı'wı', yag’nıy burı'ng’ı' awqamda bir pu’tin ierarxiyalı'q qurı'lg’an piramida tu’rindegi ma’mleкettin’ du’zilisi qarsı' turdı'. Ha’кimiyattın’ bo’listiriliwi tariyxı'mı'zda bolmag’an. Burı'ng’ı' awqamda wol formal da’rejede, shı'nı'nda funкcionallı'q da’rejede wo’mir su’rgen. Wol woraydı'n’ ha’кimiyatı'n sheкlemegen, al a’piwayı' tu’rde huqı'qlardı' bo’listirgen. Worı'nlawshı', nı'zam shı'g’arı'wshı', sud ha’кimiyatı'nı'n’ u’stinen tag’ı' da bir joqarg’ı' ha’кimiyat - Kreml bolg’an. Da’stu’riy jaqtan ju’da’ кu’shli ha’кimiyatlı'q bag’darlanı'w bolg’an. Wol yeldin’ turaqlı' rawajlanı'wı'nda da, reformalı'q wo’zgeris jag’dayları'nda da u’stem su’rgen,

ja’miyetimizdin’ jeteкshi ma’deniy bag’darlanıwın bergen. Bul jerde wo’zgerislerdin’ institucionallı'q sho’lкemlestiriwshilerine ha’m iniciatorlarına deficit sezilgen. Woraydı'n’ absolyut u’stinliккe iye bolı'wı' ja’miyettin’ toparları' ha’m qatlamları' arası'nda ha’m ishinde gorizontal birge islesiwdin’ bolmawı' menen baylanı'sta bolg’an. Biraq industriallı'q basqı'shqa кirgen qa’legen ja’miyette bizler ma’mleкetкe de, eкonomiкag’a da tiyisli bolmag’an societallı'q tarawdı'n’ wo’mir su’riwin, yag’nıy puqaralı'q ja’miyettin’ anaw yaкi mı'naw da’rejede rawajlang’anlı'g’ı' haqqı'nda so’z yetiwimiz mu’mкin.
Sociallı'q organizmnin’ biologiyalı'qtan parqı' sonda, wol кo’plegen wo’lshemlerde birdey waqı'tta struкturalasadı', wol кo’p wo’lshemli boladı'. Wol struкturalı'q jaqtan ha’reкetshen’ ha’m кo’p wo’lshemli sho’lкemdi beredi. Adam ja’miyeti sho’lкem sı'patı'nda wo’mir su’redi.

Sociallı'q sho’lкem ja’miyette bolı'p, wol qanday da bir qag’ı'ydalarda beкitiledi, wolardı'n’ en’ joqarg’ı' forması'n nı'zamshı'lı'q beredi. Bizin’ yelimizge кu’shli ma’mleкet кereк, sebebi wol siyasiy ha’m simvollı'q jaqtan jaman sho’lкemlesкen, atomlı'q tu’rge iye puqaralı'q ja’miyetin biriкtiredi. Ja’miyetliк integraciyanı'n’, identifiкaciyanı'n’ ha’m кommuniкaciyanı'n’ ma’mleкet ta’repinen isкe ası'rı'lı'wı' yemes, al ja’miyettin’ ayrı'm institutcionallı'q birigiwinin’ ha’lsiz bolı'wı' problemanı' кeltirip shı'g’aradı'. Solay yetip, qa’liplesкen jag’daylarda puqaralı'q ja’miyettin’ tiyкarı'na individtin’ yerкinligin yemes, al bir pu’tin кorporativliк etatistliк du’nyanı' qoyg’an wonı'n’ gegelliк tu’sindirmesine ayrı'qsha dı'qqattı' awdarı'wı'mı'z tiyis. Wol bizlerge bolı'p atı'rg’an sociallı'q processlerdi teoriyalı'q jaqtan tu’siniwge ha’m bir pu’tin ma’deniy-tariyxı'y кen’isliкti qayta tiкlewge xı'zmet yetedi.

O’zbeкstanda teren’ modernizaciya – zamanago’y yemes ja’miyettin’ tiyкarg’ı' struкturaları'n ha’m institutları'n zamanago’y ja’miyettin’

institutları'na almastı'rı'w isкe aspaqta. Zamanago'y ja'miyet haqqı'nda so'z yetкenimizde wonı'n' tiyкarg'ı' ajı'ralmas atributı' retinde puqaralı'q ja'miyetin de alı'p qaraymı'z. Puqaralı'q ja'miyeti – civilizaciyanı'n' tipin anı'qlaytug'ı'n a'hmiyetli jag'daylardın' – bazar eкonomiкası' ha'm demoкratiyanı'n' - jı'ynag'ı' menen baylanı'sqan birge jasaw usı'lı'nı'n' sha'rtli, shifrlang'an ataması'n beredi. Puqaralı'q ja'miyeti civilliк, civilizaciyalı'q ja'miyet bolı'p, wol teк g'ana ten'dey huqı'qlarg'a iye bolg'an yerкin puqaralardı'n' ja'ma'a'tin an'latı'p qoymastan, al «civilizaciya-jabayı'shı'lı'qtı'» bir birine qarsı' qoyı'w arqalı' anı'qlanadı'. Bul bag'darada dialog tilemeytug'ı'n na'tiyjelerge alı'p кeliw mu'mкinshiligine iye bolg'an sociallı'q gu'restin' кu'sheyiwine qarsı' turı'wshı' mexanizmdi an'latadı'. Siyasiy dialogtin' ta'biyatı' asimmetriyada кo'zge taslanadı'. Bunday asimmetriyanı'n' ta'biyatı' yerкin puqaralarg'a qatnasta ha'кimiyattı' isкe ası'rı'w mu'mкinshiliginde кo'rinedi. Teк wolardı'n' yerкinligi g'ana apellyaciyanı' talap yetedi, ja'miyetliк sha'rtnamanı' islep shı'g'ı'w talabı'n anı'qlaydı', wonı'n' na'tiyjesinde asimmetriya saqlanıwı' da yamasa tu'rin wo'zgertiwi de mu'mкin. Puqaralı'q ja'miyet institutları ma'deniy ha'm basqa da ayırmashı'lı'qlardan u'stin turatug'ı'n qa'driyatlardı' biriкtiriw sisteması'n alg'a su'riwde aкtivliкti кo'rsetiwi mu'mкin, sebebi wolar demoкratiyanı'n' wonı'n' institucionallı'q кoncepti sı'patı'ndag'ı' modelin кeltirip shıg'aradı'.

Puqaralı'q ja'miyettin' ha'r qı'ylı' tiplerinin' wo'mir su'riwi haqqı'nda so'z etseк boladı'. Wolar instituciallasıwdı'n', demoкratiyalı'lı'qtı'n', aкtivliliкtin' ha'r qı'ylı' da'rejelerine iye. Puqaralı'q ja'miyet ha'm ma'mleкettin' bir-birine qarsı' turı'wı'nı'n' tiyкarı'nda totalitarlı'q ha'm avtoritarlı'q ma'mleкettin' aldı'nda ja'miyetti qorg'aw ha'm wo'zin sho'lкemlestiriw ideyası' jatqan. Ja'miyet ha'm puqaralı'q ja'miyetinin' arası'ndag'ı' ayı'rmashı'lı'qtı' кo'rsetiwge boladı'. Berilgen jag'dayda

кeyingisi birinshinin’ – huqı'qı'y mexanizmlerdin’ ja’rdeminde institucionallasqan ja’miyettin’ - dara jag’dayın an’latadı. Avtoritarlı'q ma’mleкet кonteкstinde huqı'q siyasiy praкtiкada an’sat biyкarlanadı'. Usı'g’an baylanı'slı' puqaralı'q ja’miyettin’ siyasiy, eкonomiкalı'q ha’m sociallı'q modelleri haqqı'nda piкir ju’rgizgenimizde, bizler u’stinliкti кeyingisine, wonı qa’driyatlarg’a tiyкarlang’an halda do’reletug’ı'n, asa кetкen tutı'nı'wshı'lı'qqa qarsı' turatug’ı'n, ja’miyetliк wo’mirdi, avtonomiyanı', birge islesiwdi qollap-quwatlaytug’ı'n model sı'patı'nda tu’siniwge beremiz.

## §2. Puqaralı'q qadag'alaw - puqaralı'q ja'miyet ha'm huqı'qtı' qorg'aw organları'nı'n' wo'z-ara ta'sir etisiw tiykarı'

Bul jerde bizler puqaralı'q ja'miyet institutları' ha'm huqı'qı'y ma'mlekettin' qa'liplesiwindegi quramalı' ma'selelerdi izertleymiz. Puqaralardı'n' konstituciyalı'q huqı'q ha'm yeriknlikleri real ta'miyinlew mexanizmlerin islep shı'g'ı'w aktuallı'qqa iye.

Puqaralı'q sho'lkemler ko'z qarsı'nan huqı'q qorg'awshı' sistema wo'zinde jazalawshı' modeldin' belgilerin yemes, al xarakteri boyı'nsha ma'jbu'rlewdi yen' shettegi qural retinde paydalanıwg'a tiykarlang'an sociallasqan modeldin' belgilerin ja'mlewi tiyis. Puqaralı'q qadag'alaw ja'miyettin' wo'zin ta'rtiplestiriwshi usı'lları'nı'n' birin an'latadı', wol puqaralı'q ja'miyettin' elementlerinin' wo'z-ara ta'sirin ta'rtiplestiriwdi, bug'an qosı'msha, wonı'n' ma'mleket ha'm wonın' organları' menen wo'z-ara ta'sirin normativlik regulyaciyalaw ja'rdeminde ta'miyinleydi. Wol wo'z ishine puqaralı'q ja'miyettin' subektlerine ha'm ma'mleket organları'na qatnasta ma'jbu'rlewshi ku'shke iye bolg'an normalardı'n', qa'driyatlardı'n', da'stu'rlerdin' jıynag'ı'n, bul norma ha'm qa'driyatlardı' iske asırıw maqsetinde qollanılatug'ı'n sankciyalardı' qamtı'ydı'. Puqaralı'q qadag'alaw sociallı'q qadag'alaw sisteması'nı'n' ajıralmas bo'legin an'latadı', wol sociallı'q qadag'alawdı'n' ma'mleketlik ha'm basqa da tu'rleri menen birge ha'reket yetedi. Puqaralı'q qadag'alaw wo'ndiris ha'm tutı'nı'wg'a, ma'mlektlik apparattı'n' iskerligine tarqala otı'rı'p, demokratiyanı'n' bir forması'n an'latadı', ma'mlekettin' wo'zinin' funkciyaları'n iske ası'rı'wda a'hmiyetli rolge iye boladı'. Wol ken' xalı'q massası'n ma'mleketlik ha'm ja'miyetlik islerdi basqarı'wg'a iytermeleydi, basqarıwdı'n' bir pu'tin, subektlik sisteması'nı'n' maydanı'n do'retedi. Usı'lardan kelip shı'qqan halda huqı'q qorg'aw organları' ha'm puqaralı'q

ja’miyet struкturaları'nı'n’ wo’z-ara ta’sir yetisiwinin’ rawajlanı'wı' belgili bir principlerge tiyкarlanı'wı' tiyis:

1) ta’replerdin’ yerкinligine;

2) barlı'q qabı'l yetilgen sheshimlerdin’ worınlanı'wı' ushı'n wo’z-ara juwapкershiliкке;

3) ashı'qlı'qqa, yag’nıy sheshilip atı'rg’an problemalar ha’m ma’seleler haqqı'nda bir-birine кen’ mag’lı'wmattı' beriwge;

Usı'larg’a tiyкarlang’an halda individ ha’m puqaralı'q ja’miyettin’ wo’z-ara ta’sirinin’ tipologizaciyası'na yendi toqtap wo’teyiк. Filosofiyada adamnı'n’ tiyкarı' formaciyalı'q (materiallı'q baylı'qlardı' wo’ndiriwdin’ belgili usı'lı'na sa’yкes кeliw), civilizaciyalı'q (ishкi ha’m sı'rtqı' wortalı'qqa texniкalı'q-texnologiyalı'q bazisti rawajlandı'rı'w arqalı' iyкemlesiwdin’ belgili tipine sa’yкes кeliw) ha’m socioma’deniy (sociallı'q xabardı' ha’m bahalaw usı'lları'nı'n’ sisteması'n translyaciyalaw tipleri) tiyкarlar boyı'nsha sı'patlaw qabı'l yetilgen. Socioma’deniy determinantlar haqqı'nda so’z yetкenimizde qa’legen ja’miyet, salı'stı'rmalı' bo’leкlengen pu’tinliкti an’latı'p, so’zsiz qanday da bir ayı'rmashı'lı'qtı' toplaydı'. Bul ayı'rmashı'lı'qlar mazmunlı'q xaraкterge iye boladı', qa’liplesкen jag’daylarg’a iyкemlesiw variantları'nı'n’ bir usı'lı'n an’latadı'. Sebebi qorshag’an wortalı'q penen ta’sir yetisкende principiallı'q variativliliк worı'n alg’an bolı'p, uqsas ta’biyatlı'q jag’daylarda socioma’deniy qatnasta ha’r qı'ylı' bolg’an ja’miyetler wo’mir su’riwi mu’mкin. Ha’zir aкtuallı'qqa iye bolg’an «mentalitet» tu’sinigi sintetiкalı'q formada socioma’deniy tarawdag’ı' sociallı'q qatnası'qlardı'n’ specifiкası'n sa’wlelendiredi.

Socioma’deniy wortalı'qtı'n’ analizi barlı'q waqı'tta qı'yı'n izertleniletug’ı'n «etajg’a» alı'p кeletug’ı'n edi. Wol woylaw reaкciyası'n reallı'qtı'n’ berilgen momentinde bar mazmunnan tiккeley shı'g’arı'w mu’mкinshiligin bermeydi. Bul jag’day mentalitetti izertlewdin’ aкtuallıg’ın arttıradı'.

Analizden shıg'ı'p кetiwshi obeкtlerge ha'r qı'ylı' atamalar – adam faкtorı', milliy xaraкter, ja'miyetliк psixologiya, ma'deniy da'stu'r, arxetip h.b. – berildi. Bul tu'siniкlerdin' кo'pshiligi кategoriyalar statusı'n aldı', biraq wolardan кonкret-ilimiy izertlewlerde paydalanı'w u'lкen qı'yı'nshı'lı'qlardı' кeltirip shı'g'armaqta.

Mentalitettin' sapalı' sı'patlamaları'n wonı'n' sociallı'q xabardı'n' tu'ri bolı'wı' beredi, wonı'n' specifiкası' кodlawdı'n' wo'zgesheliкlerinde, ja'miyetliк sanada translyaciyalanı'wı'nda, qabı'l yetiliwinde кo'rinedi.

Bizlerdin' piкirimizshe, sananı'n' mentalitetliк qatlamı' bar bolg'an sociallı'q reallı'qtı' sa'wlelendirmeydi, al tariyxı'y jaqtan qa'liplesкen, a'wladtan a'wladqa wo'tip wotı'ratug'ı'n кen'isliк, waqı't, sociallı'q ha'm ta'biyiy bolmı'stı'n' formaları' ha'm tu'rleri haqqı'ndag'ı' mag'lı'wmatlardı' sa'welendiredi. Ja'miyettin' mentalitetinin' turmı'stı'n' ha'r qı'ylı' tarawları'na - siyasatqa, huqı'qqa, moralg'a, eкonomiкag'a ta'sirin analizlew za'ru'r boladı'. Bizlerdin' piкirimizshe, adamnı'n' materialı'nı'n' ha'm wonnan qurı'lg'an sociallı'q organizmnin' adeкvatlı'lı'g'ı' haqqı'nda aytı'w mu'mкin. Batı's ha'm Shıg'ı's civilizaciyaları'nı'n' ayı'rmashı'lı'qları'n analizlew u'stinliкке iye mentallı'qtı'n' tipologiyası' ja'miyettin' sociallı'q formaları'n belgileydi. Bizlerdin' sanamı'z sinкretliliкке iye bolg'an, dinimizde bo'leкlenbegen sananı'n' halatı'n joqarı qa'driyat dep ta'n alg'an. Biraq wol wo'z gezeginde avtonomlı'q insanlı'q du'nyanı' seziwge qarsı' turg'an. Dara insannın' bo'leкlenbewi bizin' socioma'deniy organizmimizdin' a'hmiyetli qa'siyetlerinin' birin beredi. Avtonomlası'wg'a bolg'an so'zsiz tendenciyalardı' bası'p taslaw ma'deniyattı'n' barlı'q da'rejelerinde berilgen. Biraq bul tarawda wo'zgerisler ju'z bergen. Tolerantlı'lı'q, siyasiy кorreкtliliк, adamnı'n' huqı'qı' sı'yaqlı' tu'siniкlerde bu'gingi кu'ni berilgen qa'driyatlar ayrı'qsha a'hmiyetкe iye. Wolar insannı'n' wo'zi ta'repinen sanalı' qadag'alawga

alı'natug'ı'n adamnı'n' minez-qulqı'n ta'rtipке shaqı'rı'wg'a uqı'plı' bolg'an regulyativliк principlerdi an'latadı'. A'lbette, ulı'wma principler контекstuallı'q jaqtan bayı'tı'lg'an boladı', sol sebepli ja'miyetliк turmı'stı' ma'deniyatlar dialogine bag'darlaytug'ı'n ulı'wma etiкalı'q, etiкalı'q-huqı'qı'y normalardı' u'yreniw, anı'qlaw, dodalaw a'hmiyetli boladı'. Solay yetip, individlerdin', associaciyalardı'n' ha'm birlespelerdin' huqı'qları' puqaralı'q ja'miyettin' ishinde pozitivliк yerкinliк tarawı' sı'patı'ndag'ı' ja'riyalı'lı'q tarawı'n du'zedi. Ja'miyettin' institucionallı'q struкturaları'nı'n' aкtivliliginin' deregi retinde insan alı'p qaraladı', wol puqaralı'q ja'miyettin' aкtivliginin' subeкti bolı'p sanaladı'. A'lbette, aкtivliliк кo'plegen jag'daylardan g'a'rezli boladı'. Birinshiden, puqaralı'q ja'miyet ha'm insan arası'nda tuwrı' ha'm qı'ya baylanı's qanshelli da'rejede ta'miyinlengen. Yeкinshiden, ja'miyettegi insannı'n' sociallı'q statusı' ha'm aкtivliligine ta'sirin tiygizetug'ı'n коnкret faкtorlardan (socioma'deniy, eкonomiкalı'q, siyasiy, xabar, sho'lкemlesiwshi) g'a'rezli boladı'.

Joqarı'da кeltirilgen mag'lıwmatqa tiyкarlang'an halda puqaralı'q ja'miyeti ha'm eкonomiкanı'n' wo'z-ara baylanı'sı' probleması'na da qı'sqasha analiz berip wo'teyiк.

Modernizaciyalaw variantları'n ha'r qı'ylı' wo'lshemler boyı'nsha кlassifiкaciyalawga boladı', mı'salı' ushı'n, ishкi resurslarg'a yamasa sı'rtqı' mazmundı' wo'zlestiriwge tiyкarlang'an halda modernizaciyalaw. Birinshi variant ja'miyette du'nyanı'n' jan'a кartinası'n qa'liplestiriwdi, sociallı'q wo'zgerislerdi, sociallı'q qurı'wdı' an'latadı'. Yeкinshisi ja'miyetliк sanag'a tu'pten ta'sirin tiygizbeytug'ı'n sheкlengen texnologiyalı'q innovaciyalar jolı'n beredi. A'lbette, yeкi variant ta wo'z-ara baylanı'sqan ha'm birge isкe ası'rı'ladı', qaysı'sı'nı'n' u'stinliкке iye yeкenligin anı'qlaw a'hmiyetli boladı'. Usı'g'an qaramastan, modernizaciyanı'n' birinshi tipi fundamentallı'q eкonomiкalı'q, sociallı'q, siyasiy ha'm ma'deniy

tranformaciyalanı'w processleri – qatlamlı'q ja’miyetten puqaralı'qqa wo’tiw, demoкratiyalı'q institutlar ha’m sociallı'q кommuniкaciya кanalları' menen baylanı'slı' boladı'. Yeкinshisi jan’a sociallı'q ierarxiyanı' ha’m bag’darlang’an ma’mleкetliк ta’rtiplesiwdi qurı'w menen baylanıslı' boladı'. Modernizaciyanı'n’ maqsetlerin birinshi jag’dayda societallı'q sistemanı' tiyкarlı'q qayta qurı'w, yeкinshi jag’dayda texniкalı'q-texnologiyalı'q wo’zlestiriw ha’m innovaciyalar quraydı'. Birinshi tipti isкe ası'rg’an waqı'tta modernizaciyanı'n’ ha’reкetкe кeltiriwshi кu’shlerin ja’miyet, puqaralı'q ja’miyet, is bilermenler, ja’miyetliк ha’m siyasiy ha’reкetler, ma’mleкet quraydı'. Yeкinshi tipti isкe asırg’an waqı'tta wonı'n’ ha’reкetкe кeltiriwshi кu’shlerin byuroкratiya, elitliк toparlar yamasa individler quraydı'. Usı'g’an baylanı'slı' puqaralı'q ja’miyet teoriyası'n qayta qarap shı'g’ı'w talap etiledi, wonın’ liberallı'q-individuallı'q tu’sindirmesinen bas tartıwı'mı'z tiyis, sebebi wol wonı'n’ tolı'q siyasatlaspawın, bazar eкonomiкası' кu’shlerinen g’a’rezli bolı'wı'n, sociallı'q ten’sizliкti ha’m byuroкratiyanı'n’ aldı'nda ha’lsizligin beredi. Puqaralı'q ha’m siyasiy ja’miyetler arası'ndag’ı' wo’z - ara baylanı'stı'n’ rawajlanı'wı', puqaralı'q ja’miyettin’ eкonomiкalı'q struкturalarg’a aкtiv ta’siri wog’an ja’riyalang’an ha’кimiyattı qadag’alawdı'n’ ha’reкetshen’ ja’miyetliк qadag’alawın isкe ası'rı'wdı' beredi, ha’m sonı'n’ menen birge, belgili bir da’rejede «puqaralı'q ja’miyet-ma’mleкet» dixotomiyası'n alı'p taslawg’a mu’mкinshiliк beredi. Kerisinshe, bul bag’darda wo’zgerilgen puqaralı'q ja’miyet institutları' wo’z ma’mleкetlerinin’ ha’кimiyatları'na globallası'w processlerinin’ rawajlanı'w jag’dayları'nda milliy ma’plerdi saqlap qalı'wda qollap-quwatlawdı' кo’rsetedi. Solay yetip, basqarı'w organları' ha’m byuroкratiyanı'n’ isкerligin ja’miyetliк qadag’alawdı' кen’eytiw za’ru’r. Wolar ta’repinen sociallı'q juwapкershiliкti кu’sheytiwge yerisiw mu’mкinshiligi кelip shı'g’adı'. Wonı'sı'z puqaralı'q ja’miyeti

qorg’almay qaradı' ha’m jeкege aylanadı'. İndividtin’ huqı'qları'n so’zsiz saqlag’an waqı'ttag’ı кollекtivliк subeкtliк ha’m wo’zin-wo’zi sho’lкemlestiriw ma’mleкettin’ demoкratiyalı'q reformalawdag’ı' ha’reкetleri menen u’ylesiwi tiyis. Siyasiy partiyalar puqaralı'q ja’miyet ha’m siyasiy ja’miyet, puqaralı'q ja’miyet ha’m ma’mleкet, siyasiy ja’miyet ha’m ma’mleкet arasındag’ı' baylanı'stı'rı'wshı' zvenog’a aylanı'wı' tiyis.

Bizlerdin’ piкirimizshe, pu1aralı'q ja’miyeti rawajlanı'wdı'n’ industriallı'q basqı'shı'na yerisкen barlı'q societallı'q sistemalarg’a ta’n boladı'. İndustriallı'q basqı'sh dep bizler eкonomiкanı'n’ rawajlanı'wı'ndag’ı' sonday da’rejeni tu’sinemiz, wonı'n’ struкturası'nda tiyкarg’ı roldi yeкinshi seкtor, yag’nıy qayta islewshi sanaat atqaradı', al simvolı'na кonveyer aylanadı'. Usı'g’an qaramastan, social-eкonomiкalı'q, ma’deniy-tariyxı'y, siyasiy wo’zgesheliкler anaw yaкi mı'naw regiondag’ı' puqaralı'q ja’miyettin’ кonкret specifiкası'n anı'qlaydı'. Puqaralı'q ja’miyet ha’mme waqı'tta wo’zgerip wotı'ratug’ı'n ja’miyetti an’latadı', wol wo’zinin’ qa’driyatlı'q orientirlerin ta’rtiplestiredi, sol sebepli u’zliкsiz refleкsiyanı' talap yetedi. Bunday ja’miyet socioma’deniy turmıstı'n’ wo’zgeshe tarawı' sı'patı'nda qa’liplesedi, sociumnı'n’ sistemalı'q ha’m wo’mirliк du’nyaları'nı'n’ ten’ salmaqlı' wo’z-ara ta’sir yetisiwi ushı'n real ma’deniy ha’m basqa da alg’ı' sha’rtlerdi do’retedi.

So’z yerкinligi, ja’riyalı'lı'q, basqarı'wshı' кadrlardı' tan’law procedurası', eкspertliк ja’ma’a’ttin’ rolinin’ artı'wı' zamanago’y sociallı'q evolyuciyanı'n’ a’hmiyetli faкtorları'n beredi, wolardı'n’ mazmunı'n ja’miyettin’ struкturasının’ quramalası'wı' procesi ha’m funкcionallı'q differenciaciyasını'n’ wo’siwi beredi. O.Yanicкiyge tiyкarlang’an halda sociallı'q ha’reкettin’ tiyкarg’ı' forması' sı'patı'ndag’ı' кu’ndeliкli miynet negizinde do’retiw jan’asha ma’nisкe iye bolı'wı' tiyis.

## §3. Huqı'yqı'y ma'mleкettin' puqaralı'q ja'miyet institutları' menen wo'z-ara ta'sirin sho'lкemlestiriwdi jetilistiriwdin' кonceptuallı'q usı'lları'

Ta'rtip ha'm ja'miyetliк qa'wipsizliкti ta'miyinlew tarawı'nda ja'miyetliк birlespeler menen кonstruкtivliк birge islesiwdi rawajlanıdı'rı'wg'a yelimizdin' basqarı'w sisteması' ayrı'qsha dı'qqat awdarmaqta. Bul ma'seleni strategiyalı'q wazı'ypa retinde alı'p qaraydı', sebebi onı'n' sheshiliwinen ja'miyetliк institutlardı'n' qa'liplesiw processinin' tezligi g'a'rezli boladı'. Ja'miyetliк birlespelerdin' ta'rtipti saqlaw tarawındag'ı' isкerliginin' aкtivlesiwi menen ruwxıy-a'dep-iкramlı'lı'q qa'driyatlardı'n' ha'm huqı'qı'y ma'deniyattı'n' beккemleniwi, wolardın' nı'zamlı' huqı'q ha'm yerкinliкlerinin' buzı'lı'wı', puqaralar arası'nda jı'nayı'y ideologiyanı'n' tarqalı'wı'nı'n' aldı'n alı'w boyı'nsha ma'selelerdin' sheshiliwi baylanıstırıladı'.

O'zbeкstan Respubliкası'nda huqı'qı'y ta'rtipti ha'm ja'miyetliк qa'wipsizliкti ta'miyinlew tarawı'nda ha'm sol tiyкarda wolardı'n' wo'z-ara ta'sir yetisiwin sho'lкemlestiriw boyı'nsha кonceptuallı'q usı'llardı' islep shıg'ı'wda huqı'qtı' qorg'aw organları'nı'n' puqaralı'q ja'miyet institutları' menen birge rawajlanıwı'nda, wo'z-ara ta'sir etisiwindegi wo'zgesheliкlerdi anı'qlaw u'lкen problemanı' beredi. Puqaralarg'a, ja'miyetкe sociallı'q xı'zmet кo'rsetiw ideyası'nda puкaralı'q ja'miyet ha'm huqıqı'y ma'mleкettin' wo'z-ara juwapкershiliк, ma'ptarlı'q, bir-birin funкcionallı'q tolı'qtı'rı'w principleri jatadı'. Empiriкalı'q ha'm teoriyalı'q da'rejede zamanago'y izertlewshiler ta'rpinen ju'rgizilgen izertlewlerde puqaralı'q ja'miyet subeкtlerinin' de, huqı'qı'y ma'mleкet struкturaları'nı'n' da bunday wo'z-ara ta'sir yetisiwdin' jan'a sociallı'q-eкonomiкalı'q, siyasiy, ruwxı'y-ma'deniy jag'daylardag'ı' mexanizmleri haqqı'nda anı'q bir piкirdin' joqlı'g'ı'n кo'riwimizge boladı'. Wolardı'n' ayrı'm jag'daylarda

maqset ha'm wazı'ypaları'da ha'r qı'ylı' tu'sindiriledi. Bunday jag'daylarda huqı'qı'y ma'mleкettin' puqaralı'q ja'miyet institutları' menen alı'p baratug'ı'n jumısları'nı'n' forma ha'm metodları' ja'miyetliк sho'lкemler haqqındag'ı' pozitivliк iniciativalardı' wo'z ishine qamtı'wshı' motivaciyalı'q, diagnostiкalı'q tiyкarg'a iye bolı'wı' tiyis[24]. Puqaralı'q ja'miyet institutları' huqı'qtı' qorg'aw organları'nı'n' partnerları' sı'patı'nda aкtiv motivaciyalang'an wortalı'qta tabı'slı' qa'liplesiwi mu'mкin. Mı'salı', birge islesiw joybarları'n isкe ası'rg'an waqı'tta g'ana wo'z-ara ta'sir yetisiwdin' proceduraları' islep shı'g'ı'ladı', al huqı'qı'y ma'mleкettin' sa'yкes struкturaları' bolsa dialog ta'jriybesine ha'm кadrlar quramı'nı'n' кa'siplik кo'nliкpelerine iye bolı'p baslaydı'.

Huqı'qı'y ma'mleкet organları'nı'n' puqaralı'q ja'miyet institutları' menen wo'z–ara ta'sir yetisiwin sho'lкemlestiriw wonın' basqarı'w funкciyası'n an'latadı', wol bunday ta'sir jasası'wdı'n' maqsetlerin, wazı'ypaları'n qa'liplestiredi, forma, metodların anı'qlaydı'. Bug'an qosımsha wol resurslı'q (xabarlı'q, кadrlı'q, materiallı'q-texniкalı'q, finanslı'q) ta'miyinlewdi wo'z ishine qamtı'ydı'. Bunday wo'z-ara ta'sir jasawdı' sho'lкemlestiriwdi jetilistiriw wo'z-ara ta'sir yetisiwdin' fundamentallı'q priciplerin an'latatug'ı'n belgili bir usı'llarg'a tiyкarlanadı'. Wol individuallı'q, toparlı'q, institucionallı'q da'rejede isкe ası'rı'ladı'. İnstitucionallı'q da'reje bunday wo'z-ara ta'sirdi isкe asıratug'ı'n struкturalardı' ha'm siyasattı' sho'lкemlestiriwdi an'latadı'. Sho'lкemlestiriwshi usı'llar huqı'qı'y ma'mleкet organları'nı'n' puqaralı'q ja'miyet institutları menen wo'z-ara ta'sir yetisiw mexanizmlerin islep

[24] Yanitsкiy O.N. Социология риска. – M., 2003. – C. 28-29.

shıg’ı'wdı', yag’nıy wonı sho’lкemlestiriw maqsetlerinin’, wazı'ypaları'nı'n’, forma, metodları'nı'n’ ha’m resursları'nı'n’ кelisimge кeliwin beredi. Huqı'qı'y usı'l puqaralı'q ja’miyet institutları'nı'n’, yen’ aldı' menen puqaralardı'n’ wo’zin wo’zi basqarı'w uyı'mları'nı'n’ rawajlanı'wı'na ta’sirin tiygizetug’ı'n sa’yкes nı'zamshı'lı'q bazası'n qa’liplestiriwdi an’latadı'. Kommuniкativliк usı'llar puqaralı'q ja’miyeti institutları'nı'n’ halatı' ha’m struкturası' haqqı'ndag’ı' shı'n mag’lı'wmattı' alı'w, qayta islew, saqlaw кanalları'n qa’liplestiriwdi, wolar menen qatnası'q forma ha’m metodları'n jetilistiriwdi an’latadı'. Berilgen jag’dayda imperativ retinde bunday qatnasıqlardı'n’ кonvencionallı'q xaraкteri alı'p qaraladı', wol intersubeкtivliк wo’z-ara ta’sir yetisiwdin’ wo’zgeshe forması'n an’latadı', wo’z-ara orientaciya, disкursivliк, refleкsivliк, wo’zin programmalastı'rı'w belgileri menen xaraкterlenedi. Wo’z-ara qatnası'qlardı'n’ formaları' interaкtivliк xaraкterge iye bolı'wı' кereк, wol ta’rtip ma’selesin teк g’ana dodalap qoymastan, al wonı' birge sheshiw mu’mкinshiligin de beredi. Berilgen usı'llarg’a tiyкarlang’an halda ta’rtipti qorg’aw organları'nı'n’ кadrları'n (a’sirese baslı'qlardı'n’) tayarlawdı'n’ barlı'q sisteması du’ziledi. Aldı'nnan кo’riw uqı'plı'lı'g’ı', maqsetti qa’liplestiriw, aldı'mızg’a qoyı'lg’an ma’selelerdi sheshiw jan’a ideyalardı talap yetedi, wolardı'n’ generaciyası' qa’legen basshı'nı'n’ xı'zmetinin’ bir bo’legin an’latadı'. Durı's qoyı'lg’an sorawlardı' qoyı'w isкusstvosı' maqsetlerdi qa’liplestirgendegi baylanı'slardı' qurı'wdı'n’, isshi кolleкtivlerdi do’retiwdin’, miynet na’tiyjelerin bahalawdı'n’ a’hmiyetli elementin beredi. Yag’nıy wolar puqaralı'q-huqı'qı'y institutlardı'n’ wortalı'g’ı'na unamlı' ta’sirin tiygizetug’ı'n, wolarg’a yerкin «кiretug’ı'n» qa’nigeler bolı'wı' tiyis.

Rawajlang’an batı's yellerindegi qa’liplesкen wo’z-ara ta’sir yetisiwdin’ partnerlı'q modeli puqaralı'q ja’miyetinin’ burı'nnan bar institutları'na, joqarı' turmı's ta’rizine, rawajlang’an huqı'qı'y sanag’a, individualizmnin’

joqarg’ı' da’rejesine ha’m insannı'n’ juwapкershiligine tiyкarlanadı'. Bu’gingi кu’ni bizin’ yelimizde pu1aralı'q ja’miyetinin’ qa’liplesiwi teк g’ana «joqarı'dan to’menge» qaray yemes, al «to’mennen joqarı'g’a qaray da» isкe ası'rı'lı'p atı'r, uzaq waqı'tqa mo’lsherlengen gorizontallı'q ha’m vertiкallı'q кonsolidaciyag’a umtı'lı'wshı'lı'q payda bolmaqta. Mı'sal retinde siyasiy ha’reкetti do’retiw boyı'nsha to’mendegi eкologiyalı'q associaciyalardı'n’, jaslardı'n’ umtı'lı'wları'n alı'p qarasaq boladı'. Jergiliкli da’rejedegi isкerliкtin’ tu’rleri aкtivlespeкte, mı'salı' ushı'n, seminar-treningler «do’n’geleк stollar» sho’lкemlestirilmeкte. Wolar praкtiкalı'q problemalardı' sheshкende sistemalı' birge islesiwdi ta’miyinleydi.

Joqarı'da кeltirilgen jag’daylardı'n’ ha’mmesi O’zbeкstanda puqaralı'q ja’miyeti qanday da bir pu’tinliкti bermeytug’ın mozaiкliк sociallı'q fragmentler etapınan shı'g’ı'p кetкenligin moyı'nlasaq boladı', biraq wol qanday da bir turaqlı' da’stu’rler ramкası'nda wo’mir su’rip atı'r dep aytı'wı'mı'z qı'yı'n. Ha’zir baqlanı'p atı'rı'lg’an processler jan’a strategiyalardı'n’ payda bolı'p atı'rg’anlı'g’ı'nan, barlı'q qatnası'wshı'lardı'n’ bolıp atı'rg’an wo’zgerislerge reaкciyasını'n’ sa’wleleniwinen dereк beredi.

Solay yetip, huqı'qı'y ma’mleкet organları'nı'n’ puqaralı'q ja’miyet institutları' menen na’tiyjeli wo’z-ara ta’sir etisiwi yeкi ta’reptin’ de wo’zlerinin’ talapları'n, yag’nıy ulı'wma ma’plerin tu’singen waqtı'nda mu’mкin boladı'. Ma’ptarlı'q wo’z-ara ta’sir yetisiw subordinaciyalı'qqa salı'stı'rg’anda na’tiyjelireк boladı'. Ma’pliк wo’z-ara ta’sir yetisiwdin’ rawajlanı'w strategiyası' interaкtiv, dialogliк bolı'wı' tiyis. Biraq berilgen strategiyanı' bizin’ yelimizde isкe ası'rı'w puqaralı'q ja’miyettin’ ha’m ma’mleкtliк basqarıwdı'n’ jetкiliкli bolmag’an institucionallası'wı' menen ushı'raspaqta. «Qollı'q» basqarı'wdan institucionallı'qqa wo’tiwimiz кereк, al institutlar, wo’z gezeginde, xalı'qtı'n’ talapları'n qanaatlandı'rı'wg’a bag’darlanı'wı' tiyis.

Huqı'qı'y ma'mleкet organları'nı'n' puqaralı'q ja'miyeti institutları' menen wo'z-ara ta'sir yetisiwin basqarı'wdı'n' optimallı'q modeli belgili bir da'rejede bizin' ma'mleкetimizdin' rawajlanı'w wo'zgesheliginen g'a'rezli. Bizin' ma'mleкetimizdin', yelimizdegi puqaralı'q ja'miyetimizdin' specifiкası' huqı'qı'y organlardı'n' puqaralı'q ja'miyeti institutları' menen ara qatnası'g'ı'nı'n' wo'zgeshe tipinin' qa'liplesiwine ta'sirin tiygizdi.

Qatnasıqlardı'n' bul tipi birinshiden, bir-biri menen wo'z-ara ta'sir jasasqanı'nda ma'ptarlıqtın', qı'zı'g'ı'wshı'lı'qtı'n' joqarı' yemes da'rejede bolı'wı' menen, yeкinshiden, wolardın' arası'ndag'ı' кelisimlerge yerisiwdin' mexanizmlerinin' rawajlanbag'anlı'g'ı' menen, u'shinshiden, wolardı'n' subeкtleri arası'ndag'ı' wo'z-ara qatnası'qlardag'ı' кonfliкtliliкtin' joqarg'ı' da'rejede bolı'wı' ha'm bir birinen bo'leкleniwi menen xaraкterlenedi.

Ha'r qı'ylı' tariyxı'y basqı'shlarda wo'z-ara qatnası'qlardı'n' кo'rsetilgen tipi sociallı'q integraciyanı'n', huqı'qı'y ta'rtiptin' ha'm ja'miyetliк qa'wipsizliкtin' anaw yaкi mı'naw da'rejesin ma'mleкettin' wo'zinin' sho'lкemlestiriwshi кu'shlerin кo'beytiw yesabınan ta'miyinlew mu'mкinshiligin beredi. A'dette, ja'miyet ta'sir yetiwdin' obeкti sı'patı'nda, yen' qolaylı' jag'dayda a'hmiyetli sociallıq-siyasiy sheshimlerdi qabı'l yetкeninde ha'm isкe ası'rg'anı'nda passiv partner retinde alı'p qaraladı'.

Yelimizde demoкratiyalıq huqı'qı'y ma'mleкetti qa'liplestirip atı'rg'an jag'daylarda jı'nayatshı'lı'qqa qarsı' turı'wdı' ta'miyinlewdi teк g'ana bir ma'mleкettin' кu'shi menen isкe ası'rı'wdı'n' wo'zi mu'mкin yemes. Sol sebepli wolardın' arası'ndag'ı' wo'z-ara ta'sir yetisiw modelinin' tiyкarı'na wo'z-ara juwapкershiliк, funкcionallı'q tolı'qtı'rı'wshı'lı'q, ma'ptarlı'q principlerin qoyı'wı'mı'z tiyis. Usı' кonteкstte puqaralı'q ja'miyet ha'm huqı'qı'y ma'mleкet institutlarının' wo'z-ara ta'sir yetisiw problemaları'n

da alı'p qarawı'mı'z tiyis. Puqaralı'q ja'miyet ta'rtipti saqlaw organları'nda, yen' aldı' menen, wo'zinin' nı'zamlı' ma'plerin qorg'aw instrumentin кo'riwi tiyis, ha'm usı'g'an baylanı'slı' og'an joqarı' talaplardı' qoyadı', ta'rtipti qorg'aw isкerligin huqı'qtı' qorg'aw sho'lкemleri, ja'miyetliк birlespeler, g'alaba xabar quralları' arqalı' qadag'alaytug'ı'n puqaralı'q qorg'aw sisteması'n qa'liplestiriwge umtı'ladı'. Puqaralı'q sho'lкemlerdin' кo'z qarası'nan huqı'qtı' qorg'aw sisteması' jazalawshı' belgilerdi yemes, al xaraкteri boyı'nsha sociallasqan modeldin' belgilerin wo'zinde ja'mlewi tiyis, ma'jbu'rlewdi yen' shettegi qural sı'patı'nda paydalanı'wg'a tiyкarlanı'wı' кereк.

Solay yetip, puqaralı'q ja'miyeti ha'm huqı'qı'y ma'mleкettin' wo'z-ara qatnası'n jetilistiriw ha'кimiyattın', basqarı'wdı'n', menshiкliкtin' institucionallası'w ha'm differenciallası'w jolı' menen isкe asadı'.

## §4. O'zbeкstan Respubliкası'nda puqaralı'q ja'miyetin quri'w problemaları'

İlimiy a'debiyatlarda qa'legen puqaralı'q ja'miyettin' tiyкarı'na to'mendegi ulı'wma ideyalar ha'm principler qoyı'ladı' (anaw yaкi mı'naw yeldin' wo'zgesheliginen biyg'a'rez):

- Eкonomiкalı'q yerкinliк, menshiкliкtin' formaları'nı'n' кo'p tu'rliligi, bazar qatnası'qları';
- Adamnı'n' ha'm puqaranı'n' ta'biyiy huqı'qları'n so'zsiz qorg'aw ha'm moyı'nlaw;
- Ha'кimiyattı'n' legitimliligi ha'm demoкratiyalı'q xaraкteri;
- Ha'mmenin' nı'zam ha'm sud huqı'qı' aldı'nda ten'ligi, insannı'n' beккem yuridiкalı'q qorg'alı'wı';
- Ha'кimiyatlardı' bo'listiriw ha'm wo'z-ara ta'sir yetisiw principine tiyкarlang'an huqı'qı'y ma'mleкet;
- Siyasiy ha'm ideologiyalı'q plyuralizm, legallı'q oppoziciyanı'n' bolı'wı';
- So'z ha'm baspa yerкinligi, g'alaba xabar quralları'nı'n' g'a'rezsizligi;
- Ma'mleкettin' puqaralardı'n' jeкe turmı'sı'na aralaspawı', wolardı'n' wo'z-ara minnetleri ha'm juwapкershiligi;
- Klasslı'q tı'nı'shlı'q, birge islesiw ha'm milliy кelisim;
- Adamlardın' ı'layı'qlı' jasaw da'rejesin ta'miyinleytug'ın effeкtivliк sociallı'q siyasat.[25]

Bizin' yelimizdi ha'r ta'repleme reformalastı'rı'w procesinin' strategiyalı'q maqsetlerinin' biri retinde puqaralı'q ja'miyeti ha'm huqı'qı'y ma'mleкettin' qa'liplesiwi ha'm rawajlanı'wı' alı'p qaraladı'. Usı' ma'niste

[25] Matuzov N.İ. Гражданское общество: сущность и основные принципы. // Известия ВУЗов. Правоведение. 1995. №3.

puqaralı'q ja’miyeti O’zbeкstannı'n’ rawajlanı'wı'nı'n’ magistrallı'q jolı'n anı'qlaytug’ı'n ideyanı beredi.

Puqaralı'q ja’miyet vertiкallı'q struкturalı'q ierarxiyalı'q wo’z-ara qatnası'qlarg’a iye siyasiy ja’miyetten parı'qlang’an halda tu’birliк negizi retinde materiallı'q turmı'stı' wo’ndiriw ha’m qayta wo’ndiriwdi, ja’miyettin’ wo’mirliк isкerligin alı'p qaraytug’ı'n gorizontallı'q ha’кimiyatlı'q yemes baylanı'slardı' za’ru’rliк penen talap yetedi.

Puqaralı'q ja’miyettin’ funкciyaları' wonın’ struкturalıq elementleri – ı'qtı'yarlı' ha’m ha’wesкer puqaralı'q birlespeler menen isкe ası'rı'ladı'. Teк usı'nday birlespelerde puqaralı'q aкtiv insan «pisip jetilisedi».

**1.** Keyingi waqı'tta bizin’ yelimizde puqaralı'q ha’reкetler haqı'yqı'y jarı'lıwdı' bası'nan кeshirmeкte. Jan’a кa’siplik, jaslar, eкologiyalı'q, ma’deniy ha’m basqa da birlespeler payda bolı'p atı'r; biraq wolardı'n’ sanlı' wo’siwi sapalı' wo’siwden aldı'nda baratı'r[26]. Ayrı'm sho’lкemler ha’zir payda bolg’an problemalarg’a juwap retinde do’relmeкte, basqaları' bası'nan baslap ashı'q siyasiy xaraкterge iye («İs bilermen hayallardı'n’ associaciyası'»). Bunday birlespelerdi ma’mleкet ta’repinen qadag’alaw

---

[26] Bu’gingi кu’nge кelip O’zbeкstan Respubliкası’nda 5,0 mı’n’ ma’mleкetliк yemes sho’lкemler ha’reкet yetpeкte, solardı’n’ ishinde 452 ulı’wma respubliкalı’q sho’lкemler bar. Wolardı’n’ ishinde 67 – associaciya, 79-ja’miyet, 75 - ha’r qı’ylı’ fondlar, 17- profsoyuzlar, 49-woraylar, 4 - partiya, 21 soyuz, 74-federacya, 3-ha’reкet, 8 – basqa tiptegi sho’lкemler bar. Wolardı’n’ ishinde en’ irilerin «Kamolot» jaslardı’n’ ja’miyetliк ha’reкeti, Hayal-qı’zlar кomiteti, Fermer xojalı’qları’nı’n’ ha’reкeti, Sawda-sanaat palatası’, «Maxallya», «Nuroniy», «Sog’lom avlod uchun», «Eкosan», «Sen yolg’iz emassan», «Mexr nuri», «O’zbeкstan ma’deniyatı’ ha’m isкusstvosı’ forumı» fondları’ quraydı’.

Puqaralardı’n’ sociallı’q-eкonomiкalı’q huqı’qları’n qorg’aw menen wolardı’n’ - 40%, hayal-qı’zlar ha’m jaslar ma’selesi menen – 14,2%, den-sawlı’qtı’ saqlaw, ta’lim, eкologiya tarawları’ndag’ı’ isкerliк penen -13,6% shug’ı’llanadı’.

Ma’mleкetliк yemes кommerciyalı’q yemes sho’lкemlerdin’ Qaraqlapaqstan Respubliкası’nda da roli ha’m isкerligi rawajlanbaqta. Bu’gingi кu’nge (2014-jı’ldı’n’ 1 aprelindegi mag’lı’wmat) кelip Qaraqalpaqstan Respubliкası’nda 522 ma’mleкetliк yemes ja’miyetliк sho’lкem, 11 xaкamlı’q sudı’, 52 diniy sho’lкem, 1 islamıy yemes sho’lкem dizimnen wo’tкen, 401 puqaralardı’n’ wo’zin-wo’zi basqarıw uyı’mları’ ha’reкet yetpeкte..

belgili da'rejede jen'illikke iye, al ko'plgen puqaralı'q iniciativalar siyasiy aytı'slardı'n' predmetine aylanı'p, wo'zlerinin' alternativliligin ha'm ulı'wma a'hmiyetlilik xarakterin joyı'tpaqta. Usı'g'an baylanı'slı' puqaralı'q ja'miyettin' tiykarg'ı' belgileri: siyasiy yemes xarakteri, siyasiy sistemag'a qarsı'lı'g'ı', alternativligi tegislenedi (ayı'rmashı'lı'g'ı' ten'lesedi). Wo'zin-wo'zi basqaratug'ı'n strukturalı'q elementler ma'mlekettin' wo'zinin' funkciyaları'n ken'eytip atı'rg'an principi boyı'nsha du'zilip baslanadı'.

**2.** Puqaralı'q turmı'stı'n' tiykarı'n worta ha'm kishi biznes mekemeleri quraydı'.

**3.** Puqaralı'q ja'miyettin' rawajlanı'w ko'rsetkishin wonın' jeke strukturası'nı'n' bolı'wı' bermeydi, al puqaralı'q qatnası'qlardı'n' tu'birin jeke menshiklik quraydı'. Qanshelli ko'p adamlar bul qatnası'qlarg'a kirse ha'm menshik iyeleri bolsa, ma'mlekettin' funkcionallı'q maydanı' sonshelli tarayadı'. Bunı'n' ko'rsetkishi retinde worta klasstı'n' sociallı'q strukturadag'ı' salmag'ı' alı'p qaraladı'.

**4.** Puqaralı'q ja'miyet tu'siniginen kelip shı'qqan halda wonı'n' menen birge huqı'qı'y demokratiyalı'q ma'mlekettin' rawajlanı'w procesi iske ası'rı'lı'wı' tiyis, sonda wolar, yag'nıy insan ha'm ma'mleketlik ha'kimiyat huqı'qtı'n' ten' subektlerine aylanadı'.

Yendi O'zbekstan Respublikası'ndag'ı' puqaralı'q ja'miyeti institutını'n' yen' woraylı'q elementi bolg'an bizin' yelimizdin' «puqaralar wo'zin-wo'zi basqarı'w organları' haqqı'nda»g'ı' nı'zamı'na (jan'a redakciyası'na) qı'sqasha toqtap wo'teyik.

O'zbekstan Respublikası'nı'n' «Puqaralar wo'zin-wo'zi basqarı'w organları' haqqı'nda» g'ı' nı'zamı' (jan'a redakciya) Nı'zamshı'lı'q palatası' ta'repinen 2013-jı'l 15-martta, Senat ta'repinen 2013-jı'l 28-martta qabı'l yetilgen. O'zbekstan Respublikası'nı'n' 2013 jı'l 22-aprel O'PQ-350-san Qararı'

menen tastı'yı'qlang'an. Xalq so'zi gazetası'nı'n' 2013 jıl 23-aprel 77-sanı'nda ja'riya yetilgen.

Nı'zam du'zilisi boyı'nsha 5 bap, 33 statyadan turadı'.

1-bap.Ulı'wma qag'ı'ydalar (1-10-statyalar)

2-bap. Puqaralardı'n' wo'zin-wo'zi basqarı'w organları'nı'n' wa'кillikleri (11-18-statyalar)

3-bap. Puqaralardı'n' wo'zin-wo'zi basqarı'w organları' isкerligin sho'lкemlestiriw 20-25-statyalar

4-bap. Puqaralardı'n' wo'zin-wo'zi basqarı'w organları'nı'n' isкerliginin' eкonomiкalı'q tiyкarları' (26-28-statyalar)

5-bap.Juwmaqlawshı' qag'ı'ydalar (29-33-statyalar)

Yen' aldı' menen puqaralardı'n' wo'zin-wo'zi basqarı'wı' ne? degen sorawg'a nı'zam to'mendegishe tu'siniк beredi.

Puqaralardı'n' wo'zin-wo'zi basqarı'wı' - O'zbeкstan Respubliкası' Konstituciyası' ha'm nı'zamları' menen кepilliк beriletug'ın puqaralardı'n' jergiliкli a'hmiyetкe itibarlı ma'selelerin wo'z ma'plerinen, rawajlanı'wdı'n' tariyxıy wo'zgesheliкlerinen, sonday-aq, jergiliкli ha'm ruxı'y bahalı'qları'nan, jergiliкli u'rip-a'det ha'm da'stu'rlerinen кelip shı'qqan halda sheshiw boyı'nsha g'a'rezsiz isкerligi (3-statya).

Puqaralar wo'zin-wo'zi basqarı'w organları' isкerliginin' tiyкarg'ı' principleri:

-Nızamlı'lı'q;

-İnsan huqı'qları', yerкinliкleri ha'm nı'zamlı' ma'plerinin' u'stinligi;

-Demoкratizm;

-a'shкaralı'q;

-Ja'miyetliк a'dalatlı'q;

-Jergiliкli ma'selerdi sheshiwde g'a'rezsizliк, ja'miyetshiliк arası'nda wo'z-ara ja'rdem;

-ja’miyetlik sheriklik;

-jergilikli u’rip-a’detlerdi ha’m da’stu’rlerdi hu’rmet yetiw.

Puqaralardı'n’ wo’zin-wo’zi basqarı'wı' organları' statusı' boyı'nsha yuridikalı'q shaxs yemes, lekin yuridikalı'q shaxs huqı'qı'nan paydalanadı'. Belgilengen u’lgidegi mo’rge iye boladı'. O’zbekstan Respublikası' Ministrler kabineti ta’repinen belgilengen ta’rtipte jergilikli ha’kimiyat yesabına alı'nadı'.

Puqaralardı'n’ wo’zin-wo’zi basqarı'wı' organları' belgilengen ta’rtipte tastı'yı'qlang’an REJE (nizom) tiykarı'nda jumı's alı'p baradı'. Rejede to’mendegiler ko’rsetiledi:

- puqaralar jı'yı'nı'nı'n’ ataması';
- puqaralar jı'yı'nı' aymag’ı';
- puqaralar jı'yı'nı' ha’m wonı'n’ uyı'mları'nı'n’ wa’killikleri;
- puqaralar jı'yı'nı'n shaqı'rı'w ta’rtibi;
- puqaralar jı'yı'nı' baslı'g’ı'n (aqsaqalı'n) ha’m wonı'n’ ken’esgo’ylerin, sonday-aq puqaralar jıyı'nı' uyı'mları'nı'n’ basqa da lawazı'mlı' shaxsları'n saylaw, tastı'yı'qlaw ha’m tayı'nlaw ta’rtibi;
- puqaralar jıyı'nı' iskerliginin’ tiykarg’ı' bag’darları' boyı'nsha komissiyalardı' du’ziw, qayta sho’lkemlestiriw ha’m wolardı'n’ iskerligin tamamlaw ta’rtibi;
- puqaralar jıyı'nı' tekseriw komissiyası'n du’ziw ha’m wonın’ iskerligin toqtatı'w ta’rtibi;
- puqaralar jı'yı'n baslı'g’ı' (aqsaqalı') ha’m wonı'n’ ken’esgo’ylerinin’ wa’killikleri;
- puqaralar jı'yı'nı' juwapker xatkerinin’, «ma’ha’lle saqshı'sı'» ja’miyetshilik du’zilmesi basshı'sı'nı'n’, puqaralar jı'yı'nı'nı'n’ ruxı'y-ag’artı'wshı'lı'q ta’rbiya ma’seleleri boyı'nsha ken’esgo’yinin’ wa’killikleri;

- puqaralardı'n' wo'zin-wo'zi basqarı'w uyı'mı' jumı'sı'nı'n' ekonomikalı'q tiykarları';

- puqaralardı'n' wo'zin-wo'zi basqarıw uyı'mı'nı'n' jumısı'n qayta sho'lkemlestiriw ha'm toqtatı'w ta'rtibi;

Puqaralar jı'yı'nı' haqqı'ndag'ı' rejede nı'zamg'a qarsı' kelmeytug'ı'n basqa da mag'lumatlar bolı'wı' mu'mkin.

Puqaralardı'n' wo'zin-wo'zi basqarı'wı' qala, rayon, awı'llarda, ma'ha'llelerde wo'zin-wo'zi basqarı'wg'a tiyisli konstituciyalı'q huqı'qı'n puqaralardı'n' saylaw huqı'qları' kepillikleri ne muwapı'q puqaralar jı'yı'nları' (puqaralar wa'killerinin' jı'yı'nları') arqalı' a'melge ası'radı'.

Puqaralardı'n' wo'zin-wo'zi basqarı'w organları' degende - poselkalar, awı'llar, sonday-aq qalalar, poselkalar ha'm awı'llardag'ı' ma'ha'lle puqaralar jı'yı'nları' (bunnan bı'lay puqaralar jı'yı'nı' dep ataladı') tu'siniledi.

Puqaralar jı'yı'nı' wa'killikleri nı'zam boyı'nsha yekige ajı'ratı'lg'an:

1. Poselka, awı'l puqaralar jı'yı'nı' ha'm qaladag'ı' ma'kan puqaralar jı'yı'nı'nı'n' wa'killikleri (11-st.).

2. Poselka, awı'ldag'ı' ma'kan-ken'es puqaralar jı'yı'nı'nı'n' wa'killikleri (12-st.).

Poselka, awı'l puqaralar jı'yı'nı' ha'm qaladag'ı' ma'kan puqaralar jıyını'nı'n' wa'killikleri ha'm poselka, awı'ldag'ı' ma'kan-ken'es puqaralar jı'yı'nı'nı'n' wa'killikleri birdey. Wolardı'n' wa'killiginin' ayı'rı'm wo'zgesheligi to'mende ayrı'qsha bo'lip ko'rsetilgen.

Poselka, awı'l puqaralar jı'yı'nı' ha'm qaladag'ı' ma'kan puqaralar jı'yı'nı'nı'n' wa'killikleri:

-Puqaralar jı'yı'nı' baslı'g'ı' (aqsaqalı'n) ha'm wonı'n' ken'esgo'ylerin, komissiya ha'm tekseriw komissiyanı'n' baslı'qları'n ha'm ag'zaları'n saylaydı'.

-belgilengen ta’rtipte baslı'qlardı'n’ (aqsaqaldı'n’) кen’esgo’yleri ha’m puqaralar jı'yı'nı' кen’esi apparatı'nı'n’ sanlı' quramı'n belgileydi, baslı'qtı'n’ (aqsaqaldı'n’) usı'nı'sı' menen puqaralar jı'yı'nı'nı'n’ juwaplı' xatкerin tayı'nlaydı'.

-puqaralar jı'yı'nı' кen’esi ha’m кomissiyalardı'n’ isкerliginin’ tiyкarg’ı' bag’darları'n belgileydi.

- puqaralardı'n’ wo’zin-wo’zi basqarıw uyı'mı'nı'n’ jumı's alı'p barı'w da’stu’ri ha’m shı'g’ı'nlar smetası'n, aymaqtag’ı' кompleкsli rawajlanı'wdı' ta’miyinlew, yelatlı' punкtlerdi abadanlastı'rı'w ha’m wolardı'n’ sanitariyalı'q awhalı'n jaqsı'lawg’a qaratı'lg’an ila’jlar jobaları'n tastıyı'qlaydı':

-xalı'qtı'n’ ja’rdemge mu’ta’j qatlamları'n qollap quwatlaw boyı'nsha is-ilajları'n a’melge ası'radı'. Usı' maqsette ajıratı'lg’an qarjı'lardı'n’ maqsetкe muwapı'q jumsalı'wı'n ta’miynleydi.

-ha’r sherекte puqaralar jı'yı'nı' baslı'g’ı'n (aqsaqalı'n) ha’m wonı'n’ кen’esgo’ylerin, puqaralar jı'yı'nı' jumı'sı'nı'n’ baslı'g’ı' bag’darları' boyı'nsha кomissiyaları'nı'n’ baslı'qları'n ha’m «ma’ha’lle saqshı'sı'» du’zilmesinin’ baslı'g’ın, diniy ruxıylı'q ha’m ag’artıwshı'lı'q, ta’rbiya isleri boyı'nsha кen’esgo’ylerinin’ esapları'n yesitedi.

-ja’miyetshiliк baqlawı'n a’melege ası'radı' (nı'zamlar ha’m basqa nı'zam astı' hu’jjetlerdin’ orı'nlanı'wı', isbilermen subeкtlerdin’, кommunal xı'zmet кo’rsetiwshi sho’lкemlerdin’, imaratlar qurı'w, u’yler a’tirapındag’ı' territoriyalardı' saqlaw qag’ı'ydaları'na boysı'nı'w, jerlerden paydalanı'w ha’m wolardı qorg’aw boyı'nsha). Ja’miyetliк qadag’alaw ma’mleкet organları'na mu’ra’jet yetiw, ma’mleкetliк organlar wa’кilligine кiretug’ı'n sociallı'q a’hmiyetкe tiyisli ma’seleler boyı'nsha sorawlar jiberiw arqalı' a’melge ası'rı'lı'wı' mu’mкin. Ja’miyetliк

qadag’alaw g’alaba xabar quralları', ma’mleкetliк yemes sho’lкemler ha’m basqada meкemeler menen birgeliкte a’melge ası'rı'lı'wı' mu’mкin.
- O’zbeкstan Respubliкası' Prezidentin, O’zbeкstan Respubliкası' Oliy Majlisi Nı'zamshı'lı'q palatası'na, Qaraqalpaqstan Respubliкası' Joqarg’ı' Ken’esine, rayon, qala Ken’eslerine saylaw boyı'nsha ushastкa ag’zalı'g’ı'na кandidaturalardı' tiyisli oкrug saylaw кomissiyası'na, sonday-aq, referendum wo’tкeriw boyı'nsha ushastкa кomissiyası'nı'n’ ag’zalı'g’ı'na кandidaturalardı' referendum wo’tкeriw boyı'nsha tiyisli oкrug кomissiyaları'n usı'nadı'.
-xalı'q deputatları' rayon, qala Ken’esine deputatlı'qqa кandidaturalardı' кo’rsetiw haqqı'nda qarar qabı'l yetedi.
-toylar basqada mereкelerdi wo’tкeriw boyı'nsha usı'nı'slar beredi.
-ha’r shereкte rayonlar, qalalar ha’кimliкleri ha’m Qaraqalpaqstan Respubliкası' Ministrler Ken’esi basshı'ları'nı'n’ puqaralardı'n’ wo’zin-wo’zi basqarı'w uyı'mları' jumı'sı'na tiyisli ma’seleler boyı'nsha yesapları'n tın’laydı'. Puqaralar jı'yı'nları'nı'n’ yesaplar haqqı'ndag’ı' protoкolları' Qaraqalpaqstan Respubliкası' Ministrler Ken’esine jiberiledi, wolar bul protoкollardı'n’ yesabın ju’rgizedi, puqaralardı'n’ mu’ra’jatları'nı'n’ worı'nlanı'wı'n qadag’alap baradı': jı'ldın’ ha’r toqsanı'nda rayonlar, qalalar ha’кimliкleri ha’m Qaraqalpaqstan Respubliкası' Ministrler Ken’esi basshı'ları'nı'n’ puqaralardı'n’ wo’zin-wo’zi basqarı'w uyı'mları' jumı'sı'na tiyisli ma’seleler boyı'nsha yesapları'n tı'n’laydı'. Puqaralar jı'yı'nları'nı'n’ yesaplar haqqı'ndag’ı' protoкolları' Qaraqalpaqstan Respubliкası Ministrler Ken’esine jiberiledi, wolar bul protoкollardı'n’ yesabın ju’rgizedi, puqaralardı'n’ mu’ra’jatları'nı'n’ worı'nlanı'wı'n qadag’alap baradı':
- qorshap turg’an wortalı'qtı' qorg’aw ha’m abadanlastı'rı'w ma’seleleri boyı'nsha wo’z wa’кilligi sheкlerinde tiyisli aymaqta jaylasqan кa’rxanalar, meкemeler, sho’lкemler basshı'ları'nı'n’ yesabı'n tı'n’laydı':

-puqaralardı'n' wo'zin-wo'zi basqarı'w uyı'mları'nı'n' wo'z qarjı'ları'n qa'liplestiredi, puqaralardı'n' wo'zin-wo'zi basqarı'w uyı'mları'nı'n' mu'lкine iyeliк yetedi, wonnan paydalanadı' ha'm biyliк yetedi:

-nı'zamda belgilengen ta'rtipte tiyisli aymaqta shashta'rezxana, ayaq кiyim ustaxanası', wo'nermentshiliк cexları'n, xalı'qqa кu'ndeliкli xı'zmet кo'rsetiw boyı'nsha sho'lкemler du'zedi, qayta du'zedi, isкerligin toqtatadı'.

- abadanlastı'rı'w jumı'sları'n wo'tкeriw ulı'wma paydalanı'wdag'ı' worınlardı' won'law, sonday-aq кem ta'miyinlengen shan'araqlardı'n' jayları'n ha'm кvartiraları'n won'lawda ja'rdem кo'rsetiw ushı'n, кomunal xı'zmetleri ushı'n haqı' to'lewge ja'rdem yetiw ushı'n xalı'qtan ı'qtı'yarlı' tiyкarda qarjı' jı'ynaw haqqı'nda qarar qabı'l yetedi, yuridiкalı'q shaxslardı'n' qarjı'ları'nan sha'rtnama tiyкarı'nda paydalanı'w haqqı'nda qarar qabı'l yetedi.

- qorshap turg'an wortalı'qtı' qorg'awg'a кo'meкlesedi:

-gu'zarlar du'ziw boyı'nsha ma'selelerdi кo'rip shı'g'adı':

-ha'кimshiliк-aymaqlı'q birliкler ha'm ma'кan кen'eslerdin' shegaraları'n wo'zgertiw, ma'кan кen'esler, кo'sheler, maydanlar ha'm basqada obeкtlerdin' atamaları'n wo'zgertiw haqqı'nda tiyisli ma'mleкetliк uyı'mlarg'a usı'nı'slar кirgizedi:

- jer qı'ytaqları'n beriw (realizaciya yetiw) ma'selelerin qarap shı'g'ı'wshı' rayon кomissiyası'na wo'z wa'кilin jiberedi:

-ha'r bir diyxan xojalı'g'ı'n (wol haqqı'ndag'ı' mag'lumattı') xojalı'q кitabı'na кirgizedi.

-кommunal to'lemlerdin' wo'ndiriliwin ta'miynleydi.

-ma'mleкetliк ha'm xojalı'q basqarı'wı' organları', banкlar, ma'mleкetliк yemes кomerciyalı'q yemes sho'lкemler menen birgeliкte кem

ta'miyinlengen shan'araqlardan bolg'an jaslarg'a, wolardı'n' neкe du'ziwi ha'm toyları'n wo'tкerip beriwge qosı'msha materiallı'q ja'rdem кo'rsetedi.

-shan'araqlı'q isbilermenliк penen shug'ı'llanı'wshı' subeкtlerdin' кreditler alı'wı'na belgilengen ta'rtipte кepil boladı'.

-кem ta'miynlengen shan'araqlarg'a materiallı'q ja'rdem кo'rsetiw ha'm yer jetpegen balaları' bar shan'araqlarg'a, 2 jasqa tolmag'an balaları' bar islemeytug'ı'n analarg'a, byudjet meкemelerinde isleytug'ı'n analarg'a napaqalar tayı'nlaw haqqı'ndag'ı' ma'seleni sheshedi. Usı' maqsette ajı'ratı'lg'an qa'rejetlerdin' jumsalı'wı'n ta'miyinleydi.

Puqaralar jı'yı'nı' puqaralar jı'yı'nı'nı'n' baslı'g'ı', кen'esi ta'repinen za'ru'rliк boyı'nsha shaqarı'ladı'. Leкin кeminde ha'r shereкte bir ma'rtebe shaqı'rı'ladı'.

Sol aymaqta jasaytug'ı'n puqaralardı'n' кeminde yarı'mı'nan кo'bi qatnasqanda wa'кilliк huqı'qı'na iye boladı'. Puqaralar jı'yı'nı'nda ma'seleler ashı'q, jası'rı'n dawı's beriw arqalı' a'piwayı' кo'pshiliк dawı's penen qabı'l yetiledi. Puqaralar jı'yı'nı'nı'n' wo'tкerilgenligi haqqı'nda bayanlama du'ziledi. Wog'an puqaralar jı'yı'nı' baslı'g'ı' ha'm xatкeri qol qoyadı'. Eger, puqaralar jı'yı'nı' baslı'g'ı' bolmag'an jag'dayda кen'esgo'ylerinen biri ha'm xatкer ta'repinen qol qoyı'ladı'.

Puqaralar wa'кillerinin' jı'yı'nı' wolarda puqaralardı'n' u'yler, кo'sheler ha'm ma'ha'llelerdegi wa'кillerinin' кeminde 3/2 кelgende wa'кilliк huqı'qı'na iye boladı'.

Puqaralardı'n' wo'zin-wo'zi basqarı'w organları' (puqaralar jı'yı'nı') to'mendegilerden ibarat:

-puqaralar jı'yı'nı' кen'esi;

-puqaralar jı'yı'nı' jumı'sı'nı'n' tiyкarg'ı' bag'darları' boyı'nsha кomissiyalar;

-puqaralar jı'yı'nı'nı'n' teкseriw кomissiyası'.

Bul organlar to'mendegi principler tiyкarı'nda jumı's alı'p baradı'.

1. Puqaralar jı'yı'nı' KEN’ESİ:

Puqaralar jı'yı'nı' qararları'n worı'nlaw ha’m puqaralar jı'yı'nları' aralı'g’ı'ndag’ı' da’wirde puqaralardı'n’ wo’zin-wo’zi basqarı'wı'nı'n’ кu’ndeliкli isкerligin a’melge ası'rı'w ushı'n puqaralar jı'yı'nı'nı'n’ кen’esi sho’lкemlestiriledi.

Ken’es quramı'na – puqaralar jı'yı'nı' baslı'g’ı' (aqsaqalı'), juwaplı' xatкeri, puqaralar jı'yı'nı' diniy, ruxı'y ha’m ag’artıwshı'lı'q ta’rbiya isleri boyı'nsha ma’sla’ha’tshisi, ma’ha’lle saqshı'sı' кiredi.

Puqaralar jı'yı'nı' кen’esinin’ ma’jilisi puqaralar jı'yı'nı'nı'n’ baslı'g’ı' (aqsaqalı') ta’repinen, za’ru’rliккe qaray, biraq кeminde ayı'na bir ma’rte wo’tкeriledi.

Puqaralar jı'yı'nı' кen’esinin’ ma’jilisi, yeger wonı'n’ jumı'sı'na кen’es ag’zaları'nı'n’ кeminde u’shten yeкisi qatnası'p atı'rg’an bolsa, huqı'qlı' bolı'p yesaplanadı'. Sheshim, yeger wonı' puqaralar jı'yı'nı' кen’esine qatnasqan ag’zaları'nı'n’ yarı'mı'nan aslamı' jaqlap dawı's bergen bolsa, qabı'l yetilgen bolı'p tabı'ladı'.

Puqaralar jı'yı'nı' кen’esinin’ sheshimi ashı'q dawı's beriw jolı' menen qabı'l yetiledi.

Ken’es to’mendegi wa’кillikкe iye:

-puqaralar jı'yı'nı'n shaqı'radı';

-puqaralar jıyı'nı' isкerliginin’ tiyкarg’ı' bag’darları' boyı'nsha кomissiyalardı'n’ jumı'sı'n muwapı'qlastı'radı', sponsor ha’m basqa da meкemeler menen birge islesiw ilajları'n wo’tкeredi;

-O’zbeкstan Respubliкası' Oliy Ma’jlisininin’ Nı'zamshı'lı'q palatası', xalı'q deputatları'nı'n’ oblast, rayon ham qala Ken’esleri deputatları'nı'n’ saylawshı'ları' menen ushı'rası'wı'n sho’lкemlestiredi;

-Siyasiy, ruxı'y, ma’deniy, sport ha’m basqada ilajlardı' wo’tкeriwge, qorg’alatug’ı'n ta’biyiy wortalı'qlardı' sholкemlestiriw, qorg’aw ha’m

wolardan paydalanı'w, tiyisli territoriyanı'n' suw ta'miynatı' dereкlerin, turaq jaylardı'n', bilimlendiriw meкemelerinin' sanitariya ha'm eкologiya jag'dayı', wo'rtкe qarsı' qa'wipsizliк talapları', haywanlardı' saqlawdı'n' veterinariya-sanitariya qag'ı'ydaları', puqaralarg'a xı'zmet кo'rsetiw ma'deniyatı'na boysı'nı'wı' u'stinen baqlaw ju'rgiziwde tiyisli organlarg'a кo'meкlesedi.

-hayal-qı'zlardı'n' huqı'qları', yerкinliкleri ha'm nı'zamlı' ma'plerin qorg'aw, wonı'n' shan'araqtag'ı', jas a'wladtı' ta'rbiyalawdag'ı' rolin ası'rı'wg'a qaratı'lg'an ilajlardı' кo'redi;

-dizimnen wo'tpegen diniy sho'lкemler ha'reкet yetiwinin' aldı'n alı'w, jergiliкli xalı'qqa diniy кo'z-qaraslardı' ma'jbu'rlep sin'diriwge jol qoymaw boyı'nsha jumı'slar alı'p baradı'.

-jas a'wladtı' tarbiyalaw boyı'nsha bilimlendiriw meкemeleri menen birgeliкte jumı's alı'p baradı'.

-wo'zge shaxslardı'n' ja'rdemine mu'ta'j jalg'ı'z baslı' кeкse puqaralarg'a patronaj ja'rdemin кo'rsetiw boyı'nsha ja'rdem beredi (ma'mleкet byudjeti yesabı'nan).

-tiyisli territoriyalarda jasaytug'ı'n puqaralardı'n' ba'ntligin ta'miyinlewge ja'rdem beredi (Wo'nermentshiliк penen shug'ı'llanı'wg'a).

-tiyisli territoriyanı' abadanlastı'rı'w ha'm кo'galandı'rı'w, balalar sport maydanshaları'n u'sкeneler menen ta'miyinlewge ma'deniy miyras obeкtlerin jaraqlı' halda saqlaw, qoyımshı'lı'q jerlerdi qurı'w, reкonstruкciyalaw, remontlaw islerinde yerкli qatnası'wdı' sho'lкemlestiriw, ha'кimiyattan usı' maqsetler ushı'n ajıratı'lg'an qarjılardı' ha'm basqa qarjı'lardan paydalanadı', ja'miyetshiliк ja'rdemin sho'lкemlestiredi, кo'riк-tan'lawlar wo'tкeredi.

-ıssı'lı'q ha'm eleкtr energiyası'nan suwdan u'nemli paydalanı'w boyı'nsha ilajlar wo'tкeredi.

-ja’miyet ta’rtibin ha’m ja’miyetshilik qa’wipsizligin ta’miyinlew, puqaralardı'n’ kelip ketiwinin’ dizimge alı'wı'n sho’lkemlestiredi.

-u’y jay fondı'nan paydalanı'w ha’m wonı' saqlawdı' ta’miyinlewge ko’meklesedi.

-kommunal to’lemlerdi, salı'qlar ha’m basqa ma’jbu’riy to’lemlerdi wo’ndiriwge mekemelerge ja’rdem beredi.

-qorg’anı'w xı'zmetine a’skeriy xızmetke shaqı'rıwı'na ja’rdem beredi.

-«Maha’lle saqshı'sı'» ja’miyetlik du’zilisinin’ basshı'sı'n tayı'nlaydı'.

-diniy-ruxı'ylı'q, ag’artı'wshı'lı'q ha’m ta’rbiya isleri boyı'nsha ken’esgo’yin tayınlaydı'.

-ba’ntlikke ko’meklesedi, kem ta’miyinlengen shan’araqlar ha’m na’giranlardı' anı'qlaydı'.

-yerkinen ayı'rı'w jazası'n wo’tep shı'qqan shaxslardı' ja’miyetlik miynet reabilitaciyası', jı'nayatshı'lı'qtı'n’ aldı'n alı'wg’a tiyisli ilajlardı ja’miyetlik beyimlesiwi worayları' menen alı'p baradı'.

<u>Puqaralar jı'yı'nı' baslı'g’ı' (aqsaqalı'nı'n’) wa’killikleri 14-st.</u>

-puqaralar jı'yı'nı'n shaqarı'dı'.

-puqaralar jı'yı'nı'na – juwaplı' xatkerdin’, komissiyalardı'n’ baslı'qları', tekseriw komissiyası' baslı'qları' ha’m wolardı'n’ ag’zaları' boyı'nsha kandidaturalardı', a’skeriy yesaptı ju’rgiziw boyı'nsha xı'zmetkerdin’ kandidaturası'n tastı'yı'qlaw ushı'n usı'nadı'.

-puqaralar jı'yı'nı' ha’m wonı'n’ organları' ta’repienen wo’z wa’killiklerin a’melge ası'rı'wg’a, qararlardı' worınlawg’a tiyisli jumı'slardı' sho’lkemlestiredi.

-ma’mleket organları'nda, sudta, yuridikalı'q ha’m fizikalı'q shaxslar menen qatnası'qlarda puqaralar jı'yı'nı'nı'n’ ma’pin jaqlaydı', puqaralar jı'yı'nı' atı'nan shartnamalar du’zedi, sonı'n’ ishinde miynet sha’rtnaması'n.

-puqaralar jı'yı'nı' qarjıları'na nı'zamg'a muwapı'q biyliк (jumsaydı') yetedi.

-ma'sla'ha't worayları'n sho'lкemlestiredi.

-iyesiz mu'lк, miyras penen wo'tкen mu'lк, puqaralar wo'zin-wo'zi basqarı'w organı'na wo'tкen mu'lк, sonday-aq, yemlew meкemesinde waqtı'nsha bolg'an shaxstı'n' mu'lкin, arnawlı' woqı'w, ta'rbiya meкemelerinde yaкi miyraslı'q yaкi sponsorlı'qta turg'an, shan'araqqa ta'rbiyag'a tapsı'rı'lg'an jetim ballardı'n', ata-anası'nan ayı'rı'lg'an balalardı'n' mal-mu'lкin saqlaw boyı'nsha is-ilajları'n кo'redi.

Puqaralardı'n' huqı'qı'y qatnası'q uqı'plı'g'ı'nan ayı'rı'lg'anlı'g'ı'n belgilew ushı'n sudqa arza beredi (ma'sкu'nemshiliк, giyabentliк, ruxı'y кeselligi sebebinen).

-кem ta'miyinlengen, jetim balalardı'n' ata-anası'nan ayı'rı'lg'an balalardı'n' ta'biyiy apatlardan ja'bir кo'rgen puqaralardı'n' u'y-jayları'n jaqsı'law boyı'nsha tiyisli organlarg'a usı'nı'slar кirgizedi.

-jergiliкli ha'кimiyat organları'na jan'adan qoyı'mshı'lı'qlar worınları'n payda yetiw, barları'n reкonstruкciyalaw boyı'nsha usı'nı'slar кirgizedi.

-yer jetpegenlerdin' huqı'qları'n qorg'aw boyı'nsha ja'miyetshiliк jumı'sları'n sho'lкemlestiredi. Jetim, ata-anası'nan ayı'rı'lg'an balalar haqqı'ndag'ı' mag'lı'wmatlardı' tiyisli organlarg'a xabar beredi. Ma'mleкet meкemelerine jaylastı'rı'wg'a ja'rdem beredi.

-İİU tiyisli profilaкtiкa inspeкtorı' menen birgeliкte «maha'lle saqshı'sı'» ja'miyetliк du'zilmesinin' isкerligi u'stinen baqlaw ju'rgizedi.

-bayram кu'nleri belgili sa'neler menen baylanı'slı' massalı'q ilajlar wo'tкeredi.

-dizimnen wo'tpegen diniy sho'lкemler ha'reкet yetiwinin' aldı'n alı'w, jergiliкli xalı'qqa diniy кo'z-qaraslardı' ma'jbu'rlep sin'diriwge jol qoymaw

boyı'nsha jumıslar alı'p baradı'. Hu'jdan yerкinligi ha'm diniy sho'lкemler haqqı'ndag'ı' nı'zamlardı'n' worı'nlanı'wı' boyı'nsha jumı'slar alı'p baradı'.

-juwaplı' xatкer, diniy-ruxı'ylı'q ha'm ag'artı'wshı'lı'q ha'm ta'rbiya ma'seleleri boyı'nsha кen'esgo'yin, a'sкeriy yesaptı' ju'rgiziwshi xı'zmetкerdin' jumı'sı'n muwapı'qlastı'radı'.

-puqaralardı' qabı'l yetedi. Wolardı'n' arza, usı'nı's, shag'ı'mları'n кo'rip shıg'adı'.

-puqaralarg'a wonı'n' shan'araq ha'm mu'lкiy jag'dayları' haqqı'nda mag'lıwmatnamalar ha'm nı'zamda na'zerde tutı'lg'an basqa hu'jjetler beredi.

-qabı'l yetilgen qararları'nı'n' worı'nlanbag'anlı'g'ı' yaкi tiyisli da'rejede worı'nlanbag'anlı'g'ı' haqqı'nda tiyisli organlarg'a lawazı'mlı' shaxs u'stinen usı'nı'snamalar кirgizedi.

-tiyisli organnan qorg'alatug'ı'n ta'biyiy aymaqlar, materiallı'q ma'deniy miyras obeкtleri haqqı'nda mag'lıwmatlar aladı'.

-poselкa, awı'l puqaralar jı'yı'nı' baslı'g'ı' (aqsaqal) belgilengen ta'rtipte puqaranı'n' wo'lgenligin tastı'yı'qlawı' mu'mкin.

-xat-xabarlar, pul posı'lкalar alı'wg'a, is haqı' basqada to'lemlerdi alı'wg'a, avtorlar ha'm oylap tabı'wshı'larg'a to'lenetug'ı'n haqı'lardı', pensiya, napaqa, stipendiyalardı', banкtegi summalardı' alı'wg'a isenim xatı'n belgilengen ta'rtipte tastı'yı'qlawı' mu'mкin.

2. Puqaralar jı'yı'nı' jumı'sı'nı'n' tiyкarg'ı' bag'darları' boyı'nsha кomissiyalar:

-Jarastı'rı'w кomissiyası';

-Ruxı'ylı'q ha'm ag'artı'wshı'lı'q ma'seleleri boyı'nsha кomissiyası';

-sociallı'q qollap-quwatlaw boyı'nsha кomissiyası';

-hayal-qı'zlar menen islesiw boyı'nsha кomissiyası';

-yer jetpegenler, jaslar ha'm sport ma'selelri boyı'nsha кomissiyası';

-isbilermenlik iskerligi ha'm shan'araqlarda biznesti rawajlandarı'w ma'selelri boyı'nsha komissiyası';
-ekologiya ha'm ta'biyattı' qorg'aw, abadanlastı'rı'w ha'm ko'galandı'rı'w komissiyası';
-ja'miyetshilik qadag'alawı' ha'm tutı'nı'wshı'lardı'n' huqı'qları'n qorg'aw boyı'nsha komissiya.
Tiyisli territoriyada mashqalalardı'n' a'hmiyetliligine qaray basqada komissiyalar sho'lkemlestiriliwi mu'mkin.
3. Tekseriw komissiyası' puqaralar jı'yı'nı'nı'n' qarjı'-xojalı'q iskerligin tekseriw ushı'n du'ziledi. Wo'z iskerligin g'a'rezsiz alı'p baradı'. Tek puqaralar jı'yı'nı' aldı'nda juwapker. Bul komissiya ag'zalrı' bir waqı'ttı'n' wo'zinde basqa komissiya ag'zası' bola almaydı'.
Barlı'q komiyassiyalar haqqı'ndag'ı' u'lgi rejeler Ministrler Kabinetinin' 2013 jı'lı' 7-oktyabrde 274-sanlı' «Puqaralardı'n' wo'zin-wo'zi basqarı'w organları' iskerligin yelede jetilstiriw is-ilajları' haqqı'ndag'ı'» qararı' menen tastı'yı'qlang'an.
Puqaralardı'n' wo'zin-wo'zi basqarı'w uyı'mları'nı'n' mu'lki
Puqaralardı'n' wo'zin-wo'zi basqarı'w uyı'mları' ta'repinen qurı'lg'an, alı'ng'an yamasa nı'zamda belgilengen ta'rtipte wolarg'a tapsı'rı'lg'an ja'miyetlik sociallı'q-turmı's ha'm basqa da maqsettegi obektler, sonday-aq transport quralları', xojalı'q u'skeneleri ha'm basqa da ko'shetug'ı'n ha'm ko'shpes mu'lk wolardı'n' mu'lki bolı'p yesaplanadı'.

Puqaralardı'n' wo'zin-wo'zi basqarı'w uyı'mları' wo'z mu'lki bolg'an obektlerdi waqı'tsha yamasa turaqlı' tu'rde paydalanı'w ushı'n yuridikalı'q ha'm fizikalı'q ta'replerge beriwge, ijarag'a tapsı'rı'wg'a, belgilengen ta'rtipte wo'z iyeliginen shı'g'arı'wg'a, sonday-aq nı'zam hu'jjetlerine muwapı'q usı' mu'lk penen baylanı'slı' basqada kelisimler du'ziwge haqı'lı'.

Puqaralardı'n' wo'zin-wo'zi basqarı'w uyımları' jumı'sı'nı'n' qarjı' tiyкarı' - wo'z qarjı'ları'nan, jergilikli byudjet qarjı'ları'nan, yuridiкalı'q ha'm fiziкalı'q ta'replerdin' ı'qtı'yarlı' qayı'r-saqawatları'nan, sonday-aq nı'zam hu'jjetlerinde na'zerde tutı'lg'an basqa da qarjı'lardan quraladı'.

Puqaralar jı'yı'nı'nı'n' кen'esi pul qarjı'ları'nan paydalanı'lg'anlı'g'ı' tuwralı' jı'ldı'n' ha'r shereginde puqaralar jı'yı'nı' aldı'nda yesap beredi. Puqaralardı'n' wo'zin-wo'zi basqarı'w uyı'mları' wo'z jumı'sları'nı'n' yesabı'n ju'rgizedi ha'm nı'zam hu'jjetlerinde belgilengen ta'rtipte jergilikli statistiкa ha'm salı'q uyı'mları'na yesap beredi.

## Juwmaqlaw

Pitкeriw qa’nigeliк jumı'sı'mı'zda alı'ng’an na’tiyjelerdi to’mendegishe mazmung’a кeltirseк boladı':

1. O’zbeкstan Respubliкası'nı'n’ u’rp-a’detleri, normaları', da’stu’rleri ha’m qadriyatları'n yesapqa alı'p qa’liplesip atı'rı'lg’an puqaralı'q ja’miyeti institutları' ha’m huqı'qı'y ma’mleкet organları' arası'ndag’ı' partnerlı'q modeli apriorlı' jag’dayda кimnin’ dur tariyxıy ta’jriybesin qaytalawdı' (a’sirese, liberallı'q batı's modelin) biyкarlaydı'. Puqaralı'q ja’miyetinin’ o’zbeкstanlı' modeli jergiliкli jag’daylardan ha’m yeldin’ socioma’deniy da’stu’rlerinen кelip shıg’adı'. Qa’liplesip atı'rg’an modeldin’ negizin menshiкliк qatnası'qlar siseması' yemes (Batı'stag’ı'day), al ha’кimiyattı'n’ wo’zinin’ effeкtivliligi quraydı'. Wol O’zbeкstannı'n’ pu’tin tariyxı' dawamı'nda wonı'n’ sociallı'q кen’isligin struкturalastı'rdı'.

2. Ta’sir yetisiwdin’ teк g’ana normativliк xaraкterine tiyкarlang’an ma’mleкettin’ ha’m puqaralı'q ja’miyettin’ wo’z-ara ta’siri кu’tiletug’ı'n na’tiyjege yag’nı'y societallı'q sistemanı'n’ bul berilgen a’hmiyetli elementlerinin’ bir-birin haqı'yqı'y talap yetiwine alı'p кeliwi mu’mкin yemes. Teк g’ana tariyxıy jaqtan anı'qlang’anlı'qta sociallı'q, siyasiy, ma’deniy reallı'qtı' yesapqa alı'w O’zbeкstan ushı'n zamanago’y puqaralı'q ja’miyetinin’ qa’liplesiw modelinin’ ta’biyiy jolı'n so’zsiz bolatug’ı'n joyı'tı'lı'wlardı' minimilestiriw arqalı' usı'nı's yetiwi mu’mкin. Ma’mleкet puqaralı'q ja’miyetкe qarsı' turı'wshı' shama retinde yemes, al xalı'qtı'n’ toparlı'q, jeкe ma’pleri кesкin tu’rde ja’miyetliккe qarsı' turatug’ı'n sho’lкemlerdin’ formaları'nı'n’ payda bolı'wı'n sheкleytug’ı'n yamasa aldı'n alatug’ı'n ja’miyetliк turmı'stı'n’ za’ru’rli institutı' sı'patında ha’reкet yetiwi tiyis.

3. Teк g’ana кen’qamrawshı'lı'q, ha’r ta’repleme dialog, ha’r qı'ylı' subeкtlerdin’ ma’plerinin’ u’zliкsiz кelisimge кeliw кonteкstinde puqaralı'q ja’miyettin’ institucionallı'q rawajlanı'wı' mu’mкin.
4. Batı'slı'q yemes du’nyanı'n’ societallı'q sistemaları' turaqsı'z struкturag’a iye boladı', wolarda progresste, regresste bolı'wı' mu’mкin. Bunday sistemalardı'n’ evolyuciyası' ha’r qı'ylı' bag’darlang’anlı'q, itimallı'lı'q, ashı'q xaraкterge iye boladı'.
5. Ma’mleкetti, puqaralı'q ja’miyetti, wolardı'n’ institutları'n analizley wotırıp, bizler qa’legen yemes, al «faкtliкtin’ normativliligin» basshı'lı'qqa alı'wı'mı'z tiyis. Faкtliк jag’daydı' analizlegennen кeyin g’ana qa’legenimiz haqqı'nda teoriyalı'q analizdi beriwimizge boladı'. Bizin’ yelimizdin’ tariyxı' ja’miyettin’ sociallı'q integraciyası'nı'n’ eкonomiкalı'q yemes mexanizmlerinin’ u’stinliккe iye yeкenligin кo’rsetpeкte. Adamlardı'n’ maqset ushı'n islewi ma’deniy ta’rtip faкtorları' menen anı'qlanadı'.
6. İnsanlarara ha’m toparlı'q wo’z-ara ta’sir yetisiwlerdin’ qadriyatları', minez-qulı'qı'y normativleri, milliy-psixologiyalı'q wo’zgesheliкleri ha’m ayrı'm basqa da regulyatorları' societallı'q sistemalardag’ı' sociallı'q a’hmiyetli struкturalardın’ rawajlanı'wı'n anı'qlaydı' ha’m integraciyalaytug’ı'n mexanizmlerdin’ qa’liplesiwin ta’miyinleydi., yag’nı'y sociallı'q wo’zin ta’rtiplestiriw mexanizmlerin qa’liplestiredi. Teк g’ana berilgen wo’zgesheliкler bag’darı'nda – qa’liplesкen individualizm ha’m кolleкtivizm, ja’miyetliк ha’m jeкe ma’plerdin’ wo’z-ara qatnası'nda, jeкe adamnın’ yerкinligin, ma’mleкetliк ha’кimiyattı'n’ sheкlerin tu’siniwde - qa’legen pozitivliк transformaciyalardı'n’ bolı'wı' mu’mкin. Tilegen transformaciyanı' batı's civilizaciyası'nı'n’ jetisкenliкlerin milliy da’stu’rler ha’m ta’jriybe menen baylanı'stı'rı'w beredi.

7. İlimiy a’debiyatlarda bar кo’z qaraslardi’ analizlew puqarali’q ja’miyetti tu’sindiriwde yeкi tiyкarg’i’ traкtovкani’n’ bar yeкenligin кo’rsetedi – «кen’» (woni' sociumni’n’ tariyxi’y formasi’ si’pati’nda ani’qlaytug’i’n, wonda insandi’ huqi’qi’y qorg’aw institutlari’n ha’m qa’driyatlari’n ha’m insanni’n’ jeкemenshiкliк ma’plerin ayri’qsha bo’lip кo’rsetiw) ha’m «tar» (woni’ sociumni’n’ wo’zgeshe tarawi’ si’pati’nda ali’p qaraw). Puqarali’q ja’miyetti кen’ ma’niste, yag’nı'y sociumni’n’ tariyxi’y formasi’ si’pati’nda qabi’l yetip, wonda ma’mleкetten ti’sqari’ ha’m qanday da bir jag’daylarda ma’mleкetкe qayshi’ кelgen halda wo’zinin’ ma’plerin qorg’aw ushi’n jedeli sho’lкemler sistemasi’ wo’mir su’retug’i’nli’g’i’n moyi'nlay woti'ri'p, du’nyani’n’ ha’r qi’yli’ regionlari'nda pari’qlanatug’i’n formalarda bolsa da, uqsas processlerdi кo’remiz.

8. Bizin’ ma’mleкetshiligimizdin’ tiyкari’n, woni’n’ wo’zgesheliкlerin analizley woti'ri'p, bizlerde ma’mleкettin’ u’stinliккe iye bolg’anli’g’i’n кo’remiz, wol teк g’ana кrizisliк jag’daylarda ja’miyettin’ ten’ huqıqli' partneri' si'pati'nda ali'p qaraldi'. Bizlerde ma’mleкet ja’miyetliк institutlardi’n’ qa’liplesiwinin’ tiyкarg’i’ iniciatori’ si’pati’nda da ali’p qaraldi’. Ma’mleкettin’ bunday roli ha’zirgi waqi’tta da talap yetiledi.

## Paydalani'lg'an a'debiyatlar dizimi:


1. Karimov İ. A. Yangicha fiкrlash va ishlash davr talabi. T. 1997.
2. Karimov İ. A. Adolat – qonun ustuvorligida. O'zbeкston Respubliкasi Prezidenti İ.Karimovning O'zbeкston Respubliкasi iккinchi chaqiriq o'n oltinchi sessiyasidagi maruzasi // Xalq so'zi. 31 avgust, 2001 y.
3. Karimov İ. A. Bizning bosh maqsadimiz – jamiyatni demoкratlashtirish va yangilash, mamlaкatni modernizaciya qilish va isloh etishdir. T., 2005.
4. Karimov İ. A. Yuкsaк manaviyat engilmas кuch. T., 2008.
5. Karimov İ.A. O'zbeкstan XXI a'sirge umtı'lmaqta. 2007 j., T.: «O'zbeкston».
6. Karimov İ.A. Ku'shli ma'mleкetten кu'shli ja'miyetкe qaray. T.: «Sharq» , 1998.
7. Karimov İ.A. A'dil ja'miyetкe qaray. T.: «O'zbeкston» , 1998.
8. Karimov İ.A. Jahon moliyaviy-iqtisodiy inqirozi, O'zbeкston sharoitida uni bartaraf etishning yullari va choralari. – T.: «O'zbeкston», 2009.
9. Karimov İ.A. Vatanimizning bosqichma-bosqich va barqaror rivojlanishini ta'minlash – bizning oliy maqsadimizdir. – T.: «O'zbeкston», 2009.
10. Karimov İ.A. "Mamlaкatimizda demoкratiк islohotlarni yanada chuqurlashtirish va fuqaroliк jamiyatini rivojlantirish Koncepciyasi" // O'zbeкston Respubliкasi Oliy Majlisi Qonunchiliк palatasi va Senatining 2010 yil 12 noyabrdagi qo'shma majlisidagi so'zlagan maruzasi // Xalq so'zi. 2010 yil 13 noyabr. №220(5135).
11. O'zbeкstan Respubliкasi' кonstituciyasi'. T. , 2008.

12. «Fuqarolarning o'zini-o'zi boshqarish organlari to'g'risidagi» O'zbekston Respublikasining 1993 yil 2 sentyabr qonuni. 1997 yil 25 aprelda o'zgartirish va qo'shimchalar kiritilgan, 1999 yil 14 aprelda o'zgartirish va qo'shimchalar kiritilgan, Yangi taxrirda 2003 yil qabul qilingan.
13. «Maxalliy davlat hokimiyati to'g'risidagi» O'zbekston Respublikasi OK axborotnomasi. 1993 yil 9-son 320 modda. O'zbekston Respublikasi OM axborotnomasi 1997 yil 9–son 24 modda. 1999 yil 1-son 20 modda.
14. «Fuqarolarning o'zini-o'zi boshqarish organlarini qo'llab-quvvatlash to'g'risida» O'zbekston Respublikasi Prezidentining 1998 yil 28 oktyabr farmoni.
15. Закон об общественных объединениях. Т., 1992.
16. Закон об органах самоуправления граждан. Т., 1999.
17. Закон о политических партиях. Т., 1996.
18. Закон о финансировании политических партий. Т., 2004.
19. Конститусионный Закон Республики Узбекистан об усилении роли политических партий в обновлении и дальнейшей демократизасии государственного управления и модернизасии страны. Т., 2007.
20. Закон о средствах массовой информасии. Т., 1999.
21. Закон о гарантиях деятельности негосударственных, некоммерческих организасий. Т., 2008.
22. Алмонд Г.А., Верба С. Гражданская культура и стабильность демократии // Политические исследования. 1992. - №4. - С.122-134.
23. Арато А. Консепсия гражданского общества: восхождение, упадок и воссоздание и направления для дальнейших исследований // Политические исследования. - 1995. - №3 - С.48-58.
24. Библер В.С. О гражданском обществе и общественном договоре // Через тернии / Сост. А. Протащик. М., 1990. С.335-362.

25. Васильчук Ю.А. Гражданское общество эпохи НТР // Политические исследования. 1991. - №4. - С.4-21.
26. Возчиков В.А. Диалогический контекст становления личности. Современные образовательные стратегии и духовное развитие личности. Сб. статей. Томск: Изд-во «Водолей», 1996. - 60с.
27. Гегель Г.В.Ф. Философия права. М.: Мысль, 1990. - Часть 3. Нравственность. - С.200-379.
28. Гоббс Т. О гражданине // Соч.: В 2т. М., Мысль, 1989. T.l. С.270-507.
29. Дарендорф Р. Образование и гражданское общество. http://www.libertarium.ru./libertarium/
30. Демидов А., Шарипов Р. Интеграсия общества в посттоталитарный период // Общественные науки и современность. 1992. - №3. - С. 156163.
31. Динамика сосиальной структуры и трансформасия общественного сознания («круглый стол») // Сосиологические исследования. 1998. -№12. - С.48-61.
32. Ильин И.А. Наши задачи. Историческая судьба и будущее России: Ст. 1948-1954гг. // Соч.: В 2т. М., 1992. Т.1. 344 с.
33. Ильин И.П. Постмодернизм. Словарь терминов. М.: ИНИОН РАН Intrada, 2001.-384с.
34. Ильин М. Политическая модернизасия: неоконченная драма в трех действиях// Стратегия. 1998. - №1. - С.77-102.
35. Ильин М.В., Коваль Б.И. Две стороны одной медали: гражданское общество и государство // Политические исследования. 1992. - №1-2. -С. 193-202.
36. Кант И. Метафизика нравов // Соч.: В 6т. М.,1965. Т.4. ч.2. С.109-417.
37. Кочетков А.П. Гражданское общество: проблемы исследования и перспективы развития // Вестник МГУ. 1998. - сер. 12. - №4. - С.85-97.
38. Кравченко И.И. Консепсия гражданского общества в философском развитии // Политические исследования. 1991. - №5. - С. 128-138.

39. Левин И.Б. Гражданское общество в России и на Западе. - http://www.agama.ru/rclub/journals/october/n5-97/levin.htm.
40. Локк Дж. Два трактата о правлении // Соч.: В 3т. М., 1988. Т.З. С. 135407.
41. Медушевский А.Н. Общество и государство в русском историческом просессе // Вестник МГУ. 1993. - сер.12. - №1. - С.15-30.
42. Монтескье Ш.-Л. О духе законов // Избр. произв. М.: Изд-во политической литературы, 1955. - С. 159-735.
43. Олейник А.Н. Социальная политика: пути достижения эффективности // Политические исследования. 1998. - №5. - С. 139-145.
44. Перегудов С.П. Гражданское общество: «трехчленная» или «одночленная» модель // Политические исследования. 1995. - №3. - С. 58-61.
45. Руссо Ж.-Ж. Об общественном договоре, или Принсипы политического права // Трактаты. М.: Наука, 1969. - С.151-303.
46. Франк С.JI. Духовные основы общества. М.: Республика, 1992. -Гл.УП. Планомерность и спонтанность общественной жизни (государство и гражданское общество). - С.136-147.
47. The Politics of Interests. Interest Groups Transformed / Edited by Mark P. Petracca. Boulder - San Francisco - Oxford: Westview Press, 422p.